

12 Janvye 2017

Victoria Márquez Mees
Direktè, MICI (Independent Consultation and Investigation Mechanism)
BID (Inter-American Development Bank)
1300 New York Avenue, N.W.
Washington, D.C. 20577
Email: mecanismo@iadb.org

Madam Márquez Mees,

Nou se manm Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè, yon kolektif ki rasanble fanmi viktim leta ayisyen te deplase sou tè nou te konn kiltive depi plizyè dizèn lane nan Chabè pou prepare enplantasyon Pak Endistriyèl Karakòl (“PEK”) nan Nòdès peyi Dayiti.¹ Nou pa te resevwa okenn avètisman, yo pa te diskite avèk nou ni yo pa te bay nou konpansasyon anvan yo te vin pran tè nou yo nan men nou. Pa te gen okenn investigasyon ki te fèt pou detèmine konsekans sa a ap gen sou lavi nou lè yo t ap chwazi kote pou PEK la enplante a. Nou kontinye ap souffri anpil konsekans tè nou yo nou pèdi a. Nou gen anpil kè kase parapò ak enpak anviwonmantal ak sosyal konstriksyon ak fonksyonman PEK la ak lòt konstriksyon ki fèt nan kad pwojè a ka gen pi devan sou lavi nou.

Bank entè-ameriken devlopman (“BID”) te finanse PEK la depi nan premye faz pwojè a epi sou de entèval regilye kontinye investi nan pwojè sa a. Lè li fè sa, BID vyole pwòp politik operasyonèl li nan sa ki gen pou wè ak Delokalizasyon envolontè (OP-710), Egalite fanm ak gason (OP-761), Respè ak pwoteksyon anviwonman (OP-703) epi Aksè pou jwenn enfòmasyon (OP-102). Nan sans sa a nou soumèt Mekanis Endepandan pou Envestigasyon ak Konsiltasyon (“MICI”) plent sa a. Premyeman n ap chache opòtinite pou rezoud pwoblèm yo ansanm ak BID, ajans ki ekzekite pwojè a ki se Inite teknik ekzekisyon (“UTE”) ki soti nan Ministè Ekonomi ak Finans (“MEF”) peyi Dayiti san twòp delè, nan kad Faz konsiltasyon MICI a.

An depi de soufrans nou viv jiska jodi a, nou kwè li rete posib pou nou jwenn konpansasyon ak reparasyon pou tout sa nou pèdi yo, nan sa ki gen pou wè ak obligasyon BID genyen, nan mete sou pye yon dyalòg konstriktif ant reprezantan pa nou, BID ak UTE. Nan kad yon evantyèl dyalòg, nou swete diskite de solisyon sa yo Kolektif la devlope nan tèt kole ak preske 210 moun, nou ap bay plis detay sou yo pi ba:

- Konpansasyon finansyèl ki jis
- Verifikasyon mekanis konpansasyon an ak plent lan
- Revizyon kritè ki define ki moun ki vilnerab epi lis moun yo
- Konpansasyon jis ki pa lajan pou pèmèt yo rejwenn mwayen pou okipe tèt yo; epi
- Sipòte fanmi viktim yo nan pwojè edikasyon yo genyen.

¹ Pou yon deskripsyon an detay sou *Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè* ak ansanm òganizasyon ki ap travay ansanm ak li, epi detay sou nimewo kontak li, *silvouplè gade nan Anèks 1*. Jan sa esplike nan Anèks 1 an, Kolektif la te mande Accountability Counsel epi ActionAid Haiti pou li reprezante li devan MICI nan pwosesis plent lan. N ap ka wè dokiman otorizasyon fòmèl la atache nan Anèks 2 a.

Anplis de sa, Kolektif la mande pou gen yon nouvo pwosesis konsiltasyon, sans fòs kote, ki ap pèmèt yo esplike moun yo danje anviwonmantal ak sosyal epi enpak sa gen pou kounya epi fasilite kominote afekte yo pwopoze solisyon nan jan pwoblèm sa yo ap gen pou jere.

Si diferan aktè yo pa tonbe dakò sou yon solisyon, nou mande pou plent lan ale nan faz Envestigasyon an. Nou pa mande pou gen konfidansyalite nan faz sa a.

Plent sa a divize an senk gran pwen:

- I. Kisa plent lan ye an gwo 2
- II. BID se yon aktyèl gwo investisè nan PEK la epi li pataje responsablite nan sa ki gen pou wè ak pwoblèm epi enpak enplantasyon PEK la genyen 7
- III. Nou te delokalize san avètisman, san bon jan verifikasyon preliminè pa fèt ni yon konpansasyon apwopriye 10
- IV. Preyokipasyon global nou sou plan anviwonmantal ak sosyal 55
- V. Tantativ nou te fè pou rezoud pwoblèm sa yo te echwe 64

I. Kisa plent lan ye an gwo

PEK la etabli sou yon sifèfisi 250 ekta tè kote pwodiksyon an destine pou ekspòtasyon, li rasanble yon seri konstriksyon administratif epi endistriyèl ansanm ak yon seri enfrastrukt ki pèmèt tretman dechè ak dlo sal, yon santral elektrik ki pwodui 10 MW kouran pou alimante PEK la. Pak la enplante sou pati tè agrikòl ki te pi fèt nan zòn nan, nan yon distans preske kat kilomèt parapò a Bè Karakòl la, yon peyizaj frajil ki konpoze de mangwòv sou tout kot la, alg maren epi yon ekosistèm ki fòm de resif koralyen ki soti depi vil Okap ayisyen pou rive Lagon Bèf epi monte rive an Repiblik dominikèn.² Rivyè Troudinò a pase nan mitan tè kote pak la enplante a.

Enplantasyon pwojè a te akselere aprè tranbleman tè 12 janvye 2010 ki te devaste Ayiti.³ José Augustin Aguerre, ki se Responsab BID nan depatman an ta sanble deklare akòz "ijans pou enplante pwojè a "yo te oblije pran de rakousi. "Si nou te dwe fè sa nan pwosesis nòmal planifikasyon, finansman epi nan fason desizyon yo ap pran yo epi aprè pou nou ta kòmanse chache kliyan aprè pou nou ta kòmanse konstriksyon yo, sa t ap pran nou 10 zan epi pak endistriyèl la pa t ap ko monte."⁴ Nan presipite pou fè pwofi nan ekspòtasyon pwodui k ap soti nan pak la, enpak anviwonmantal ak sosyal yo te neglije totalman e se kominote yo ki peye po kase a.

² Ekosistèm sa sou plan byolojik se yon resous enpòtan epi gen anpil valè pou kominote a. *Gade* seksyon A.ii pi ba a.

³ An desanm 2010, Komisyon enterimè pou rekonstriksyon Ayiti ("CIRH") te apwouve finansman pou konstriksyon Pak endistriyèl nan Nò peyi a, ki te vin pote non PEK apre yo te fin chwazi tèren Karakòl. Gade nan dokiman Henri-Claude Müller-Poitevien ki rele "Haiti's Battle to Shake off a Poor Reputation (Huffington Post, 7 Septanm 2012)

⁴ Deborah Sontag "Earthquake Relief Where Haiti Wasn't Broken" (NY Times, 5 Jiyè 2012)
<http://nyti.ms/1KUfV8T>.

Tèren kote PEK la ta pral enplante a te chwazi nan fen ane 2010 aprè yon etid fezabilite BID te finanse ki te fèt sou 18 lòt tèren potansyèl anvan lansman travay yo.⁵ Sepandan, nan evalyasyon sa pa t gen yon analiz an pwofondè ki te fèt sou plan anviwonmantal ak sosyal⁶ epi evalyasyon an gen tò lè li dekri tèren kote PEK la enplante a kòm yon "tèren ki pa t gen okenn kay ni okenn kilti entansif sou li".⁷ An reyalyte, PEK la enplante sou yon tè agrikòl fèt ki repati an de moso tè 442 peyizan ak fanmi yo te konn kiltive, sa fè an total preske 3500 moun.⁸ Aprè depasman moun yo, gen yon evalyasyon ki te fèt nan mache prese pou determine enpak anviwonmantal ak sosyal (ESIA) yo, aprè konsiltasyon piblik, rapò a revele:⁹

"...tèren ki te chwazi a se li ki te pi fèt nan tout rejyon an, menm nan sezon sechrès. Se te prensipal sous revni pou anpil nan moun ki te okipe tè a ki te fè agrikilti kòm sèl aktivite pou rantrè lajan. Tout fanmi yo te depann de moso tè pa yo a pou bay pitit yo manje, peye lekòl, swen santé epi peye dèt yo genyen...kiltirèlman gen kèk fanmi ki te okipe tè sa yo depi plizyè jenerasyon. Okipasyon yo devlope de lyen natirèl ak tè a epi de abitud sou sa ki gen pou wè ak jan yo abitye manje. Preske chak jou epi pandan tout ane a, yo rekolte fèy ak legim ki kontribye nan manje yo ap manje."

Yo delokalize fanmi nou sou tè a,¹⁰ senk jou selman apre yo fin anonse nou sa, ant 4-14 janvyè 2011, lè tè a fin apante epi klotire pou prepare konstriksyon PEK la.¹¹ Depasman sa te fèt anvan menm yo te mete sou pye yon plan relokalizasyon ("RAP") epi franchi tout lòt etap verifikasyon preliminè yo epi tout etap konsiltasyon yo jan Politik operasyonèl BID sou relokalizasyon envolonètè egzije sa.

⁵ Referans Pwojè: HA-T1074 (apwouve nan dat 13 Dawout 2009). *Gade pi lwen lis ansanm pwojè enpòtan BID yon an Anèks 3 a.*

⁶ Rapò final Koios Associates, ki rele: *Development of the Industrial Park Model to Improve Trade Opportunities for Haiti* (20 Septanm 2010), pp. v, 37, 81 <http://bit.ly/2aLI4oU> ["Koios (2010)"].

⁷ *Anlè*, pp. 55-57.

⁸ Chif BID ak UTE te bay yo te di gen 366 pou rive 442 fanmi, an mwayèn 8 moun pa fanmi: pou plis detag, *Gade seksyon III.B.iii ki pi ba a.*

⁹ Koios Associates, *Study of the Environmental and Social Impacts of the Industrial Park in the Region of Northern Haiti* (13 Me 2011), Anèks 2, p. 8 <http://bit.ly/2aLHVBU> ["ESIA"]. ESIA a nan tout endepandans li te admèt tè a te "trè fèt" (p.27), epi yo ka "konsidere tout aktivite eknomik tankou jaden ki fèt sou tè kote pwojè a ye a oswa sou kote li se aktivite ki pèmèt moun yo pran swen tèt yo...[lè yo estime] 50% pwodui sa yo vann nan mache epi peyizan yo konsome 50%" (p. 96), epi kominote a "ka trè vilnerab fas ak chanjan sosyal parapò ak lòt sa k ap soti deyò" (*Anlè*).

¹⁰ Nou itilize tèm "deplase" pou nou fè referans a depasman eknomik. Yo pa t deplase nou nan kay nou te rete, men nou te pèdi yon sous revni ak sekirite sou plan alimantè ki kapital pou nou lè nou te pèdi tè sa nou te konn kiltive a. Nou konprann lè BID itilize konsèp "deplasman" li pale tou depasman eknomik, se menm apwòch la nou itilize nan plent sa a.

¹¹ ActionAid USA *Building Back Better? The Caracol Industrial Park and post-earthquake aid to Haiti* (Janvyè 2015) <http://bit.ly/2j8b4MA> ["ActionAid (2015)"]; Gender Action *Caracol Industrial Park: Social and Gender Impacts of Year One of Haiti's newest IFI-funded Industrial Park* (2013) <http://bit.ly/2axULXQ> ["Gender Action CIP"]. RAP epi Ankèt preliminè a toude rekonèt fèmti pwovizwa tèren an. RAP a esplike: "*Pwojè a te kòmanse ofisyèlman jou ki te 4 Janvyè 2011. Jiska moman n ap pale la [Septanm 2011]: enstalasyon kloti pwovizwa pou delimitè 246 ekta tè a te finalize... (p. 14) epi depi enstalasyon fèmti pwovizwa sa a epi arive ajan sekirite sou tèren an, moun yo pa t gen menm libète pou fè monte desann sou tèren an*" (p. 24): *Plan d'action pour la compensation et le rétablissement des moyens d'existence des personnes affectées*, (Septanm 2011) <http://bit.ly/2aDnZPR> ["RAP (2011)"]. *Gade tou nan Erice AZ Ligne de base socioéconomique* (Dawout 2011), pp. 14, 18, 24-25, 39 ["Baseline"], nan Anèks 1 RAP (2011) la. Ankèt preliminè te kalkile pèt revni nou apati de Janvyè 2011: p. 39.

Konsiltan BID ak UTE aprè te vin devlope yon plan relokalizasyon (RAP) epi yon plan konpansasyon. Sepandan, nan pwosesis sa yo pa t etabli yon bon dialòg ak kominote, ni fè bon jan verifikasyon epi pwosesis la te long anpil. N ap jwenn esplikasyon sa yo nan seksyon III ki dekri pi ba a:

- Konsiltasyon ak negosyasyon yo tekòmanse fèt ak “Lidè natirèl”, yon asosyasyon konsiltan BID te chwazi nan mwa Jen 2011, se pa t nou menm ki te chwazi moun sa yo, osinon yo pa te vrèman reprezante nou menm ki te viktim. Yo pa te mete enfòmasyon ki gen rapò ak pwojè osinon plan relokalizasyon an disponib pou nou nan yon fòm kote tout moun ap konprann yo (lè y ap konsidere pousantaj moun ki konn li ak ekri a ki trè ba) osinon mete yo disponib nan lang nou ki se Kreyòl.
- Plan konpansasyon yo te prezante nou yo pa t baze sou verifikasyon preliminè kòrèk e apwopriye. Pami lòt pwoblèm, BID ak UTE: te echwe nan byen fè travay idantifikasyon kantite moun ki te delokalize yo depi nan premye faz pwojè a; epi tou nan kalkile pèt nou fè yo; epi pa rive detèmine disponiblite lòt tèren ki t ap ofri an ranplasan a tè a. Denye pwoblèm nou site a te fè BID ak UTE abandone premye akò a ki te di y ap bay lòt tèren pou ranplase sa nou pèdi yo, olye de sa yo ofri yon plan konpansasyon an lajan kach ki pa reprezante anyen preske twa zan apre yo fin deplase nou.
- BID ak UTE pa rive idantifye epi evalye gwo ris apoprivrisman parapò ak sitiyasyon chak grenn moun konbine ak karakteristik global moun yo si nou konsidere fason nou te deplase a epi kondisyon difisil kominote k ap viv andeyò epi k ap pratike agrikilti nan peyi Dayiti ap fè fas.
- BID ak UTE pa rive mennen yon bon envestigasyon epi evalyasyon pou detèmine enpak grav sa genyen sou fanm yo.
- Anpil nan viktim yo te soufri pandan anpil tan anvan yo resevwa konpansasyon an, gen anpil ki toujou ap tann 6 lane apre. Pandan peyòd sa kou lavi a pa sispann monte, pri manje, pri lwaye kay ak pri tè, sa ki fè redui nan valè konpansasyon an te genyen.

Pwoblèm sa yo, ansanm ak lòt ankò nan pwosesis la, pwouve plan konpansasyon yo te bay la ki pa sifi pou reyablite lavi peyizan yo sou plan ekonomik ak sosyal.

Jan sa esplike nan plis detay, nan seksyon III a majorite viktim yo ap viv nan kondisyon sosyal ak ekonomik ki pi mal kounya parapò ak anvan yo te deplase a epi yo ap viv nan ensekritye alimantè epi kondisyon finansyè difisil. Pandan ankèt an pwofondè nou te reyalize nan mwa Me 2016,¹² 54 sou 58 moun nou te poze kesyon rapòte yo ap viv nan sitiyasyon ekonomik enstab, ladan yo gen 48 ki oblije prete kòb regilyèman. Gen 6 ladan yo ki di yo pa gen okenn aktivite ki pèmèt yo rantre lajan.¹³

¹² Ak sipò patnè nou yo ki se ActionAid Haiti epi AREDE.

¹³ *Gade nan Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo.*

“Mwen t ap kiltive tè m nan depi 21 lane epi yo fòse m kite li pou konstriksyon pak la. Mwen te konn kiltive pwa nwa, manyòk, mayi, pistac epi fig bannann e m te konn pran swen tout pitit mwen yo ak tè a. Pandan sezon plantasyon yo m konn bay 100 moun travayè sezonye djòb. Mwen te konn peye 150 goud chak jou epi m bay yo manje 2 fwa pandan jounen an. Si nou te jwenn sipò pou kiltive tèren nou yo, nou t ap byen. Kounya mwen pa gen senk kòb paske mwen pèdi tè m nan”

Elie Josué, ki te gen yon moso tè ki te vo 4.5 ekta. Nan foto sa li montre yon Kaye ki gen non tout moun ki te konn travay pou li yo.



Kredi foto: Marilia Leti/ActionAid

Menm si pèdi tè a se prensipal preyokipasyon Kolektif la, nou gen gwo preyokipasyon tou sou mank konsiltasyon ak enfòmasyon sou gwo danje sou plan anviwonmantal ak sosyal epi enpak negatif konstriksyon ak fonksyonman PEK la epi tout enfrastrikti ki nan lantouray li. Jan sa dekri nan nan seksyon IV ki pi ba a, peyizan yo te rapòte nou:

- Konsekans negatif oswa potansyèl konsekans sou rivyè Troudinò ak Bè Karakòl la;
- Polisyon epi rediksyon kantite dlo ki disponib anba tè a
- Polisyon potansyèl lè n ap respire epi tè a akoz santral elektrik ki nan PEK la, epi ogmantasyon popilasyon akoz tout travay devlopman sa yo;
- Move kondisyon travay moun yon an PEK la; epi
- Enpak ak danje sou plan sosyal ogmantasyon popilasyon nan zòn nan ka genyen

Akoz pa gen okenn dyalòg ki te fèt sou pwoblèm sa yo, nou pa t rive konnen: kijan pwoblèm sa yo te grav epi ki danje yo reprezante epi enpak yo gen e jan yo kapab afekte nou jodi a epi nan tan k ap vini yo. Nou te sipoze ka bay dizon nou nan desizyon k ap gen konsekans sou jan n ap viv, sou kominote nou yo epi sou anviwonman an.

Se pou rezon sa yo nou mete Kolektif la sou pye. Kowòdonatè Jocelyn Prévil ap esplike:

“Se tè nou eritye nan men paran nou oswa tè nou achte. Nou te ka viv san pwoblèm ak tè sa a. Li te reprezante tout ti detay nou te bezwen pou nou viv. Se li ki te pèmèt nou peye lekòl timoun nou yo e pou tèt pa nou tou. Se sou li nou te konte pou kontinye etid nou.

An 2011, nou te aprann y ap vin mete nou deyò nan tè nou an. Nou te aprann Leta ayisyen ansanm ak BID t ap vin pran tè a nan men nou san yo pa jwenn okenn antant ak nou. Yo anvayi nou epi yo pran tè a nan men nou. Se apre sa te chwazi diskite ak Lidè natirè epi ATDC ki te li pa posib pou yo pran tè a san yo pa bay yon konpansasyon pou pèmèt nou kontinye viv. Se konsa Leta ayiyen te deside bay ti kraze monnen sa a, ki pa reprezante anyen parapò a sa tè a te vo. An 2011, yo te ban nou lajan pou evite nou tonbe nan ensekirite alimantè epi pou pèt rekòt. Nan ane 2012, yo te fè menm bagay la toujou, men yo pa t pran an kont enflasyon ni vrè kou lavi a nan moman li monte anpil yo.

Yo te ofri nou tè men pou yo te ka ban nou tè sa yo te dwe pran l nan men lòt peyizan. Peyizan nan Fon Blan te deklare : ‘Wi, nou pa gen okenn pwoblèm pou nou bay tè a men nou bezwen pou yo ta pote amelyorasyon nan tout tè a pou l ka pwofitab pou tout moun.’ Yo (UTE ak BID) te di yo pa ka pote amelyorasyon nan tè a men se peyizan yo ki pou fè sa yo menm. Nan ka sa peyizan Fon Blan yo di : ‘ Non, nou paka pran tè nou nan men nou pou nou bay lòt moun li konsa, se pou gen negosyasyon pou lè yo vini sa ka pwofitab pou nou tout.’ Lè yo wè sa, yo (UTE ak BID) te deside ban nou lajan olye de tè.

Nou te mande konpansasyon final, gen moun ki te mande pou yo dedomaje nou pandan 15 lane, genyen ki di 20, lòt di 25. Yo (UTE ak BID) te deside dedomaje nou pandan 5 lane. Yo te deside retire konpansasyon pou sekirite alimantè a epi yo te bay sèlman pou pèt rekòt. Sa pa t reprezante anyen pou nou. Tè a te reprezante lavi pou nou. Ti lajan yo te ban nou an pa fè plis pase youn a 2 mwa. Tè a te pèmèt nou peye lekòl pou pitit nou epi bay nou manje. Aprè yo fin pran tè a nou wè pri manje pa sispann monte paske tè Chabè se tè ki te pi fètil, espesyalman pou pwodui pwa, mayi, bannann. 95% tè ki fètil yo se nan Chabè yo te sitiye.

Lè nou konstate jan lavi a chanje pou nou, nou te deside fè yon rankont nan lane 2014 ant nou menm peyizan. Nou gade nan ki kondisyon pitit nou yo ap leve, nou te di pak endistriyèl la ta dwe ede nou men nou te remake lavi nou vin pi mal. Pak sa olye li ta fè nou fè avans okontrè se pi mal nou vin pi mal. Gen plis moun nan zòn nan, lavi a vin pi chè, pa gen lopital, pa gen lekòl. Yo pa t ede nou nan replante pye bwa osi konstwi nouvo wout pandan nou pa ka respire byen akòz pousyè ki genyen.

Nan ka sa nou te deside kreye Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè, nou te mete tèt nou ansanm pou nou di nou pa ka ret konsa, nou te dwe pale pou nou reklame dwa nou ak devwa nou. Se konsa nou mete komite a sou pye, se viktim yo ki te chwazi manm yo pou nou ka jwenn konpansasyon ki pi jis. N ap batay depi lane 2014. ”

Jocelyn Prévil, 9 Jiyè 2016

II. BID se yon aktyèl gwo envestisè nan PEK la epi li pataje responsablite nan sa ki gen pou wè ak pwoblèm epi enpak enplantasyon PEK la genyen

BID te finance PEK depi nan lansman pwojè a epi li kontinye finance li atravè 5 prè ki totalize preske 242 milyon dola ameriken epi atravè koperasyon plizyè misyon teknik.¹⁴ Se UTE, yon ajans egzekisyon ki soti nan Ministè Ekonomi ak Finans ("MEF") gouvènman ayisyen epi apre ki pase mayèt la bay Sosye nasyonal pak endistriyèl yo ki pote non ("SONAPI").¹⁵

Konsèy administrasyon BID te apwouve yon premye prè ki te 55 milyon dola ameriken nan dat 25 Jiyè 2011. Prè sa a te kouvri plizyè aspè, menm si premye objektif la se konstriksyon nouvo enfrastrikti tankou PEK, ki te gen kòm objektif fè rejyon Nò peyi Dayiti tounen yon pòl komèsyal kote anpil moun ap jwenn travay. Nan sa ki gen pou wè ak PEK, BID te pran angajman pou li finance: travay konstriksyon enfrastrikti yo, sètadi batiman administratif ak endistriyèl yo, enfrastrikti pou konsèvasyon ak tretman dlo ki fin sèvi yo; yon nouvo zòn pou lojman; konpansasyon; evalyasyon, rediksyon ris sosyo-anviwonmantal epi sipèvizyon.¹⁶

Gen lòt envestisè ki te finance lòt enfrastrikti ozalantou PEK la. Ajans ameriken pou devlopman entènasyonal ki gen ti non ("USAID") te pran angajman pou finance jiska 4000 kay,¹⁷ yon nouvo santral elektrik 10MW¹⁸ epi fè travay amelyorasyon nan pò a.¹⁹ Komisyon ewopeyen te dakò pou li finance travay ki gen pou te fèt nan wout yo.²⁰

Pwojè PEK la te klase nan kategori A nan sa ki gen pou wè ak enpak anviwonmantal ak sosyal fonksyonman pak la ka genyen, de enpak ki ka etann yo sou yon zòn jewografik ki vas epi ki ka dire lontan oswa rete definitivman.²¹ Sepandan menm BID admèt yo pa t pran tan depi nan komansman pwojè PEK la pou byen evalye enpak anviwonmantal ak sosyal yo.²² Jan nou te pale de sa nan seksyon III a, yo te fòse nou kite tè a san okenn avètisman, ni okenn dyalòg san yo pa pran mezi pou evalye epi evite ris ak enpak relokalizasyon an ap genyen sou nou. BID li

¹⁴ *Gade nan Anèks 3*, lis pwojè BID yo.

¹⁵ Responsablite jesyon PEK la te transfere an pati bay SONAPI nan mwa Me 2014. Nou kwè UTE toujou rete responsab tout aktivite konstriksyon yo, an menm tan sipèvizyon izin tretman dlo ki fin sèvi nan pak la ("WWTP"), pandan SONAPI li menm li responsab fonksyonman ak jesyon PEK la. Sa ki pi mal BID te declare SONAPI pran kontwòl jesyon PEK la 1 Me 2014 san li pa gen ase kapasite pou jere aspè sosyal ak anviwonmantal [PEK]: HA-L1091 Environmental and Social Strategy, ¶1.5, 4.11 ["HA-L1091 ESS"], soti nan Anèks 3 pou rive a HA-L1091 Project Profile (dat la pa disponib) <http://bit.ly/2aAyC8b>.

¹⁶ HA-L1055 Grant Proposal (dat la pa disponib), pp. 6-7 <http://bit.ly/2anWzRE>.

¹⁷ USAID te premyeman prepare 15 000 pasèl tè pou kontristrisyon lojman epi epi konstwi jiske 4000 kay sou yo. Rive nan mwa Septanm 2014, kantite pasèl tè ki te planifye pou konstriksyon te redui jiska 87% pou tonbe nan 2013 pasèl tè ki te ka resevwa 906 kay sou kantite kay USAID te prevwa kontwi (yon rekisyon 77%) : Government Accountability Office *Haiti Reconstruction: USAID Has Achieved Mixed Results and Should Enhance Sustainability Planning* (Jen 2015), p. 18 ["GAO (2015)"].

¹⁸ HA-L1055 Grant Proposal, ¶1.11(d). santral elektrik la fè pati ansanm enfrastrikti ki asosye a konstriksyon pak la: *gade nan* HA-L1101 Environmental and Social Strategy, ¶3.7 ["HA-L1101 ESS"], soti nan Anèks 3 pou rive nan HA-L1101 Project Profile (dat la pa disponib) <http://bit.ly/2aUm6BE>.

¹⁹ *Anlè* Nou remake reta nan pwojè amelyorasyon pò a epi pou kounya sa pa sèten pou nou pale de eta li ye.

²⁰ HA-L1055 Grant Proposal, ¶1.11(d).

²¹ *Anlè*, ¶2.3. Lòt travay reyabilitasyon ki te fèt apati de prè a te sipoze klase kategori B, ta sanble fè yo konsidere prè a nan kategori B nan kèk dokiman epi nan Kategori A nan de lòt dokiman.

²² Koios, konsiltan te pwodui rapò ESIA ka pa dakò ak deskripsyon sa a. Yo asepte rapò ESIA te fe pwodui nan yon nivo ki apwopriye a yon pwojè ki nan kategori B (Mwen estanda pase pwojè ki nan Kategori): ESIA, pp. ii, iii. Koios fè referans tou a delè tout kout ki te bay pou finalize analiz la: ESIA, p. vi.

menm te deklare ankèt sou Evalyasyon ris anviwonmantal ak sosyal ki gen pou ti non ESIA te enkonplè akòz mank enfòmasyon de baz yo ak detay sou pwojè a ki pa t apwopriye.²³ Te gen yon ankèt ki te kòmanse fèt sou moun yo te deplase yo men jiska mwa Dawout 2011 li pa t fini toudabò epi menm si li fini, li pa t rive idantifye kantite egzak moun ki te deplase yo epi kantite pèt nou te fè yo. Konsèy administrasyon an te apwouve pwojè a nan mwa Jiyè 2011 malgre tout pwoblèm sa yo.²⁴

Konstriksyon PEK la te kòmanse an 2011 epi li te kòmanse fonksyone depi Mas 2012. Travay agrandisman yo te kontinye nan mete sou pye kèk enfrastruktir ak sèvis ki te anvizaje yo ki te pran anpil tan pou sa fèt epi genyen jiska prezan ki pa disponib.²⁵ Pou kontinye travay agrandisman yo, BID te akòde kat lòt prè (yo te klase tout nan Kategori A).²⁶ Nan ka sa, BID te akòde an total prè sa yo ki te kapital pou pwojè a:

HA-L1055: Infrastructure Program, apwouve nan dat 25 Jiyè 2011;

HA-L1076: Productive Infrastructure Program, apwouve nan dat 13 Septanm 2012;

HA-L1081: Productive Infrastructure Program II, apwouve nan dat 16 Desanm 2013;

HA-L1091: Productive Infrastructure Program III, apwouve nan dat 11 Desanm 2014;

HA-L1101: Productive Infrastructure Program IV, apwouve nan dat 14 Desanm 2015.²⁷

Nan sa ki gen rapò a jesyon ris anviwonmantal ak sosyal yo, prè adisyonèl ki te akòde yo epi travay agrandisman yo te fè prè anpil bagay ki pa kòrèk.²⁸ An Novanm 2015, BID te admèt PEK la pa t satisfè plizyè egzijans tankou: respekte Kòd travay ayisyen an; mete sou pye yon mekanis kote travayè yo ka pot plent; bay travayè yo kantite manje ak dlo potab ki rezonab; mete sou pye yon bon sistèm jesyon sante anviwonmantal ak sekirite pou moun yo.²⁹ PEK la t ap respekte nòm Bank nan sa ki gen pou wè ak dechè kap soti nan pak la, si Konsèy adiministrasyon an pa t fèmen je l sou egzijans sa an 2013 akòz pak la nan dat sa pa t an mezi pou respekte nòm sa a.³⁰ BID te rekonèt pwojè pa t respekte (e menm kounye a) Politik operasyonèl li yo nan sa ki gen rapò ak Relokalizasyon envolonèt akòz reta ki te genyen nan bay konpansasyon final la.³¹ Malgre BID te idantifye kèk mankman nan evalyasyon prè li te akòde anvan yo epi mankman nan de egzijans espesifik pou dokiman legal yo, menm pwoblèm yo te pèsiste.³² An Novanm 2015, BID te fè konprann “gen plizyè [pwoblèm] kote reta ki te genyen nan lansman premye operasyon yo te soulve dout pou konnen si pwojè pral kapab respekte nòm sa yo vre.”³³

²³ *Gade nan dokiman* HA-L1081 Environmental and Social Management Report (Novanm 18, 2013), ¶3.21 <http://bit.ly/2aAMqma> [“2013 ESMR”]; and HA-L1101 ESS, ¶3.4.

²⁴ Nou rann nou kont Direktè egzektif la te fè abstansyon sou vòt la, petèt akòz li wè tout dwa moun yo pa respekte. *Gade nan dokiman ki rele*: “Earthquake Relief Where Haiti Wasn’t Broken” (NY Times, 5 Jiyè 2012) <http://nyti.ms/1KUfV8T>.

²⁵ *Gade nan* HA-L1101 ESMR (Novanm 2015), ¶2.5 <http://bit.ly/2aEhyij> [“2015 ESMR”].

²⁶ *Gade pi lwen nan* Anèks 3, lis gwo pwojè BID yo.

²⁷ Prè sa ta sanble montre Bank la te fè de investisman dirèk nan PEK la, avèk objektif pou rive nan ane 2020.

²⁸ *Gade pi lwen* diskisyon ki te fèt sou enpak sosyal ak anviwonmantal yo nan seksyon IV.A ki pi ba

²⁹ ESMR 2015, ¶1.13, referans 2. *Gade tou nan* ESMR 2015, ¶¶1.9, 3.5, 4.10, 5.5 epi Tablo 3.1.

³⁰ *Gade nan* seksyon IV.A.i ki pi ba a.

³¹ 2015 ESMR, ¶3.5.

³² *Gade* HA-L1091 ESS, ¶1.4.

³³ 2015 ESMR, ¶1.13.

BID te jeneralman kontinye finansse epi agrandi pwojè sa a malgre te gen anpil eleman ki pwouve yo pa t pran swen pou jere ris ak enpak sosyal epi anviwonmantal yo. Sanble yo pa t vle fè bak malgre gwo konsekans sa ap genyen sou plan finans, anviwonmantal ak sosyal.³⁴

Anplis de seri prè sa yo, te gen tout yon seri etid sou finansman pwojè koperasyon teknik, ranfòsman kapasite enstitisyonèl ak travay sivil pou eseye redui ris anviwonmantal ak sosyal PEK la. Pwojè sa te sipòte etablisman yon zòn pwoteje ki pote ti non ("PN3B"),³⁵ yon pwojè ki te monte parapò anpati a preyokipasyon sou enpak PEK la sou ekosistèm Bè Karakòl la.³⁶ BID admèt preyokipasyon ki te sòlve sou plan entènasyonal sou enpak negatif yo paske PEK la twouve li tou pre PN3B a epi li te bay asirans anpil gwo mezi prevansyon ap pran pou pwoteje zòn lanmè ki rezève yo pandan fonksyonman pak la nan 5-10 pwochenn ane yo.³⁷

Menm si PEK la pote kèk devlopman pozitif nan rejyon Nò peyi Dayiti, li pa rive jiska prezan atenn potansyèl devlopman yo te vize a. Malgre pwojekasyon yo te fè nan lansman pwojè a sou kantite moun pak la t ap anplwaye ki te 18 000 rive nan ane 2014,³⁸ epi rive jiska 37 000 moun pou rive nan lane 2020,³⁹ Nan yon rapò PEK la te fè an 2016, yo te endike gen sèlman 9,266 moun k ap travay nan pak la.⁴⁰ Nou remake jwenn yon travay nan pak la pa yon opsyon pou anpil nan viktim yo, paske pifò moun pak la anplwaye se jenn fanm.⁴¹ Pi lwen, jan nou te pale de san an seksyon IV la, nou remake move kondisyon travay nan PEK la epi anpil vyolasyon nan sa ki gen pou wè ak salè, sante epi sekirite. Gen moun ki rapòte ka agresyon seksyèl sou fanm travay nan pak la. Menm si santral elektrik ki te konstwi ogmante disponiblite kouran, anpil nan manm kolektif yo- epi lòt fanmi ki gen nan zòn nan- swa yo pa ka peye kòb yo mande a swa yo pa gen aksè a li ditou.⁴² Malgre investisman BID te fè pou amelyore kapasite teknik gouvènman ayisyen an, yon evlasyon BID li menm te fè sou dirabilite PEK la sou yon tan ki long montre gen dekwa pou nou enkyete nou:

³⁴ Nan yon sans, BID te apiye sa nan pwòp ankèt li te fè sou efikasite pwojè sa yo sou plan devlopman. *Gade nan dokiman: Office of Evaluation and Oversight IDB-9 Evaluation of IDB's Commitments to Haiti* (Mar. 2013) na p. iii <http://bit.ly/2aUSxj>: “rapò OVE a te idantifye de defi espesifik pou ki ta dwe leve pou reysit nou pòl endistriyèl nan rejyon nò peyi a. Tout sa yo te valide nan konsiltasyon ki te genyen padan misyon ki te antre nan peyi a, epi anpil nan defi sa yo te parèt nan evalyasyon ki te fèt sou efikasite pwojè epi sou tout operasyon ki te apwouve yo (*Management's observations in the Development Effectiveness Matrix (DEM)*). Pami yo: ... (iii) gwo defisi nan enfrastruktir sosyal ak pwodiksyon yo ki rive akoz enplantasyon PEK la; (iv) lefèt nesite pou jwenn solisyon a enpak anviwonmantal ak sosyal t ap mande pou ogmante kantite kòb ki te prevwa kòm investisman pou pak la”

³⁵ Pak nasyonal Twa bè (PN3B) a se efò ki vize konsève, pwoteje epi restore espès bèt k ap viv nan lanmè rejyon Nò peyi Dayiti. Gouvènman ayisyen te ofisyèlman anonse Pak la nan dat 9 Oktòb, 2013.

³⁶ HA-L1101 ESS, ¶2.5; TC Abstract HA-T1180: *Mitigating the Environmental Impacts of the PIC in the Caracol Bay* (2014) <http://bit.ly/2aW42Zx>.

³⁷ 2015 ESMR, ¶1.3.

³⁸ American Institute of Architects and others *Cumulative Impact Assessment for Regional Development in the Cap-Haïtien to Ouanaminthe Urban Corridor* (26 Dawout 2012), p. 17 <http://bit.ly/2aGFWgl> [“CIA (2012)”].

³⁹ *Gade dokiman* BID ki pote non “Fact sheet: The IDB and Haiti's Caracol Industrial Park” (6 Jiyè 2012) <http://bit.ly/2aALWku>.

⁴⁰ SONAPI, *Q2 2016 Update - Parc Industriel de Caracol* (20 Jiyè 2016), p. 6, <http://bit.ly/2allhSI>.

⁴¹ Pou rive nan 2015, 67% anplwaye nan PEK la se te fanm, anpil ladan yo gen mwens pase 30 lane. (Nicola Luksic, Tom Howell nan dokiman ki pote non “Haiti shows how wealthy countries 'continue to cause disaster’” (CBC News, 15 Septanm 2015) <http://bit.ly/1KdJpPE>) osinon jan BID te dekri yo “fi ki nan laj pou fè pitit” (HA-L1101 ESS, ¶4.35; 2015 ESMR, ¶4.32).

⁴² Jason Beaubien “Will 'Made In Haiti' Factories Improve Life in Haiti?” (NPR, 14 Fevriye 2013) <http://n.pr/2aDodGo>.

“Eksperyans pandan senk ane ki sot pase yo montre se nan yon gwo konba pak la te ye pou rive satisfè menm egzijans de baz yo fè sou jesyon enpak sosyal ak anviwonmantal parapò non selman a politik operasyonèl BID men parapò a nòm endistriyèl yo akòz kapasite limite, priyorite pou fè konpetisyon, kontrent pou jwenn resous...

Si nou konsidere tout enpak potansyèl sou mwayen tè epi nan yon tan ki pi long ki dekri nan dokiman sa a epi ris anviwonmantal ak sosyal ki evalyasyon BID te fè a patikilyèman nan denye moman operasyon pak la jiska moman n ap pale a, sa ka poze gen gwo pou repitasyon BID li menm. yon bagay ki enpòtan se enkapasite (manm kapasite) SONAPI pou asire dirabilite PEK la sou yon tan ki long, sa vle di tou pou PEK la mete sou pye yon bon sistèm jesyon anviwonman, sante ak sekirite pou fonksyonman l pa gen enpak negatif sou kominote ki nan antouraj pak la epi zòn pwoteje a (PN3B) epi Rivyè Twoudinò...”⁴³

III. Nou te delokalize san avètisman, san bon jan verifikasyon preliminè pa fèt ni yon konpansasyon apwopriye

A. Lòt reyalyte ki te gen ankò nan moman an

Nan kòmansman ane 2011, preske 442⁴⁴ peyizan ansanm ak fanmi yo epi manm kolektif la t ap kiltive plizyè pasèl tè nan Karakòl-Chabè ki ta pral sèvi pou konstwi PEK la. Tè nou an te fèt, sou li nou te konn plante mango, papay, chadèk, piman, mpayi, pistach, manyòk epi bannann epi lòt pwodui ankò.⁴⁵ Gen kèk fanmi ki fè elvaj bèf tou.⁴⁶ Pwodui sa yo epi elvaj bèt sa yo se te tou de de sous revni enpòtan, lè yo vann yo sou mache lokal yo epi pèmèt nou nourri fanmi yo.⁴⁷ Apa de peyizan yo ki te konn travay, gen kèk posyon tè konn resevwa lòt kalite travayè agrikòl.⁴⁸ Gen kèk fanmi ki gen plizyè jenerasyon depi y ap kiltive tè a.⁴⁹

“Mwen te gen yon demi kawo tè [1.6 ekta] kote m te konn plante tout kalite fwi. Mwen te gen chadèk, zoranj dous, mango-tout bagay- Mwen te gen tout kalite fwi sou tè a. an reyalyte, nan rekòt pwa selman m vann nan vil Okap te ka pèmèt mwen voye timoun mwen yo lekòl.”

Pierre Vincent.

Malgre agrikilti se pi gwo mwayen ki fè moun yo viv nan rejyon Nò peyi Dayiti, li pa fasil pou jwenn yon tè ki fèt, ki pwodiktif konsa. Agrikilti se yon sous revni epi yon mwayen enpòtan pou bay manje nan kominote yo, men se ak anpil difikilte yo rive pratike li. Nan zòn

⁴³ 2015 ESMR, ¶¶1.3 ak 4.55.

⁴⁴ Estimasyon BID ak UTE te soti nan 366 pou rive nan 442 fanmi: pou plis detay refere nou a sektyon III.B.iii pi ba a.

⁴⁵ Etid preliminè a te estime tè a pwodui 1400 tòn metrik fwi ak legim chak ane, anplis de elvaj bèf peyizan yo te konn fè. *Gade* rezime ki fèt nan RAP (2011), p. 29; Baseline, p. 2, ¶4.

⁴⁶ Baseline, p. 2, ¶4.

⁴⁷ RAP te rekonèt prensipal sous revni preske 80% viktim te soti nan agrikilti epi nan elvaj bèt. Gen yon ti pousantaj ki te gen ti biznis an detay oswa vann lòt sèvis kòm sous revni: RAP (2011), pp. 28 epi 30. Etid preliminè a te estime peyizan yo te konsome 30% pwodui ki soti nan tè a: Baseline, p. 2, ¶4.

⁴⁸ ActionAid (2015), p. 4 ak temwanyaj Elie Josué ki pi wo a.

⁴⁹ ActionAid (2015), pp. 4-6. L ak tè a ale pi lwen toujou. *Gade* referans 54.

pwovens yo, agrikilti reprezante 75% aktivite ekonomik yo. Kominote sa yo fè pati kote ki pi pòv nan peyi Dayiti, kote 75% moun ap viv nan povrete.⁵⁰ Sa rive souvan pou Ayiti konnen ris pou tonbe nan kriz alimantè.⁵¹ Medam yo patikilyèman vilnerab paske se yo menm ki responsab pou bay fanmi yo manje.⁵² Ensekiritè fonsyè ki la pandan lontan agrave pwoblèm sa yo plis toujou : pifò tè nan peyi Dayiti pifò tè yo pa gen papye legal;⁵³ epi sa repete anpil nan tan ki pase yo pou leta ayisyen konfiske tè, menm jan yo fè l pou tè Karakòl-Chabè.⁵⁴

San nou pa okouran de anyen, yo te chwazi tè nou an pou yo enplante PEK la. Nan fen ane 2010, gen yon etid BID te finanse ki te fèt sou 18 lòt tèren potansyèl, nan rezilta rechèch la gen twa tèren yo te idantifye e yo te panse ki t ap pi bon, pami yo tè kote PEK la ye pou kounya se te youn,⁵⁵ epi kat lòt tèren ki te aseptab. Sepandan menm etid sa te admèt pa t gen okenn analiz klè ki te fèt sou plan anviwonmantal ak sosyal.⁵⁶ Nan etid sa yo te fè konprann se Leta ki te “posede tè a”: yon deklarasyon ki gen anpil odas etandone moun ki di sa pa t ka verifye ofisyèlman afimasyon li fè a⁵⁷ epi si nou konsidere preske 95% tè nan peyi Dayiti se moun ki rete sou yo dapre koutim oswa enfòmèlman (menm gouvènman pa toujou gen sètetid sou tè li posede yo).⁵⁸ Sa k te pi di a se lè ankèt la dekri tè kote pak la enplante a kòm yon tè ki pa t gen “moun ki te konn viv ladan ni pa t konn gen kilti entansif sou li”⁵⁹ pandan se kontrè a tout moun te ka wè. Yo te chwazi tè Karakòl-Chabè pou mete PEK, an gran pati paske li gen anpil dlo ki disponib ladan l:⁶⁰ se menm dlo sa ki te fè tè a bay anpil manje lè nou kiltive li.

Nou se preske 3500 moun⁶¹, nou menm manm kolektif la ak fanmi nou yo te deplase⁶² sou tè a soti 4 pou rive 14 Janvyè 2011 aprè yo fin apante tout tè a epi monte kloti pou PEK la. Tout jaden nou te gen sou tè a te detwi. Fanmi sa yo te pèdi kay: ansanm ak materyèl travay yo oswa yo te vin pa itil anyen ankò; te gen yon legliz nan kominote a yo te demoli apre sa.⁶³ Kèk

⁵⁰ ActionAid (2015), pp. 10-11.

⁵¹ *Gade* referans 191 ki pi ba a. Rapò CIA (2012) fè remake rejyon Nòdès te konn enpòte 55% nan manje yo te bezwen: p. 20

⁵² ActionAid (2015), p. 10. *Gade* tou diskisyon ki te fèt sou preyokipasyon sou kesyon sèks la (rapò fanm ak gason) nan seksyon III.B.iv pi ba a.

⁵³ *Gade* referans 58 ki pi ba a.

⁵⁴ Dapre temwayaj nou ranmase nan bouch kèk moun nan kominote a, se te yon sèten Jeneral de Plaisance ki te konn jere tè Karakòl-Chabè pandan gè endepandans Ayiti (~1804). Apre sa gen yon bann lòt pwopyete ayisyen te vin apre Jeneral la. Nan ane 1920 yo, Gouvènman ayisyen te pran 35 000 ekta tè pou l te bay de konpayi pou yo fè de gwo plantasyon latanye nan yon premye tan apre plantasyon kann (ki te gen de enpak grav sou kominote a). An 1986, depa diktatè Jean-Claude Duvalier te pèmèt kominote a retounen sou tè a epi kiltive l: gade nan dokiman Action Aid (2015), p.5; Baseline, ¶3.1.

⁵⁵ Yo rele nap dlo soutèren sa Massacre, li tou pre tè Chabè (#15), gade nan rapò Koios (2010), <http://bit.ly/2aLI4oU> pp. 56-57.

⁵⁶ *Anlè*, pp. v, 37, 81.

⁵⁷ *Anlè*, p. 57.

⁵⁸ ActionAid (2015), p. 5. Anrejistre yon pwopyete epi jwenn papye legal se yon pwosesis ki bay pwoblèm, sa ankouraje pratik koutimye yo majorite ayisyen itilize an. *Gade* dokiman: GAO USAID *Infrastructure Projects Have Had Mixed Results and Face Sustainability Challenge* (13 Jen 2013), p. 33 <http://bit.ly/2aOMwU9>; Baseline, p. 28, ¶¶3.2-3.3; RAP, p. 26.

⁵⁹ Koios (2010), pp. 55-57.

⁶⁰ ESIA, pp. 16-17.

⁶¹ UTE ak BID pa t bay tout detay sou kantite moun ki te afekte. Sepandan yo te konsidere chak fanmi gen 8 moun an mwayèn, epi nou menm nou rann nou kont gen omwen 142 fanmi ki te afekte.: gade seksyon III.B.iii ki pi ba a.

⁶² Jan nou te te esplike nan not 10 la, nou itilize tèm “deplase” pou fè referans a deplasman ekonomik.

⁶³ RAP (2011), p. 24.

fanmi te resevwa avètisman nan yon ti tan tou kout nan radyo konsènan plan ki genyen pou enplante PEK la sou tè a oswa nan bouch yon reprezantan leta ki te vizite yo. Gen lòt ki pa t resevwa okenn avètisman ditou.⁶⁴ Yo te kòmanse deplase nou anvan menm yo te mete an aplikasyon egzijans BID ki mande pou fè yon verifikasyon preliminè. Pa t gen okenn plan relokalizasyon (RAP), ni etid sou enpak anviwonmantal ak sosyal (ESIA) ni okenn konsiltasyon oswa patisipasyon kominote a.

Ant mwa Janvye 2011 epi Jen 2011, evalyasyon ki te fèt sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo (ESIA) pwojè te fèt nan mache prese. Esepte yon reyinyon ki te fèt nan dat 27 Janvye ak 250 moun ki te “okipe tè a”,⁶⁵ anvan sa pa t gen yon rankont reyèl ki te fèt ak manm nan kominote a ki te viktim jiskaske yo te vin fè yon rankont nan byen ta nan mwa Jen 2011- se nan dat sa etid sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo (ESIA) te sanble finalize- malgre te gen plizyè lòt rankont ki te fèt anvan sa ak otorite lokal e nasyonal yo.⁶⁶

Enfòmasyon ki pa kòrèk ki gen nan etid sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo (ESIA) se reflè mank konsiltasyon ak kominote. Pandan etid sa rekonèt tè kote PEK la enplante a se yon tè agrikòl ki te prensipal sous revni pou anpil fanmi, etid sa estime a 1000,⁶⁷ kantite moun ki te afekte yo, sa ki se yon move estimasyon pandan kantite a plis pase 3 fwa kantite yo bay la: se preske 3500 moun. Pi lwen, etid sa fè konprann tout tè a se te tè leta san li pa bay okenn chif⁶⁸ pandan BID apre vin rekonèt fanmi nou yo te jwi de dwa fòmèl ak koutimye (petite ou grande prescription) sou tè a.

Etid sa (ESIA) te konsidere tè Karakòl-Chabè kòm meyè tèren pou te enplante pak la, malgre ris ak enpak anviwonmantal epi sosyal yo.⁶⁹ Analiz tou kout li fè yo sou altènativ yo te vrèman pa t adapte a reyalyte a. Li te minimize enpak pwojè a epi akòz tè a te gentan chwazi pou pak la, sa te enflyanse rezilta etid la anpil. Pi gwo blokaj chanje tèren a t ap koze se “ris pou gen reta” paske achte yon lòt tèren ka pran tan anpil.⁷⁰ Etid fezabilite a pa t fè okenn rekonsiderasyon detaye sou tè yo konsidere kòm “aseptab” oswa “privilejye” yo, lè nou konsidere pwoblèm relokalizasyon an te koze pou tè Karakòl la.⁷¹ Olye de sa, li te peze pou li di: “Kominote entènasyonal la gen je li sou Ayiti...angajman konsa yo ra, yo konn pa dire lontan epi peyi yo konn byen vit bliye angajman sa yo....se kounya oswa jamè pou pwojè a kòmanse...”⁷²

Jan nou te di l deja, BID te deklare etid sa (ESIA) te “enkonplè” epi apre etid sa gen lòt ki te fèt sou enpak anviwonmantal ak sosyal.⁷³ Men malgre sa Konsèy administrasyon an te apwouve pwojè a jou ki te 25 Jiyè 2011, anvan menm yo te panche sou pwoblèm sa yo.

⁶⁴ Gade, pa egzanzp, ActionAid (2015), p. 4; Gender Action CIP, p. 22.

⁶⁵ ESIA, Anèks II, p. 7.

⁶⁶ Gade seksyon III.B.iii pi ba a.

⁶⁷ ESIA, p. 16.

⁶⁸ Anlè, pp. 16-17.

⁶⁹ Anlè, pp. 17-18.

⁷⁰ Anlè, p. 17.

⁷¹ Te gen de diskisyon tou kout ki te fè sou de lòt tèren yo te privilejye yo, se pa t nan analiz sou altènativ yo men se nan seksyon ki esplik rezon ki fè se tè Karakòl la yo te chwazi. Diskisyon sa yo te jis fèt sou pwosesis pou te rive chwazi tè sa a: yo te klèman di pa p gen okenn rekonsiderasyon ki ka fèt sou desizyon sa: Anlè, p. 16.

⁷² Anlè, p. 18.

⁷³ Gade nan, ¶3.21; HA-L1101 ESS, ¶3.4.

Premye etid konplè ki te fèt sou enpak relokalizasyon an, se Ankèt preliminè a konsiltan BID yo te reyalize, Erice AZ,⁷⁴ epi ki ta sanble finalize menm lè ak etid sou relokalizasyon an ki gen pou ti non RAP nan mwa Septanm 2011, 8 mwa apre yo te fin deplase nou sou tè nou. Etid sa te revele gen 366 fanmi ki te deplase, ladan yo gen 3 ki te gen papyè fòmèl pou tè yo a (Tit pwopyete), 72 ladan yo te “anfème tè nan men leta” avèk dwa legal pou itilize tè a, epi rès yo te jwi de yon varyete dwa selon tradisyon ak koutim ki nan peyi a (petite ou grande prescription).⁷⁵ Nan estimasyon li tè, li te montre gen plis pase 75% de fanmi yo ap viv nan estrèm povrete⁷⁶ an menm tan etid sa te revele gen sèlman 51 fanmi yo te mete nan kategori sa ki vilnerab fas a povrete.⁷⁷

Menm si etid preliminè a montre gen kèk amelyorasyon ki fèt parapò a lòt rapò BID konn finanse, men li gen anpil fay.⁷⁸ Rapò sa te fèt epi finalize nan yon tan trè kout ki pa t apwopriye, pandan nan etid sa yo pa t fè entèvyou ak yon bon kantite moun: entèvyou endividyèl epi konsiltasyon an gwoup. Sa fè yo pa rive idantifye 76 fanmi ki te delokalize- ki reprezante preske 20% fanmi ki te deplase sou tè kote PEK la ye a- yo te mete moun sa yo deyò nan pwosesis konsiltasyon an epi pifò ladan yo sanble pa t patisipe nan premye akò konpansasyon ki te jwenn nan ane 2011 la.⁷⁹ Rapò sa pa t rive idantifye kantite pèt fanmi sa yo te fè. An plis de sa, etid sa pa t rive: etabli diferens ki genyen ant fanm ak gason nan jan y ap viv ris sa yo oswa li pa t rive pwopoze de solisyon ki te ka adopte pou redui ris sa yo;⁸⁰ osinon li pa t montre diferans ant fanm ak gason kòm yon faktè vilnerablite, malgre etid sou plan relokalizasyon an (RAP) te sigjere pou kesyon sa te fè pati prensipal kritè yo.⁸¹ Pou fini, menm si yo te idantifye kat fanmi kote se fanm ki se chèf fanmi sa yo kòm vilnerab men gen 28 lòt kote se fanm ki chèf fanmi sa yo Etid preliminè a pa t rive idantifye.⁸²

Etid preliminè a te rekòmande pou konpanse kategori pèt sa yo, ki pi detaye pi ba a:⁸³

- **Pèt rekòt:** Nan lide pou dedomaje fanmi yo pou rekòt yo te pèdi pou ane 2011 la (apati Janvyè 2011⁸⁴ akòz pa t gen aktivite sou tèren an pandan yon “ti tan”⁸⁵), rapò

⁷⁴ Nan ka evalyasyon sa yo, nou te ka remete an kesyon rezilta rapò Erice AZ yo. Chèf Erice AZ (Palème Mathurin) nan moman sa te Prezidan komisyen CTMO-HOPE (Komisyen tripatit pou aplikasyon lwa HOPE, yon lwa ki favorize endistriyèl ayisyen yo voye vann rad nan peyi Etazini), komisyen sa la pou atire investisman nan endistri fè rad la (li gen lòt wòl ankò) jiske omwen mwa Avril 2011: Gender Action *CIP*, p. 8, note 39.

⁷⁵ RAP (2011), pp. 22-23 and ¶3.2.

⁷⁶ Chak moun sa yo ap viv ak mwens pase \$1 ameriken chak jou: Baseline, p. 2, ¶6.

⁷⁷ *Gade nan* RAP (2011), p. 25, Anèks 10 epi 11; seksyon ki pi ba a; epi Anèks 10 nan dokiman sa a.

⁷⁸ *Gade nan* referans 74 ki pi wo a.

⁷⁹ BID ak UTE te di nou konpasasyon yo te bay an Septanm 2011 se 382 fanmi ki te resevwa l : *gade nan* Anèks 4, rapò rankont yo; Anèks 5, Aide Mémoire. Nan fen ane 2013 BID te kontinye ap fè referans a selman 382 fanmi ki te deplase: *gade nan* seksyon III.iii ki pi ba a.

⁸⁰ Nan ka sa, RAP pa idantifye ris ki gen rapò ak sèks moun oswa mezi ki dwe adopte pou redui ris sa yo: RAP (2011), pp. 50-52.

⁸¹ *Anlè*, pp. 34, 36 epi Anèks 10. Nan nenpòt evantyalite a, konsiderasyon sou sèks la pa t dwe limite sèlman a chèf fanmi yo.

⁸² *Konpare* RAP (2011), Anèks 11 (identifye kat fanmi kote se fanm ki chèf fanmi a) osinon Anèks 10 nan dokiman sa ki idantifye 32 fanmi kote se fanm ki chèf yo, Baseline, p. 1, ¶2 and pp. 15-16. Sa ka rive gen plis toujou piske Etid preliminè a pa konplè.

⁸³ Baseline, pp. 44-45. Ni Etid preliminè a ni RAP a pa rekòmande konpansasyon pou 720 travayè agrikòl ki te travay nan objektif pou jwenn yon salè: *gade nan* Baseline, ¶¶4.7-4.8; RAP (2011), pp. 40-41.

⁸⁴ Baseline, p. 39.

⁸⁵ *Gade* referans ki fèt sou fèmte pwovizwa nan Etid preliminè a, pp. 14, 18, 24-25, 39.

etid la te rekòmande pou chak fanmi resevwa \$1450 ameriken pou chak ekta tè, kantite sa se revni mwayen yo ka fè pa ane sou tè yo pèdi a.⁸⁶ si moun yo pa rekòmanse ak travay agrikilti yo, yo dwe resevwa menm kantite kòb la nan ane k ap vini an.⁸⁷

- **Ensekirite alimantè:** Apa de lajan tè a te konn bay, li te pèmèt fanmi yo jwenn manje pou yo manje, preske 30% nan sa tè a te pwodui se pou manje li te sèvi.⁸⁸ Akoz revni ki pa genyen epi tout pwodui sa yo ki **pèdi**, li difisil pou fanmi yo jwenn ase manje pou yo manje.⁸⁹ Parapò a sa, Etid la te rekòmande yon sipò lajan anplis pandan kèk mwa pou pèmèt fanmi yo achte manje, kalkil sa ap fèt dapre kantite moun chak fanmi genyen epi ki bezwen yo genyen.⁹⁰ Rapò a te estime chak fanmi konsome an mwayèn yon kantite pwodu ki vo \$1000 ameriken pou chak ekta tè.⁹¹
- **Pwopyete andomaje:** Nan rapò sa, yo fè konnen gen kèk konpansasyon sou fòm lajan ki te bay pou destriksyon kloti pandan yo t ap pran tè a. Ta sanble gen yon total \$ 75 000 ki te bay an Jiyè 2011.⁹²
- **Sipò pandan yon ti bout tan pou monte yon aktivite ki ka bay lajan:** Sipò lajan pou fè lòt aktivite ekonomik ki pa agrikilti (komès, basen sèl, transpò...) pou bay yo yon altènativ epi yon sous revni pwovizwa anvan yo jwenn lòt tè ranplasman an.⁹³
- **Tè agrikòl an ranplasman “pi vit posib”**,⁹⁴ ansanm ak sipò kontini pou pèmèt yo fè de travay nan tè a sou fòm investisman nan irigasyon, drenaj ak machin agrikòl, ki ap pèmèt yo bay de bon pwodui epi ogmante pwodiksyon an.⁹⁵
- **Lojman:** etandone laj anpil nan moun ki te konn travay sou tèren an (pou moun sa yo li ap difisil pou jwenn yon aktivite ki pèmèt yo rantre lajan) epi nan kondisyon vilnerablite anpil fanmi ap viv, anpil nan yo te depann de lajan yo te konn fè nan tè a, gen kèk fanmi ki te dwe resevwa Kay kòm kòm opsyon konpansasyon. Yo t ap kapab lwe yon pati nan kay sa a epi abite nan yon pati, sa te ka pèmèt yo rantre kòb regilyèman.⁹⁶
- **Sipò pou elvaj:** Kòm nou te konn fè elvaj epi agrikilti sou tè a, otorite yo dwe evalye kantite patiraj nou pèdi sou tèren an epi pèmèt nou jwenn lot patiraj epi manje pou n nourri bèt yo.⁹⁷

Nan menm moman Etid preliminè a ap fèt la, menm konsiltan yo (Eric AZ) te ekri plan relokalizasyon an (RAP) a epi te negosye akò sou konpansasyon yo:

⁸⁶ Anlè, pp. 4 ¶7, 39-40, 44-45.

⁸⁷ Anlè, p. 4 ¶7.

⁸⁸ Anlè, p. 2, ¶4.

⁸⁹ Anlè, pp. 40-41.

⁹⁰ Anlè, p. 3 ¶7.

⁹¹ Anlè, p. 41. *Gade tou nan* p. 45.

⁹² Anlè, p. 39.

⁹³ Anlè, p. 4 ¶7. *Gade tou nan* pp. 44-45.

⁹⁴ Anlè, p. 45.

⁹⁵ Anlè, p. 4 ¶7.

⁹⁶ Anlè, pp. 4 ¶7, 45.

⁹⁷ Anlè, p. 4 ¶7, p. 43-44.

Konsiltasyon ak negosyasyon yo te kòmanse an prensip ak Asosyasyon Lidè natirèl Karakòl (ALENAC), se Erice AZ ki te chwazi epi konfime moun sa yo nan 2 rankont yo te genyen nan 18 epi 19 Jen 2011.⁹⁸ Erice te dekri lidè natirèl yo tankou de moun ki “relativman senp” pou idantifye yo: “se de moun ki rive nan plas sa parapò a sa yo konn fè (espètiz yo) epi/oswa senpati yo ak/oswa nivo dezenteresman yo nan jesyon relasyon ant kominote yo epi fanmi yo...se de moun preske tout popilasyon an te konn mande konsèy lè yo nan difikilte.”⁹⁹

Viktim yo pa t fè eleksyon pou chwazi epi konfime 41 “lidè natirèl” sa yo. Sèlman 58 sou 76 moun te suiv 2 rankont sa yo kote yo te chwazi lidè natirèl sa yo, nan rapò rankont yo, yo pa di klèman konbyen nan moun sa yo ki te viktim vrèman.¹⁰⁰

Epi pa t gen okenn lòt etap ki te franchi pou rasire yo lidè natirèl sa yo te reprezante viktim yo an reyalyte. Anpil nan “lidè natirèl” sa yo pa t viktim. Sèlman 22 nan manm ALENAC yo ki te klèman idantifye kòm viktim nan lis yo te bay nan rapò Etid preliminè a epi sa UTE te bay nan mwa Jen 2016 la¹⁰¹ (menm si lis sa, jan n ap wè sa pi ba a, pa konplè).¹⁰² UTE ak BID nan yon rankont ak Kolektif la te admèt nan mache prese pou devlope plan konpansasyon an “ li te enposib pou evlaye si wi ou pa moun sa yo te lejitim.”¹⁰³

Nou pa ka konsidere nonplis rankont 18-19 Jen an kòm konsiltasyon. Patisipan yo pa t resevwa okenn enfòmasyon detaye sou pwojè a, ris potansyèl li ka genyen epi ki mezi ki ap adopte pou diminye yo.

Nan kontinye mete an aplikasyon apwòch limite sa a epi ki pa reprezantatif nan plas yon konsiltasyon fòmèl, BID ak UTE pa rive asire l nou jwenn tout enfòmasyon sou pwojè a epi plan relokalizasyon an (RAP) epi ansanm plan konpansasyon yo disponib pou yon gran pati nan viktim nan yon fòm kote pi fò moun ka konprann (si nou konsidere nivo alfabetizasyon yo) epi pou dokiman sa yo nan lang nou ki se Kreyòl. Kreyòl se sèl lang pifò moun ki te viktim yo pale. Ni dokiman pwojè ki te pibliye yo ni akò sou konpansasyon pa t pibliye an Kreyòl. Menm si yo ta pibliye yo an kreyòl, sa t ap mande pi lwen pou gen de esplikasyon oral- nan plizyè faz konsiltasyon epi nan pwosesis negosyasyon yo- akòz kantite moun ki pa konn li.¹⁰⁴

Rapò sou plan relokalizasyon an (RAP) te finalize an Septanm 2011, e nan sa ki gen pou wè ak plan jeneral konpansasyon a te gen yon Pwotokòl Akò ki te oblije siyen ant UTE epi

⁹⁸ RAP (2011), Anèks 2, p. 121. Erice AZ dekri ALENAC kòm “yon platòm ki reprezante enterè kominote ki te viktim dirèk ak endirèk pwojè a. se te entèfas pi dirèk ki te genyen...” dat rankont yo te idantifye nan paj 129.

⁹⁹ Baseline, ¶2.9.

¹⁰⁰ RAP (2011), Anèks 2, p. 129.

¹⁰¹ Anèks 13, UTE Liste des personnes compensées définitivement (Compensation monétaire) + Montants définitifs payés.

¹⁰² Anèks 7, konparezon lis viktim ALENAC epi Etid preliminè a te bay nan mwa Jen 2016. Gen twa lòt manm ALENAC ki gen menm non men se twa moun diferan parapò ak moun ki nan lis viktim yo. Gen 16 manm ALENAC ki pa fè pati ditou moun ki viktim yo.

¹⁰³ Anèks 4, rapò rankont yo. Deskripsyon ALENACKi fèt nan RAP- se yon zouti ki pèmèt nou regwoupe viktim yo- se pa sa li ye vrèman: RAP (2011), p. 18.

¹⁰⁴ Etidi preliminè a fè konnen 33% nan 366 chèf fanmi (ki te vin idantifye apre yo) ki te deplase yo pa t konn ni li ni ekri pandan 49% te resevwa yon edikasyon nivo primè oswa mwens pase sa: Baseline, p. 18.

ALENAC jou ki te 9 Septanm 2011.¹⁰⁵Chèf fanmi yo (ki reprezante ant 366 e 382 fanmi) te siyen de akò konpansasyon endividyèl nan mwa Septanm epi Oktòb 2011.

Dapre yon travay etid nou fè,¹⁰⁶nou prezante nan tablo sa a se yon kout jejeneral nou fè sou akò konpansasyon yo kote nou konpare yo ak rekòmandasyon ki te fèt nan Etid preliminè a epi nan RAP la. Nan tablo sa nou mete an avidans yon kantite preyokipasyon espesifik sou fason yo kalkile konpansasyon yo, pandan n ap montre kote akò konpansasyon an parèt depaman ak rekòmandasyon Etid preliminè a epi /oswa RAP la epi kote rekòmandasyon sa yo yo menm poze pwoblèm. Nou pale an plis detay sou preyokipasyon espesifik sa yo ki fè pati de preyokipasyon jeneral nou genyen.

i. Tablo 1: konpansasyon 2011 la

Rekòmandasyon Etid preliminè& RAP	Akò konpansasyon 2011 yo ¹⁰⁷
<p>Pèt rekòt an 2011: tou 2 rapò sa yo te rekòmande \$1450 ameriken pou chak ekta chak ane, se sa yo te estime kòm revni mwayen pwodiksyon tè nan zòn nan rapòte.¹⁰⁸</p> <p>Sepandan apwòch sa pa rive pran an kont diferans ki genyen ant pòsyon tè yo (akoz diferan tip kilti ki te konn fèt, irigasyon epi/oswa ak ki frekans rekòt). Estimasyon konpansasyon an pat bon parapò a revni mwayen peyizan yo te konn fè nan tè a ki evalye a preske \$3120 ameriken pou chak ekta chak ane.¹⁰⁹</p>	<p>Sou 49 akò nou te konsilte yo, pifò fanmi te resevwa \$1449 ameriken pou chak ekta, men gen 1 fanmi pa t resevwa lajan ditou (\$0) epi gen lòt ki resevwa soti \$1385 epi \$1469 pou chak ekta.¹¹⁰</p> <p>Yo pa bay rezon klè poukisa gen yon fanmi ki pa resevwa konpansasyon ni poukisa gen diferans ant montan chak fanmi ta dwe resevwa pou chak ekta.</p>
<p>Sekirite alimentè an 2011: Etid preliminè a rekonèt kantite kòb yo bay pou sekirite alimentè a dwe reflekte bezwen fanmi nou,¹¹¹ anvan li te sigjere bay \$1000 ameriken pou chak ekta t ap bon.¹¹² Menm rapò sa te fè konnen fanmi yo 30% pwodui ki soti nan tè a;¹¹³epi ta sanble estime l a \$1,000 ameriken</p>	<p>Sou 40 akò nou te konsilte yo nou remake gen konpansasyon ki soti nan \$0 pou rive nan \$1440 pou chak fanmi (sa ki fè an mwayèn \$814 pou chak ekta).¹¹⁸reprezantan BID ak UTE yo te di Kolektif la konpansasyon sa te kalkile an fonsyon de lajan yo te dispoze ki te \$246 000 (\$1000 pou chak ekta) epi yo divize</p>

¹⁰⁵ RAP (2011), Anèks3.

¹⁰⁶ Nou te rive konsilte 49 lòt akò sou pèt rekòt epi sekirite alimentè epi twa akò sou pwopyete ki te detwi. *Gade nan Anèks 11.*

¹⁰⁷ *Gade nan Anèks 8* pou wè yon echantiyon akò konpansasyon yo.

¹⁰⁸ Baseline, pp. 40 and 44; RAP (2011), p. 40 epi Anèks 8.

¹⁰⁹ Etid preliminè a te admèt 48 ekta tè ki te irige yo te konn bay an mwayèn \$3118.75 pou chak ekta: p. 39.

¹¹⁰ *Gade nan Anèks 11.* Jan sa esplike nan anèks sa, nou itilize lajan ameriken (dola) ki chanje a 40 goud pou yon \$1, se konsa dola te konn chanje nan moman an.

¹¹¹ Baseline, p. 3 ¶7.

¹¹² *Anlè*, pp. 41, 45.

¹¹³ *Anlè*, p. 2, ¶4.

¹¹⁸ *Gade nan Anèks 11.*

<p>pou chak ekta.¹¹⁴ RAP la te dakò pou konpansasyon pou sekirite alimantè y ap bay la ta egal a \$1,000 ameriken pou chak ekta.¹¹⁵</p> <p>Apwòch sa pa t baze sou kantite bezwen fanmi yo te genyen pou yo pa tonbe nan enskirite alimantè. Dapre konsèy nasyonal pou sekirite alimantè (CNSA), panye alimantè a te koute 907.9 goud (\$22.70) pa mwa an Janvyè 2011, ki egal a 10 895 goud (\$272.37) pou yon ane.¹¹⁶ Etid preliminè a pa fè okenn referans ak patisipasyon bèt yo manje.¹¹⁷</p>	<p>parapò a kantite fanmi ki te idantifye nan moman an (382, deja yon ogmantasyon parapò a 366 fanmi Etid preliminè a te idantifye, malgre Etid sa te finalize nan kèk semenn pandan pwosesis konpansasyon an) epi yo te estime a 8 kantite moun an mwayèn chak fanmi genyen (8),¹¹⁹ sa fè antou \$80 pou chak moun, osinon \$0.22 chak jou pou chak moun.</p> <p>Epi li pa di klèman poukisa gen twa fanmi ki te konn kiltive tè a epi ki te konn konte sou tè a pou bay fanmi an manje pa t resevwa konpansasyon.¹²⁰</p>
<p>Destriksyon pwopyete: Nan Etid preliminè a, yo remake yo te bay konpansasyon pou destriksyon pwopyete- destriksyon kloti jaden yo-yo separeman an Jiyè 2011, yon kantite kòb ki te egal a \$66,000.¹²¹ RAP a te rekòmande lòt konpansasyon pou pwopriyete « 2 kay edmi » (gen youn ki an konstriksyon) ki te demoli epi konstriksyon yon nouvo legliz,¹²² ki totalize US\$61,000.¹²³ RAP la pa bay okenn enfòmasyon sou jan kalkil kòb sa te fèt.</p>	<p>Yo te jwenn akò sa separeman epi yo pa esplike koman kalkil konpansasyon an te fèt.. Nou te egzamine 2 akò konpansasyon ki te siyen an Jiyè 2011 kote gen soti preske \$1122 epi \$310 te bay nan de ka diferan pou destriksyon pwopyete.¹²⁴ te gen yon lòt akò konpansasyon ki te siyen an Septanm 2011, nan akò sa yo te bay preske US\$1,125.¹²⁵ Menm si UTE te di Actionaid gen \$88,893 ki te distribye pou pwopyete ki te detwi yo,¹²⁶ chif sa pa konpatib a diferan kategori pwopyete ki te detwi yo epi parapò a chif ki te bay nan Etid preliminè a epi nan RAP la epi yo te revele</p>

¹¹⁴ *Anlè*, pp. 41, 45.

¹¹⁵ RAP (2011), p. 40 epi Anèks 8 (\$246,000 ki te bay an total).

¹¹⁶ Coordination Nationale de la Securite Alimentaire ["CNSA"] *Bulletin #1: Le Panier Alimentaire en Haiti* (Jen 2012), p. 1 <http://bit.ly/2b8M9VY>. Nou itilize done ofisyèl sou sekirite alimantè disponib an 2011, olye de “pri reyèl”. “pri reyèl” la pran an kont enflasyon, men tou ogmantasyon revni. Kote revni yo ogmante, “pri reyèl” la pi ba pase done ofisyèl sou pri panye alimantè a (pri aktyèl manje), sa reflekte pouvwa dacha moun yo. Nan ka sa li pa t ap fè sans pou sipoze revni moun yo ogmante parapò a pri aktyèl pwodui yo, paske revni sa pa egziste parapò a deplasman nou. Kantite manje pou chak moun ta sipoze 1870 kalori pou chak moun pa jou pou evite sekirite alimantè.

¹¹⁷ *Gade*, pa egzanp istwa Vigenise Bien Aime ki pi ba a.

¹¹⁹ Anèks 4, rapò rankont yo. *Gade tou* ESMR 2013, ¶3.58 (“Pèman anyèl te ... \$80 pou chak manm fanmi pou pèmèt yo manje”).

¹²⁰ Li posib pou 2 nan twa fanmi sa yo pa t resevwa konpansasyon pou sekirite alimantè paske yo te gen 2 posyon tè, yo te resevwa konpansasyon pou youn men yo pa t resevwa pou lòt la. Si nou chita sou enfòmasyon nou resevwa jiska dat n ap pale a, yo pa t bay twazyèm (3e) fanmi an espikasyon sa a: *gade nan* Anèks 11. Antoulèka, ni UTE ni BID te konfime nou fòmèlman kijan sa fè rive.

¹²¹ *Baseline*, p. 39.

¹²² RAP (2011), p. 45. Etid preliminè pa t espesifikman rekòmande fòm konpansasyon sa.

¹²³ RAP (2011), Anèks 8. RAP (2011) rekonèt konpansasyon sa te bay pou ekipman peyizan yo te enstale sou tèren an: *gade nan* RAP(2011), p. 40.

¹²⁴ *Gade* Anèks 11.

¹²⁵ *Anlè*

¹²⁶ Enfòmasyon sa te bay an Desanm 2014. Nou ka jwenn plis detay si nou mande sa.

	kantite kòb chak grenn moun te resevwa. Nan ka sa nou pa t kapab rive verifye si tout peyizan viktim yo te jwenn konpansasyon pou destriksyon pwopyete yo.
Sipò pandan yon tan: ni Etid preliminè a ni RAP te foki pou viktim yo resevwa fòmasyon epi sipò pou pèmèt yo jwenn yon travay pou evite ensekirite alimantè epi rejwenn revni yo. ¹²⁷ Sepandan pwopozisyon yo fè a manke detaye epi RAP a te dispoze \$76,000 pou inisyatif sa: yon kantite kòb ki nètman pa reprezante anyen pou retabli mwayen ki te ka pèmèt plis pase 360 fanmi viv. ¹²⁸	Nan Pwotokòl Akò a li di UTE te dakò pou bay viktim yo fòmasyon pandan yon tan epi sipòte viktim yo nan prepare yo pou jwenn si posib yon travay pandan konstriksyon PEK la. ¹²⁹ Jan n ap ka wè sa pi ba a, pa preske gen pèsonn ki te benefisye sipò sa. ¹³⁰
Nan sa ki gen rapò a konpansasyon final la, RAP a ¹³¹ te rekòmande pou viktim ki pa vilnerab yo gen chwa: <ul style="list-style-type: none"> • Devlopman yon ti biznis: fòmasyon, sipò teknik ak lajan (ant \$3000 e \$8400) pou monte yon ti biznis,¹³² te gen yon montan total \$180,000 ki te dispoze pou sa,¹³³ • Tè an ranplasman sa k pèdi a: UTE te dwe achte tè nan zòn Terye wouj/Fon blan pou l distribye bay viktim yo nan yon kantite ki soti nan 0.5-4 ekta. Li dwe fè travay amelyorasyon nan tè sa yo pou ogmantie kantite manje tè yo ka bay.¹³⁴ Kòb sa ap koute se \$6000 pou chak ekta.¹³⁵ 	Akò konpansasyon ki te jwenn an 2011 la pa t pale klèman sou konpansasyon final. Sepandan, nan atik 2 Pwotokòl Akò ki te siyen ant UTE epi ALENAC te rekonèt nan tan k ap vini yo (lon tè) viktim yo ap gen pou resevwa lòt konpansasyon sou fòm: tè pou tè, sipò pou monte biznis, epi fasilite fanmi vilnerab yo lòt bagay. ¹³⁷ Atik 6 la ajoute pou l di si tè agrikòl an ranplasman pa gentan prè pou fen Novanm 2011, peyizan yo t ap resevwa revni yo ta sipoze genyen pou sezon 2011-2012, osinon UTE t ap peye pou yon ane rekòt an plis epi enkapasite pou jwenn manje si nan mwa Jen 2012 okenn lòt mezi pa t pran parapò a konpansasyon yo dapre sa atik 2 a fè konnen.

¹²⁷ Baseline, p. 2, ¶6; RAP (2011), pp. 11, 14, 41.

¹²⁸ RAP (2011), Anèks 8. Si nou baze sou 366 fanmi ki te idantifye nan Etid preliminè a, montan sa te evalye a \$207 pa fanmi.

¹²⁹ Anlè, Anèks 3, art 2.

¹³⁰ Gade tablo 2 pi ba a.

¹³¹ RAP ajoute chwa monte yon ti biznis kòm opsyon. Etid preliminè a tè an ranplasman oswa kay pou fanmi vilnerab yo.

¹³² RAP (2011), pp. 33-34, 42-44. Pou yon viktim kalifye pou l resevwa tip konpansasyon, fòk li ranpli omwen twa kritè adisyonèl ki gen rapò a esperyans, “nivo entèlektyèl”, laj epi abilite pou jere lajan.

¹³³ Anlè, Anèks 8, baze sou yon pre finansman ki te \$3000 epi opòtinite pou patisipe nan pwogram ti biznis BID la (te gen yon lòt finansman \$5400 pou chak moun)

¹³⁴ Anlè, pp. 42-43.

¹³⁵ Anlè, Anèks 8.

¹³⁷ RAP (2011), Anèks 3.

365 sou 366 fanmi ki te idantifye nan moman a ankèt preliminè a t ap fèt la te chwazi tè ranplasman kòm konpansasyon final. ¹³⁶	
Nan sa ki gen pou wè ak konpansasyon final la, RAP a te rekòmande pou fanmi vilnerab yo resevwa yon lojman, sa ap fèt atravè yon montan lajan k ap pèmèt yo achte epi lwe (omwen yon pati) kay la pou jwenn yon revni altènativ. ¹³⁸ nan pwopozisyon RAP la te fè a te gen yon bidjè \$120 000 baze sou 40 kupon finansman \$3000 chak. ¹³⁹ Yo te esplike poukisa se 40 kupon finansman ki te pwopoze pandan yo te idantifye 51 fanmi ki vilnerab.	<i>Gade piwo.</i>

An rezime nou ka di konpansasyon pwovizwa epi tranzisyonèl yo te bay nan ane 2011 yo pa t rive konpanse pèt nou te fè yo. Mankman sa yo soti nan rekòmandasyon ankèt preliminè a epi RAP la yo menm yo te fè, nan rapò sa yo, yo pa rive konte kantite pèt rekòt nou fè vrèman epi pou ris pou ensekirite alimantè sou plan endividyèl epi pou fanmi yo, sa pa t pèmèt yo etabli yon plan ki klè pou retabli sous revni nou te genyen anvan. Move aplikasyon rekòmandasyon ankèt preliminè a epi RAP a fè yo fè gen anpil lòt mankman, men tou sa soti nan difereans ki te genyen nan kantite kòb chak fanmi te resevwa kòm konpansasyon- genyen ki te resevwa mwens lajan parapè a sa RAP a te rekòmande- san okenn esplikasyon klè pa bay sou sa. Gen anpil bagay nou pa konnen non plis paske nou pa t resevwa tout enfòmasyon ki konsène konpansasyon.

Nan sa ki gen pou wè a konpansasyon final la, sa te pran anpil tan pou yo te bay li. Apre sa BID ak UTE te abandone opsyon tè an ranplasman an.

Tè sa yo UTE ta pral bay nan Terye wouj la te gentan gen lòt peyizan ki t ap kiltive depi plizyè jenerasyon. Viktim yo te mande UTE pou jwenn aranjman ak kiltivatè sa yo, pou ta gen yon pataj tèren an pou evite konfli ant diferan kominote sa yo, osinon pou jwenn lòt tè ki p ap kreye konfli. Peyizan Terye wouj te montre volonte pou pataje tè a men yo te poze kèk kondisyon.¹⁴⁰ Opsyon sa te abandone paske UTE epi moun ki t ap viv nan tè a pa t rive jwenn yon akò sou jan sa ap fèt. Nan ka sa, UTE ak BID te deside yo menm san konsilte pèsonn abandone opsyon bay tè a pou yo bay lajan kach pito kòm konpansasyon (te gen yon espepsyon ki te fèt pou kèk fanmi).

¹³⁶ Lòf fanmi te chwazi sipò pou onte yon biznis.

¹³⁸ *Anlè*, p. 44.

¹³⁹ *Anlè*, Anèks 8.

¹⁴⁰ Acte d'Engagement between UTE and L'Association des Petits Planteurs du Nord Est (23 Dawout 2012), atache nan Anèks 14. *Kontras* 2013 ESMR di moun ki te sou tè yo te fè "gwo rezistans epi yo te fè konprann yo te deja okipe tè sa a ki te deja idantifye kòm tè y ap bay kòm konpansasyon pou relokalize viktim yo nan Fon Blan/Gaudine" epi "Asosyasyon ti plantè Nòdès te menase fanmi viktim yo epi yo te fè konprann yo te konn itilize tè sa pou fè agrikilti epi gade bèt" ¶3.58. Vèsyon sa diferan de sa nou menm nou sonje ki te pase

Anpil rezon yo bay- pou abandone akò pou te bay tè a kòm altènativ- jiska prezan pa klè pou nou, malgre nou te mande UTE ak BID pou l ban nou plis enfòmasyon.¹⁴¹ Nan yon memorandòm UTE ak BID te voye ba Kolektif la yo jis di yo rankontre “ difikilte nan tè a”¹⁴² epi nan yon rapò ki akonpaye l, te di se akòz “ mank volonte manm Asosyasyon ti peyizan Nòdès.”¹⁴³

Byenke n konnen BID pral di majorite viktim yo te apwouve desizyon pou “abandone” opsyon “tè pou tè a” kòm konpansasyon,¹⁴⁴ anpil viktim nou te pale ak yo di yo pa t gen chwa yo te oblije asepte lajan kach la nan moman sa paske yo te pè pou yo pa jwenn anyen ditou.¹⁴⁵ Kèk nan yo te menm di yo te “fòse” yo siyen akò konpansasyon final la, epi yo te di yo si yo pa asepte yo p ap resevwa okenn lòt lajan.¹⁴⁶ Rapò RAP la fè konprann depi nan kòmansman kèk viktim te pito resevwa lajan kach, yo te deside sa paske yo panse Gouvènman an pa t ap rive bay tout konpansasyon (ki pa lajan tankou tè..) jan sa te konn abitye fèt nan ka leta te konn deplase moun sou de tèren nan rejyon an, yon pwosesis ki te konn koze pwoblèm.¹⁴⁷ Antouka, nan de entèvyou Kolektif la te fè ak 58 viktim, 20 (34%) ladan yo te toujou prefere opsyon « tè pou tè » a an 2013, yon chwa ki pa t respekte.¹⁴⁸

Akoz reta ki te genyen an, gen lòt konpansasyon ki te bay an 2012 epi 2013, n ap jwenn detay yo nan Tablo 2 a.

ii. Tablo 2: Konpansasyon 2012 epi 2013

Konpansasyon 2013 epi 2014	Komantè adisyonèl
<p>Pèt rekòt epi sekirite alimantè pou ane 2012 epi 2013: nou remake pifò (si se pa tout) fanmi yo te resevwa lòt konpansasyon paske te gen reta nan dat pou yo te resevwa konpansasyon final la.¹⁴⁹ Malgre nou te mande pou BID ak UTE te ban nou lis tout konpansasyon yo te bay chak fanmi, nou pa t resevwa enfòmasyon sa.¹⁵⁰ Nan yon rankont nou te gen ak BID epi UTE an Me 2016, yo te di nou konpansasyon</p>	<p>Menm jan ak lòt mankman nou te di ki te repete nan kalkil konpansasyon ki te bay an 2011 yo, nan konpansasyon sa yo tou yo pa pran an kont jan kou lavi a, pri pwodui epi manje te monte anpil depi ane 2011 nan Karakòl (plis detay pi ba a).</p> <p>Etandone chanjman ki gen nan chif ki bay sou kantite deplase yo, soti nan 366 pou rive nan 442, nan plizyè dokiman ki te ekri soti ane</p>

¹⁴¹ Gade selyon V epi Anèks 12 nan sa ki rapò ak efò k t ap fèt pou jwenn yon solisyon a pwoblèm yo.

¹⁴² Anèks 5, Aide Memoire, ¶III(F).

¹⁴³ Alix Innocent, Chargé de Coordination du PAR *Rapport: Rencontre de Discussions Pour La Mise En Oeuvre d'un Cadre de Négociation entre L'UTE et Les Agriculteurs de Chabert* (19 Dawout 2013), p. 1 dokiman sa atache nan Anèks 13.

¹⁴⁴ 2013 ESMR, ¶3.60.

¹⁴⁵ Gade, pa egzanp entèvyou nou te fè ak Dieudonné Florvil, Ilna St Jean, Louis Tirène, Marie Suze Zephirin, Vigenise Bien Aime, and Rémi Augustin tout te fèt 11 Jiyè 2016 (yo disponib si moun ta renmen wè yo, pi ba a n ap ka wè yo), ansanm ak istwa Marie Marthe Rocksaint.

¹⁴⁶ Entèvyou nou te fè ak Dieudonné Florvil, Ilna St Jean, Louis Tirène, Vigenise Bien Aime, and Rémi Augustin te fèt 11 Jiyè 2016

¹⁴⁷ RAP (2011), p. 38.

¹⁴⁸ Anèks 6, rezime entèvyou yo.

¹⁴⁹ Anèks 4, rapò rankont yo; Anèks 5, Aide Memoire BID ak UTE.

¹⁵⁰ Gade seksyon V epi Anèks 12.

<p>yo te bay an 2012 epi 2013 pou pèt rekòt epi sekirite alimantè te menm ak sa nou te resevwa an 2011 lan, yo pa t mete anyen sou li menm si lavi a te vin pi chè apre ane 2011.¹⁵¹</p>	<p>2011 pou rive 2015,¹⁵² se yon obligasyon pou BID ak UTE bay yon lis ki di egzakteman ki kantite moun ki te resevwa konpansasyon epi pou yo mete sou pye yon mekanis pou rezoud pwoblèm moun ki santi yo fwase.</p>
<p>Konpansasyon final an lajan kach la te bay nan fen ane 2013, sof 35/36 fanmi vilnerab (nou pale de sa pi ba a).¹⁵³ selon BID ak UTE, konpansasyon final la te kalkile sou baz pèt senk ane rekòt (\$1,450 pa ane) avèk yon ogmantasyon ki te pran an kont ogmantasyon kou lavi a (1.1725 index).¹⁵⁴</p>	<p>Nan kalkil sa yo pa rive evalye vrè valè tè nou pèdi a oswa pri tè ranplasman ap koute. Jan n ap ka wè sa nan esplikasyon ki bay pi ba a yo, kòb sa pa t ase pou rebay moun revni moun ki te deplase yo te konn fè anvan sa.</p>
<p>35/36¹⁵⁵ fanm vilnerab te jwenn òf kay, lajan pansyon oswa yon kredi (lèt) ki ap pèmèt yo jwenn tè pou anfèmen.</p> <ul style="list-style-type: none"> • 10/11 fanmi te chwazi pou yo resevwa kay; • 14 moun sou 65 te chwazi pou resevwa yon pansyon nan men leta ki te evalye a 8 000 goud pa mwa (preske \$120 ameriken pa mwa); • 11 moun te chwazi pou resevwa lèt kredi a ki ap pèmèt yo jwenn tè.¹⁵⁶ 	<p>Anpil na fanmi sa yo te pran anpil tan pou jwenn konpansasyon sa. 9 sou 14 fanmi ki te mande pansyon te tann jiska kòmansman ane 2015, epi jiska mwa Novanm 2015 gen youn ki te toujou ap tann.¹⁵⁷ Sou 11 fanmi ki te mande kay kòm konpansasyon, 10 te toujou ap tann kay sa jiska mwa Me 2016 e petèt yo toujou ap tann nan moman n ap pale a.¹⁵⁸</p>
<p>Lojman tranzisyonèl: si nou baze sou lis BID ak UTE te bay la, sèlman 7 chèf fanmi viktim ki te idantifye nan ankèt preliminè a (sa vle mwens pase 2%) te benefisyè fòmasyon Institut National de Formation Professionnelle (“INFP”) te fè pou 210 moun.¹⁵⁹ Sou 58 viktim nou te pase entèvyou, pa gen yon moun ladan</p>	<p>Ta sanble fòmasyon sa INFP te bay la pa t gen pou objektif pou konpanse tè viktim yo te pèdi a, ni restore revni yo men se pou te fòm travayè kalifye y ap bezwen nan yon tan ki kout, oswa pi long (mwayen tèm)¹⁶¹ nan PEK la, san okenn priyorite pou fanmi viktim yo.</p>

¹⁵¹ Anèks 4, rapò rankont yo.

¹⁵² Gade esplikasyon konplè yo nan seksyon III.B.iii pi ba a.

¹⁵³ Gade Anèks 9, egzanp akò konpansasyon final 2013 la. Nou te konsilte 190 akò.

¹⁵⁴ Anèks 4, rapò rankont yo; Anèks 5, Aide Memoire BID ak UTE.

¹⁵⁵ BID ak UTE te fè konnen yo te konsidere 35 fanmi kòm “vilnerab” sepannan nan dokiman UTE te pibliye an Jen 2016 yo te idantifye 36 fanmi ki nan kategori sa: gade Anèks 13, *Plan de compensation: Choix d’options d’accompagnement par les personnes vulnérables and Cotisations a payer pour les agriculteurs délocalisés dans le cadre du programme PIC.*

¹⁵⁶ Nou rann nou kont sistèm bay lèt kredi sa a se yon sistèm kote UTE ap peye fèm tè peyizan viktim nan li menm ap idantifye apre li fin verifye papye tè a : gade ESMR 2015, ¶4.33. nou pa konnen si oswa koman benefisyè a te resevwa sipò nan men UTE oswa lòt sèvis leta yo te ede l jwenn tè a epi negosye pri a.

¹⁵⁷ HA-L1101 ESS, ¶3.15; ESMR 2015, ¶4.34.

¹⁵⁸ Apre anpil tan sa te pran BID pou l te bay viktim sa yo lojman nan Terye wouj. Yo te eseye mete 10 fanmi sa yo nan lojman USAID te konstwi yo men sa pa t mache: ESMR, 2015 ¶4.34.

¹⁵⁹ Fòmasyon UTE/INFP (Caracol) *Liste des participants* (x4, dat pa disponib), atache nan Anèks 13.

¹⁶¹ INFP *Rapport d’exécution du Programme de formation professionnelle lié à l’implantation du Parc Industriel de Caracol* (Oktob 2012), p. 1 atache nan Anèks 13.

yo ki te resevwa fòmasyon, sèlman yon sèl moun ki di li gen yon fanmi l ki te suiv yon fòmasyon.¹⁶⁰

Pa t gen yon negosyasyon jis pou te rive ak akò ki te siyen yo. Nou pa t gen ase enfòmasyon ni ase opòtinite pou nou te ka byen konprann epi evalye ansanm plan ki te prezante yo epi nou pa t gen ase pouvwa pou reziste etandone nou te gentan pèdi tè a. Jan nou te di l pi wo a, nan mwa Daout/Septanm 2013, anpil nan nou te pè pou n pa resevwa anyen. Anpil moun toujou ta renmen resevwa tè men yo te abandone opsyon sa a. Pou viktim ki te vle resevwa lajan kach yo kòm konpansasyon, yo te mande yon kantite kòb ki te egal a 15 ane pèt rekòt, non pa senk ane, se montan sa yo panse ki te ka konpanse pèt yo te fè epi sa ap pèmèt yo rejwenn yon revni pou yo viv.¹⁶² Pa t vrèman gen yon negosyasyon, a la fen se nou ki te soufri.

“Mwen t ap kiltive tè a depi 22 ane men yo te fè m kite l san okenn konpansasyon. aprè sa leta te voye moun vin fè investigasyon kote yo t ap poze anpil kesyon men yo pa t janm di kisa y ap bay kòm konpansasyon.pa t gen okenn negosyasyon, yo te di nou pou asepte sa yo t ap ban nou kòm konpansasyon an. Nou te panse pak la t ap nan benefis nou. Yo te pwomèt nou tè anvan, aprè se kay men anfen se yon ti kraze monnen yo te ban nou kòm konpansasyon”

Marie Marthe Rocksaint se yon peyizan ki pa t gen anpil tè epi li se manman de pitit.



Kredi foto: Marilia Leti/ActionAid

Mankman ki te gen nan konpansasyon an te ogmante parapò a monte rapid kou lavi a nan Karakòl depi 2011. Chif ofisyèl enflasyon nan peyi Dayiti te 8.4% an 2011 epi 6.3% an 2012.¹⁶³

¹⁶⁰ Anèks 6, rezime entèvyou yo.

¹⁶² Anèks 13, *Rapport: Rencontre de Discussions*, p. 2; entèvyou nou te fè ak Ilna St Jean epi Vigenise Bien Aime nan dat 11 Jiyè 2016 (disponib si yon moun ta mande sa).

¹⁶³ Transformation Index BTI 2016 *Haiti Country Report* (2016), p. 16 <http://bit.ly/2aTvpBZ>.

Nan menm peryòd sa pri manje moun yo te konn pwodui nan Chabè te sibi gwo ogmantasyon. Pri yon liv pwa te pase de 25 goud an Janvye 2011 a 50 goud an Janvye 2013 nan mache Okap, yon ogmantasyon 100% (epi 60% nan Wanament).¹⁶⁴ Si vikti yo te kontinye kiltive tè yo a an 2012 epi 2013 epi nan lòt ane ki vin apre t ap ka vann pwodui a pou yon pri ki vrèman wo.

Pri kay te monte mòn tou. ActionAid Haiti te remake nan kèk kominote kote kay te konn lwe ant \$32-\$55 pa mwa te pase a \$215 pa mwa an 2014.¹⁶⁵ Nan yon mizajou Ankèt sou enpak global pwojè a an 2015 te konfime ogmantasyon pri kay epi demand pou manje nan Terye-Wouj.¹⁶⁶ Pri pou anfèman kay te monte menm jan nan Twoudinò, li te preske double.¹⁶⁷

Nan konpansasyon ki te bay an 2012-2013 pou pèt rekòt la epi pou sekirite alimantè pa t pran an kont pèt adisyonèl revni- ni ogmantasyon kou lavi a. Menm si montan konpansasyon an pran an kont pafwa enflasyon yo (1.1725 index): ajisteman sa te piti parapò a ogmantasyon reyèl epi espesifik pri pwodui yo nan zòn Karakòl.

An final, konpansasyon sa pa t sifi pou asire viktim yo yon nivo vi ki te menm ak sa yo te gen anvan.

“ Mwen te mande yon kay nan plas tè a men yo pa t ban m ni kay ni tè. Yo te jis ban nou ti kraze monnen. ...M te oblije pran l paske otreman m pa t ap jwenn anye, se pou sa m te siyen epi m pran lajan an...mwen pa t ka peye tè. Kounya pa gen anyen moun ka achte fasil. Epi li te pi di pou nou toujou pou nou peye lekòl.”

Marie Suze Zephirin.

Te gen pwoblèm tou nan pwosesis indantifikasyon fanmi yo. Ant 2011 a 2013 chif ki te bay pou kantite fanmi ki vilnerab- nan ankèt pou resanse espesifikman fanmi ki vilnerab ou pa- te chanje anpil.

- Jan nou te deja di sa, an 2011 gen 51 fanmi ki te konsidere espesyalman kòm vilnerab, ladan yo gen fanmi kote se fanm k ap dirije fanmi sa yo.¹⁶⁸ nan moman sa, te gen sèlman 366 fanmi ki te afekte ki te idantifye. Malgre UTE te di tout moun ki gen 75 ou plis te konsidere kòm vilnerab,¹⁶⁹ nou te idantifye omwen 2 moun ki te gen plis pase 75 zan ki pa t nan lis moun vilnerab rapò RAP an 2011.¹⁷⁰
- An 2013, gen yon nouvo lis ki te soti, malgre ogmantasyon kantite fanmi kite afekte, se de fanmi ta sanble UTE ak BID rekonèt kòm vilnerab, nouvo lis sa redui kantite fanmi vilnerab yo a 35. Nou te idantifye omwen yon fanm nan lis sa, sepandan nou pa

¹⁶⁴ CNSA *Fiches de collecte de prix de marché* (3 Janvye 2011) and (16 Janvye 2013), <http://bit.ly/2aH85sP>.

¹⁶⁵ ActionAid Haiti (2015), p. 13.

¹⁶⁶ UTE & Golder Associates *Mise À Jour de L'évaluation de L'impact Cumulatif Sur L'environnement du Projet D'aménagement du Parc Industriel de Caracol: Étude d'impact environnemental cumulative* (13 Novanm 2015), p. 77 <http://bit.ly/2b054T5> ["CIA Update (2015)"].

¹⁶⁷ *Anlè*, pp. 77-78.

¹⁶⁸ RAP (2011), Anèks 11, pp. 155 ak 156.

¹⁶⁹ *Anlè*, Anèks 10.

¹⁷⁰ *Gade* Anèks 11.

t gen tout enfòmasyon sou li, paske ni BID ni UTE pa t bay okenn enfòmasyon sou kantite fanm ak gason ki te gen nan fanmi vilnerab sa yo.¹⁷¹

- Selman 8 viktim, ladan yo gen 6 ki depase 65 lane, ki te nan lis moun viktim 2011 yo non yo te parèt nan lis 2013 la.

Malgre demann nou fè, ni BID ni UTE pa t bay yon lis ki esplike klèman kritè ki te itilize an 2013 ni yo pa t bay okenn esplikasyon pou gwo chanjman ki te gen ant 2 lis yo.¹⁷²

Nan yon rapò BID ak UTE te fè soti an Jen 2016, yo di chèf fanmi ki te vilnerab an 2013 se moun ki te posede “mwens pase 1 ekta” epi ki te konn touche mwens pase 8000 goud (US\$200) pa mwa osinon moun ki te gen plis pase 65 lane.¹⁷³ Sa fè sans pou konsidere yon moun ki gen plis pase 65 lane kòm vilnerab, se yon kritè ki sifizan paske a laj sa a li trè difisil pou yon moun konsa jwenn mwayen pou retabli sous revni li gen anvan an. Sepandan lis kritè sa yo gen kote yon limite paske pa pran an kont sèks moun nan, eta sante, nan ki eta kay moun nan ye, estrikti fanmi an, kou lavi a, epi lòt faktè enpòtan ki ka pwouve vilnerabilite.

Agiman BID ak UTE te bay pou konsidere kritè sa yo kòm sa ki ka pwouve vilnerabilite moun sa yo epi fè yon lis an 2013 depaman ak sa anketè yo te jwenn nan ankèt preliminè a epi depaman ak enfòmasyon nou menm nou te ranmase. Pami lòt pwoblèm n ap site:

- Nan Etid preliminè yo di yo te idantifye 68 chèf fanmi ki te gen plis pase 68 lane an 2011(kantite sa fè pati sèlman 351 fanmi yo te idantifye kòm fanmi ki te deplase nan pati sa nan ankèt la), men se sèlman 35 fanmi (an total) yo te konsidere kòm vilnerab an 2013.¹⁷⁴
- Sou 58 chèf fanmi nou te fè entèvyou ak yo an Me 2011, nèf ladan yo te gen plis pase 65 ane depi ane 2013.¹⁷⁵ Yo tout te resevwa lajan kach kòm konpansasyon, nan ka sa yo pa t konsidere yo kòm moun ki vilnerab. Si nou baze sou dokiman nou te konsilte yo, nou te idantifye 32 moun ki te gentan gen plis pase 65 ane an 2013 men yo pa t nan lis moun ki te trete kòm vilnerab yo.¹⁷⁶ Anne Leroy, se youn nan moun ki te resevwa lajan kach kòm konpansasyon yo e ki te gentan gen plis pase 65 an 2013. N ap jwenn kontrandi istwa l la nan seksyon 0 a.

Akoz mank enfòmasyon siplemantè sou kritè yo epi ki pwosesis ki te itilize pou te fè lis moun ki vilnerab yo nan ane 2013 la, li difisil pou yon moun fè komantè sou validite lis la. Sepandan si nou baze sou enfòmasyon ki genyen nan akèt preliminè a epi enfòmasyon nou te ranmase, ta sanble 35 fanmi yo te idantifye an 2013 pa ta dwe fè pati lis sa a, menm si n ta konsidere kritè BID ak UTE yo ki yo menm se de kritè ki gen anpil limit.

¹⁷¹ Gade konparezon nou tè fè ant 2 lis yo nan Anèks 10. Nou te ranmanse enfòmasyon sa a nan men plizyè sous atravè dokiman BID ak UTE te bay an Jen 2016, kòm yo pa t rive bay yon lis konplè. Nou te konte yon lòt moun ankò-36 an total- olye de 35 BID ak UTE te di ki genyen: Anèks 13, UTE *Plan de compensation: Choix d'options d'accompagnement par les personnes vulnérables* and *Cotisations a payer pour les agriculteurs délocalisés dans le cadre du programme PIC*.

¹⁷² Gade seksyon III.B.v, V epi Anèks 12.

¹⁷³ *Rapport: Rencontre de Discussions*, p. 2, atache nan Anèks 13.

¹⁷⁴ Baseline, pp. 11-13. 21 nan moun ki te gen plis pase 75 lane.

¹⁷⁵ Anèks 6, rezime entèvyou yo

¹⁷⁶ Anèks 11, tablo konpansasyon

Etandone manke enfòmasyon ak konsiltasyon, reta epi pwomès yo te fè nou ki pa kenbe pandan tout pwosesis la, li te inevitab pou konpansasyon yo t ap bay la pa sifi pou remete nou kanpe sou plan sosyo-ekonomik. E se konsa sa te ye. Majorite viktim yo rapòte nou kondisyon yo kounya pi mal pase anvan deplasman yo a, paske kounya y ap fè fas a gwo difikilte lajan epi y ap fè fas a ensekirite alimantè. Nou jwenn menm enfòmasyon sa nan men majorite moun sou 58 chèf fanmi nou te poze kesyon.¹⁷⁷

- 54 nan rapòte nou pou kounya yo twouve nan yon sitiyasyon ekonomik enstab, 48 ladan di yo oblije tonbe nan pran ponya reglilyèman;
- 46 di sitiyasyon yo ye kounya pi mal pase anvan lè yo te gen lè a, 11 di sitiyasyon yo pa ni vin pi bon ni vin pi lal, gen sèlman youn ki di sitiyasyon li vin pi bon pou kounya;
- Kat ladan yo di yo pa t resevwa tout konpansasyon ki te pwomèt nan akò a epi gen 2 ki di yo pa resevwa okenn konpansasyon ditou;
- Gen 8 viktim ki gen pitit yo ki oblije ale Sendomeng akòz mank opòtinite ekonomik. Gen lòt ki rapòte nou akòz revni fanmi yo ki diminye epi reta nan resevwa konpansasyon anpeche fanmi yo peye lekòl timoun yo kòm sadwa;
- Viktim yo itilize konpansasyon lajan pou peye depans kouvri de depandans imedyà epi obligatwa yo te konn abitye peye anvan ak kòb yo te konn fè lè yo vann pwodui ki soti nan tè a: pou manje (49), Peye lekòl (47) epi (37) te peye dèt yo te genyen.
- Pou majorite ladan yo, pou kounya se nan travay agrikilti yo te konn fè kòb pou yo viv (plantasyon ak elvaj) sou de tè ki pa fètil menm jan an yo lwe osinon lòt tè yo posede lòt kote, osinon gen ladan yo ki al travay nan lòt plantasyon (33). Gen 11 ladan yo ki vann chabon, 10 fè ti biznis, 5 rekolte sèl, 3 fè mason, 3 kòm pechè;
- Okenn nan viktim yo pa t resevwa fòmasyon ki t ap pèmèt yo jwenn yon travay ki te pwomèt la. Gen yon sèl moun ki di li te gen yon fanmi li te patisipe nan yon fòmasyon; epi
- Gen 6 ki di aprè deplasman an yo pa gen okenn revni ditou.

“Mwen te gen demi ekta tè. M te konn plante piman ; pye papay ; pye mango. Mwen te konn gen tout kalite bagay sou tè a. mwen te gen plizyè bagay ki t ap grandi sou tè a : mayi, manyòk, pwa nwa esksetera. Lè reprezantantan leta ayisyen te vini nan zòn nan yo esplike peyizan yo pakèt bagay sou tè a. Li te di nou n ap resevwa yon kantite lajan n ap ka itilize menm lè pitit nou fè pitit, li te di nou lajan sa ap menm twòp pou peye tout sa yo bezwen. Se sa li te di nou. Yo te ban nou presyon tou. Nou te bay tè a jan yo te mande nou li a men li te di li t ap benefik pou nou. Men kounya pou demi ekta tè m nan yo te ban m 47 630 goud (\$1,190).”

Philomise Pierre.

¹⁷⁷ Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo.

“ Yo [UTE ak BID] te di nou yo pa t ka jwenn tè a men y ap ban nou kòb la nou menm n a achte tè a. Aprè sa yo ban nou yon ti kraze monnen ki pa t ka achte tè paske tè yo chè anpil! Lajan yo te pwomèt nou an se pa li yo te bay...si yo te bay ase lajan mwen t ap achte tè a. men yo pa t banm ase lajan ”

“ mwen te menm gen yon ti kay m te kòmanse konstwi men m oblije kanpe paske m pa gen mwayen pou m achte materyo. ”

“Lè yo te konsilte nou an, nou te mande kay, ti biznis, nou te mande pou yo byen pra . ka fanmi nou yo. Epi yo te di nou ‘ Bon, nou mande kay men nou p ap ka jwenn li, men n ap ka ban nou lajan. ’ ...mwen pa t vle siyen ! mwen pa t vle siyen ! yo te deside fè yon rankont avèk nou epi yo te di nou, « n ap bay lajan ». mwen pa t vle siyen, mwen te di yo ‘ se pa kòb nou te di n ap bay pou nou te ka achte tè a, ak tè a nou ka travay pou nou ede pitit nou yo ’. Nan moman sa yo te fòse nou siyen epi yo te di nou ‘ tout lòt moun siyen, ou menm ou dwe siyen ’. Yo te fòse m siyen pou m te ka resevwa ti kraze monnen an. Men lajan sa pa t ka regle anyen pou nou! Tout bagay chè !lekòl chè : mwen gen 5 pitit »

Rémi Augustin.

“Tè m nan te fètil anpil. Mwen te konn plante mayi, pistach ak pwa nwa e mwen te konn fè 2 rekòt chak ane. Kounya mwen dwe achte pwodui ki soti Sendomeng ki ankò pi chè. Avan nou te konn achte kilo mayi 4-5 goud, kounya li vann 100 goud. ”

Etienne Robert gen 72 lane e li se papa 4 pitit. Li te posede yon pasèl tè kloti PEK la divize an 2 pati.



Kredi foto: Marilia Leti/ActionAid

B. BID te vyole politik operasyonèl li yo nan sa ki gen pou wè ak Relokalizasyon envolontè, egalite fanm ak gason epi nòm ki garanti respè anviwonman an

i. Nou te deplase san okenn garanti

Vyolasyon ki pi klè e ki pi grav ki fèt pfarapò a nòm BID yo se deplasman omwen 442 peyizan ak tout fanmi yo (preske 3500 moun) sou tèren kote pwojè a soti 4 pou rive 14 janvye 2011, anvan menm plan relokalizasyon an (RAP) epi tout verifikasyon preliminè ki nesèsè. Tip vyolasyon sa a te kontinye ap fè lè Konsèy administrasyon an te apwouve pwojè a.¹⁷⁸

Dapre Politik operasyonèl Bank lan, preparasyon yon plan relokalizasyon (RAP) se yon obligasyon fondamantal, plan sa ap pèmèt moun ki te deplase yo jwenn yon konpansasyon ki jis e ki adapte a ka yo.¹⁷⁹ Nan moman menm BID ak UTE te deside chwazi tè pou mete pwojè yo te dwe nan menm tan an plan relokalizasyon an (RAP).¹⁸⁰ Yo te dwe devlope plan sa a (RAP) pandan y ap chita sou done egzak yo ranmase¹⁸¹ epi aprè sa konsilte kominote a pou yo ka patisipe,¹⁸² anvan menm Konsèy la te apwouve pwojè a¹⁸³

Nan dokiman enfòmasyon sou nòm Relokalizasyon envolontè a, yo esplike enpòtans pou mete an aplikasyon RAP depi nan faz lansman pwojè a:

“Dwe gen yon evalyasyon ki fèt pou depi nan kòmansman pou konnen anplè ak kijan relokalizasyon an ap fèt pou pèmèt yo egzamine ansanm altènativ pwojè a ta dwe bay pou evite relokalizasyon an tank sa posib. Nan ka sa a, devlopman plan relokalizasyon an dwe lye a diferan etap preparasyon pwojè a li menm, sa ap pèmèt evalyasyon vyabilite pwogram relokalizasyon an fè pati pwojè a globalman, ansanm ak evalyasyon k ap kouvri evalyasyon ansanm kou epi avantaj tout lòt faktè yo...plan relokalizasyon dwe prè pou evalyasyon nan menm moman ak lòt eleman pwojè a...”¹⁸⁴

Preparasyon pi bonè RAP a “fasilite tou chwa epi achte tè kote moun yo ap relokalize kote moun yo oswa tè epi kay ki nesèsè kòm ranplasman...”¹⁸⁵

Sepandan, plan relokalizasyon an (RAP) te finalize epi yo te kominike l kèk mwa aprè fanmi yo fin deplase epi 2 mwa aprè konsèy administrasyon BID te fin apwouve premye prè pou pwojè a. Akoz yo pa rive fini plan relokalizasyon an (RAP) ki se yon egzijans epi tout lòt verifikasyon preliminè yo ansanm etap konsiltasyon yo, sa te gen anpil move enpak sou nou.

¹⁷⁸ Lòt vyolasyon Politik operasyonèl BID sou Relokalizasyon envolontè (Oktob 1998, OP-710), ¶V(6) [“RP”].

¹⁷⁹ Anlè, ¶III(2).

¹⁸⁰ Anlè, ¶V. okenn nan esepsyon ki nan RP, ¶IVpa t aplike.

¹⁸¹ Anlè, ¶V(1).

¹⁸² Anlè, ¶V(2).

¹⁸³ Anlè, ¶V(6).

¹⁸⁴ Involuntary Resettlement Background Paper (Oktob 1998), p. 32 <http://bit.ly/2aBa8f9>. Gade tou nan dokiman ko pote non The Eighth Replenishment, ki egzije: “Lè li nesèsè nan yon pwojè pou gen relokalizasyon, plan relokalizasyon an dwe mete an plas depi nan premye faz konsepsyon pwojè a epi li dwe disponib nan moman prezantasyon pwojè a devan Konsèy la. Nan plan sa, yo dwe reyalize de ankèt pou prezante rezime ris ak enpak anviwonmantal yo”: sitasyon sa parèt nan dokiman ki pote non: Involuntary Resettlement in IDB Projects: Principles and Guidelines, pp. 6-7 <http://bit.ly/2b08sNC>.

¹⁸⁵ Involuntary Resettlement Background Paper, p. 33.

Nan Pwosisis evalyasyon pwojè a epi chwa tèren an yo pa t pran an kont enpak grav sa te gen sou lavi nou. Pa t gen okenn tantativ ki te fèt pou evite oswa redui enpak sa yo anvan yo rive sou nou. San okenn avètisman nou pèdi yon sous revni enpòtan epi tonbe nan ensekirite alimantè. Nou pa t gen opòtinite pou nou planifye moman tranzisyon ni nou pa t resevwa sipò ki kòrèk pou n te fè sa. Nou pa t gen asirans disponiblite yon tè kòm ranplasman depi anvan nou te deplase. Letan pou tantativ sa yo te fè, li te gentan twò ta pou move enpak sa yo.

ii. Mache prese nan chwa tèren an epi mank analiz an pwofondè sou altènativ yo

Mache prese nan chwa tèren an- anvan menm yo te fè bon jan analiz sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo epi enpak relokalizasyon an- te vyole egzijans ki te fèt pou reyalize yon analiz an pwofondè epi franchi de etap pou evite oswa redui enpak relokalizasyon envolontè.

Objektif jeneral Politik relokalizasyon an se pou redui enpak sou aktivite ki te konn fè moun ki rete nan zòn kote pak la ap opere a yo viv (aktivite ekonomik yo) [sa vle di] evite oswa redui nesosite pou gen deplasman fizik...”¹⁸⁶.

Se nan objektif sa a, Politik Relokalizasyon mande klèman pou gen efè ki fèt pou evite osinon redui nesosite pou gen relokalizasyon envolontè...”¹⁸⁷ sa vle di li egzije pou: ¹⁸⁸

- Reyalize yon analiz an pwofondè sou altènativ pwojè a prezante yo pou idantifye solisyon ki ap reyalizab ekonomikman epi teknikman pandan n ap elimine oswa redui nesosite pou gen relokalizasyon envolontè ;
- Fè yon estimasyon rezonab de kantite moun pwojè a ka afekte epi estime konbyen relokalizasyon an ap koute pandan n ap evalye avantaj ant diferan altènativ yo;
- Prete yon atansyon patikilyè a tout konsiderasyon sosyo-kiltirèl, ladan yo vilnerablite popilasyon afekte a epi disponiblite bagay ki ka ranplase sa moun yo te posede ; epi
- Lè ta gen yon bon kantite moun osinon yon bon valè moun nan kominote ki afekte e ki ta dwe relokalize epi/oswa pwojè a gen enpak sou byen yo posede sou de bagay yo posede k genyen ki pa ka konte oswa ki pa ka dedomaje, apre yo fin explore tout lòt opsyon, se pou opsyon sa yo fin explore, anvizaje seryezman kòm altènativ pou pa pousuiv pwojè a.

BID ak UTE pa t rive respekte egzijans sa yo anvan li te chwazi tè pou enplante PEK la epi anvan menm viktim yo te deplase.¹⁸⁹

¹⁸⁶ RP, ¶II.

¹⁸⁷ Anlè, ¶III(1).

¹⁸⁸ Anlè dokiman ki pote non: the Environmental and Safeguards Compliance Policy (Janvyè 2006, OP-703) te mande tou pou gen yon evalyasyon altènativ pwojè a epi menm imajine yon senaryo kote pwojè a p ap reyalize ditou: ¶4.19 <http://bit.ly/2au4FpV> [“Safeguards Policy”].

¹⁸⁹ Politik Relokalizasyon an pa fè diferans ant BID epi kliyan l yo nan sa ki gen pou wè ak obligasyon sa yo. Nan ka n ap pale a, BID pa rive asire l obligasyon sa yo respekte, ni nan ka pa l ni nan ka kliyan l yo, nan ka kote li te klè pou te wè obligasyon sa yo pa t respekte.

Youn nan opsyon ki t ap pi evidan pou esplore se chache yon lòt tèren pou enplante pwojè a. Jan nou te di sa déjà, PEK la enplante sou tè ki pi fèt nan zòn nan, tè ki te konn pwodui an mwayèn 1400 tòn metrik manje pa ane,¹⁹⁰ nan yon rejyon epi yon peyi ki abitye viv moman grangou.¹⁹¹

“ Chwa tèren sa pou mete pak la se yon zak kriminel. Yo priyorize sa Etazini bezwen olye de bezwen Ayisyen genyen pou pwodui manje pou nourri tèt yo.”

Doudou Pierre Festil, Lidè kominotè, direktè egzekiti Mouvement Peyizan Akil epi Je Nan Je

Jan nou te deja sinyale sa, chwa tèren an te fè san yo pa t byen evalye enpak epi ris anviwonmantal ak sosyal PEK la t ap genyen. Nan Etid sou fezabilite a- ki te idantifye tè Karakòl ak Chabè kòm youn nan tè ki te « privilejye » yo- yo pa t reyalye yon analiz konplè sou enpak sosyal ak anviwonmantal yo. Evalyasyon sa te gen lòt li dekri tè a kòm yon tè ki pa t konn gen kilti entansif ki te konn fèt ladan pandan se kontrè a ki t ap fèt, sa ki demontre pa t gen bon jan verifikasyon ki te fèt avan sa. Kòm rezilta, yo pa teni kont de enpak relokalizasyon nan rekòmandasyon yo te fè nan pwosesis chwa tèren an.¹⁹²

Èrè sa yo pa t korije anvan yo te fè chwa tèren an, ni anvan Bank lan te apwouve pwojè a. Menm Komisyon ankèt BID te voye a pou evalye enpak yo te kritik parapò a pwosesis chwa tèren an.¹⁹³ Li te rekòmande pou lòt evalyasyon ki ap gen pou fèt ankò yo teni kont de enpak anviwonmantal (sosyal yo tou) epi enpak sou plan fiskal yo.¹⁹⁴

Vyolasyon sa yo te kontinye fèt pandan tout pwosesis relokalizasyon an. Menm si rapò sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo (ESIA) te fè kèk analiz brèf sou altènativ ki te pwopoze,¹⁹⁵ analiz sa yo pa respekte nòm BID yo nan sa ki gen pou wè ak Politik relokalizasyon yo III(1) paske:

- Li pa t baze sou estimasyon rezonab sou kantite moun ki te deplase yo. Se 1000 moun li te estime ki te deplase pandan kantite li ye pou kounya plis pase 3 fwa sa yo bay la: preske 3500;¹⁹⁶
- Li pa rive bay yon bon estimasyon sou kòb relokalizasyon an ap koute, ni li pa rekonèt dwa fanmi nou genyen sou tè a: li jis konsidere sèlman se te tè leta san li pa

¹⁹⁰ RAP (2011), p. 29; Baseline, p. 2, ¶4.

¹⁹¹ Gade paregzanp nan atik Jounal, LA Times ki gen pou tit “Drought compounds food crisis in Haiti (11 Fev. 2016) <http://bit.ly/2aTvpBZ>. Selon yon dènye rapò PAM (Pwogram alimantè mondyal) ki pote non Haiti Emergency Food Security Assessment (Fevriye 2016), p. 1, <http://bit.ly/2aR2LCD>, gen 1.5 milyon ayisyen ki twouve yo nan “ensekirite alimantè grav”.

¹⁹² Koios (2010), pp. 55-57.

¹⁹³ CIA (2012), p. 2.

¹⁹⁴ Anlè, p. 6.

¹⁹⁵ ESIA, pp. 17-19.

¹⁹⁶ Dokiman BID ki rele ‘Principles and Guidelines on Involuntary Resettlement, nan p. 28 bay kòm espikasyon: “gen yon tandans pou nan chif y ap bay yo pou di gen mwens moun ki afekte nan premye etid sou fezabilite yo (gade etid ki te fèt sou yon ka ki nan Anèks I a) epi sa souvan mennen a yon move estimasyon sou kantite kòb relokalizasyon an an ap koute. Sa souvan lakoz pri yo ogamante, rate resous pou rive finalize tout sa ki te prevwa nan plan relokalizasyon an epi sa ka apovri pi lwen popilasyon ki afekte yo.”

gen okenn kalifikasyon pou sa, pandan nou te gen yon seri dwa legal ak lòt dwa koutimye tankou "Petite et grande prescription";

- Li pa t rive ankete pou konnen si gen tè ki disponib ki pou sèvi kòm tè ranplasman;
- Li pa t rive fè de bon konsiderasyon sou disponiblite lòt tèren, etandone Etid sou fezabilite ki pote non Koios la te idantifye sèt tèren ki konsidere kòm aseptab oswa priveleje. ESIA a te sèlman pale de agiman ki te bay pou chwazi tè Karakòl an parapò a lòt 2 tèren priveleje yo, san li pa kesyone desizyon an si nou konsidere nouvo enfòmasyon ki te disponib sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo ap genyen, epi san li pa ofri de bon altènativ (tankou lòt kat tèren ki konsidere kòm aseptab yo); epi
- Li pa t fè ase konsiderasyon sou opsyon kote pwojè a pa t ap ka enplante, jan sa di nan nan Politik relokizasyon an etandone yo te oblije relokize yon pakèt moun nan yon zòn kote li te difisil pou jwenn tè ranplasman. Kontrèman a sa, ESIA a senpleman fè konprann ris pou gate repitasyon Bank lan te twò wo: pwojè a te gentan gen anpil vizibilite epi li fè konprann si yo pa t pwofite opòtinite investisman entènasyonal sa a pou moman, “yo pa konn kilè yon opòtinite konsa ka raparèt ankò nan tan k ap vini yo.”¹⁹⁷ Sa se pa yon rezon ki ka jistifye enplante yon pwojè ki ap deplase preske 3500 moun sou yon tè ki te konn ba yo mwayen pou yo viv ak manje, san okenn opsyon relokizasyon ki klè.

Anpil mankman ki te genyen nan pwosesis chwa tèren an epi mank analiz an pwofondè sou altènativ yo gen konsekans grav sou fanmi nou yo. Yo deplase nou san pa t gen bon konsiderasyon ki te fèt sou tout kantite kòb deplasman an ap koute ni sou disponiblite lòt tèren kòm altènativ. BID te enpoze nou tout soufrans relokizasyon an koze yo paske pa t gen okenn mezi korèk ki te pran pou pwopoze de altènativ ki ap gen mwens enpak negatif sou nou.

iii. Yo pa rive ranmase enfòmasyon ki korèk epi egzak sou viktim yo epi sou pèt yo te fè

Politik sou relokizasyon an, nan plizyè pwen, egzije pou BID pran desizyon l yo an fonksyon de enfòmasyon kòrèk epi egzak sou enpak delokalizasyon an ka genyen epi karakteristik moun ki afekte yo. Nan ka sa a mete an aplikasyon nòm sa te enposi paske verifikasyon an vin fèt nan mache prese- jis aprè peyizan yo te fin kite tè a - sa ki se yon vyolasyon politik BID yo.

Gen done de baz ki kòrèk esansyèl pou mete an plas yon pwosesis relokizasyon ki jis epi ki solid. Politik operasyonèl sou relokizasyon egzije pou yo ranmase enfòmasyon sa yo pi bonè posib, sa vle di tou “konnen ki kantite moun ki dwe deplase epi gen enfòmasyon sou sitiyoasyon sosyoekonomik ak sosyal yo epi konnen ki kantite fanm ak gason ki genyen.”¹⁹⁸ Anplis de sa , Politik la egzije pou gen de plan konpansasyon anmenm tan tou mete sou pye pwosesis konsiltasyon epi yon pwosesis kote kominote a ap patisipe nan desizyon k ap pran yo; tout sa yo dwe pran an kont sitiyoasyon popilasyon k ap relokize a jan yo te idantifye yo nan done ki disponib sou kantite fanm ak gason ki genyen pandan y ap respekte sèks yo, ras yo, laj

¹⁹⁷ ESIA, p. 19.

¹⁹⁸ RP, ¶V(1).

yo e tout lòt faktè ki endike de bezwen espesyal epi/oswa vilnerabilite yo.”¹⁹⁹ BID gen pou obligasyon asire l viktim yo resevwa konpansasyon pou tout kalite pèt yo fè epi pou yo resevwa sipò pou pèmèt yo rekòmanse viv kòm sadwa.²⁰⁰

BID pa t rive respekte egzijans sa yo- epi lòt ankò- plizyè fwa epi nan de faz enpòtan.

Nan ESIA estimasyon ki te di se 1000 moun ki te deplase nan kad pwojè a pa kòrèk, pandan bon kantite te preske rive a 3500 moun.²⁰¹ Sa se yon vyolasyon egzijans BID yo paske yo pa rive bay yon estimasyon rezonab de kantite moun ki afekte yo, sa ki dwe antre nan analiz altènativ ki prezante yo epi nan rapò preliminè sou relokalizasyon an RAP ki li menm te dwe atache nan rapò EISA a.²⁰² ESIA li menm tou pa rive bay okenn estimasyon sou kantite kòm relokalizasyon an ap koute, sa ki dwe antre nan analiz altènativ yo li te fè yo.²⁰³ Finalman, li te kenbe kòm agiman, san okenn investigasyon oswa kalifikasyon, tè kote PEK la ye a se tè leta, malgre fanmi yo te jwi yon seri dwa fòmèl epi koutimye (petite et grande prescription) sou tè a- sa BID ta dwe evantyèlman rekonèt- vin rekonèt

Anplis de vyolasyon sa yo epi sa ki gen rapò a Plan relokalizasyon an RAP ki te dwe disponib pou Konsèy administrasyon an pou konsiderasyon,²⁰⁴ ESIA a se sèl dokiman ki te disponib nan moman Konsèy la t ap apwouve pwojè a. kòm rezilta pwojè a te apwouve epi kontinye fè wout li san okenn konsiderasyon kòrèk pa fèt pou enpak ak ris relokalizasyon an ka pote.

Etid preliminè epi RAP a te bay chif ki pi piti parapò ak kantite reyèl fanmi ki te viktim yo, kontrèman a egzijans ki fèt yo pou konnen kantite egzak moun ki te pral resevwa konpansasyon, RAP a pa fè sa (ni rapò preliminè a ni final la).²⁰⁵ Etid preliminè a epi TAP te di gen 366 fanmi ki te deplase pandan nan moman an Etid sa te gen enfòmasyon sèlman sou 351 nan fanmi sa yo.²⁰⁶ Nan menm mwa RAP a te finalize a- Septanm 2011- BID ak UTE ta sanble reyalize gen 16 lòt fanmi ki te afekte, sa ki fè yo itilize yon nouvo total ki se 382 fanmi, e yo dwe kalkile konpansasyon pou sekirite alimantè.²⁰⁷ Chif yo te bay la te kontinye ap varye, paske rapò ESMR la an Novanm 2013 te pale de 382/383 fanmi²⁰⁸ epi rapò ESMR ki te fèt an 2014 e 2015 te pale de 442 fanmi²⁰⁹ (byenke rapò ESMR an 2015 yon lòt kote fè referans a 383 fanmi, yon bagay ki inespikab²¹⁰). BID ak UTE te konfime nan yon rankont ak reprezante Kolektif se 442 a

¹⁹⁹ Anlè, ¶V(3).

²⁰⁰ Anlè, ¶V(3).

²⁰¹ Nou baze sou done ki disponib nan etid preliminè a ki te di fanmi yo gen an mwayèn 8 moun: p.11, ¶2.1. Ka gen rezèv sou estimasyon sa. Nan entèvyou Kolektif la te fè ak 58 viktim, yo te jwenn an mwayèn 9.4 moun: Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo.

²⁰² RP, ¶¶III(1), V(6).

²⁰³ Anlè, ¶III(1).

²⁰⁴ Anlè, ¶V(6).

²⁰⁵ Anlè, ¶V(6). Gade referans 196 ki anlè a pou jwenn esplikasyon sou enpòtans estimasyon sa a

²⁰⁶ Baseline, pp. 14 epi 16.

²⁰⁷ Gade nan Tablo 1 ki nan seksyon III. A Pi wo a.

²⁰⁸ 2013 ESMR, ¶¶1.8 epi 3.59.

²⁰⁹ 2014 ESMR, ¶4.36; 2015 ESMR, ¶4.33.

²¹⁰ 2015 ESMR, Tablo 3.1, p. 24.

ki chif final la,²¹¹ pandan gen anpil lòt dokiman ki kontinye fè referans a de chif ki diferean de sa BID bay yo.²¹²

BID te dwe rann li kont de pèsistans ki te gen nanfè erè sou kantite fanmi ki te deplase yo, sa rive paske li pa t franchi etap ki nesèsè pou korije erè sa yo nan moman yo rive yo. Jan nou te deja BID te konnen rapò ESIA pa t finalize. Epi preske imedyatman aprè Etid preliminè te finalize, etid ki te di gen 366 fanmi ki te deplase, BID ak UTE ta sanble bay 382 fanmi konpansasyon pou sekirite alimantè: chif sa montre klèman Etid preliminè a pa t finalize.²¹³

Se de erè ki gen anpil enpòtans. Yo gen de gwo enpak. Premyeman, yo vle yo pa t byen evalye enpak ak kou pwojè a lè yo t ap pran de desizyon enpòtan (ladan yo apwobasyon Konsèy la) pou kontinye pwojè a. dezyèmman, sa vle gen yon bon kantite fanmi ki pa t patisipe nan pwosesis konsiltasyon ak konpansasyon yo ki te fèt alabaz yo: ta sanble gen 16 fanmi ki pa t patisipe rive jiska ane 2011,²¹⁴ pandan gen 60 lòt fanmi ki ta sanble pa t patisipe jiska ane 2013.²¹⁵

Pi lwen Etid preliminè a pa t rive estime kòm sadwa kantite kòb ak resous ki nesèsè pou konpanse soufrans viktim yo viv e ki kapab pèmèt yo rejwenn mwayen pou yo viv epi nourri tèt yo, sa ki se yon vyolasyon de egzijans ki fèt pou ranmase enfòmasyon ki kòrèk sou sitiyasyon sosyo-ekonomik viktim epi bay yon konpansasyon ki jis pou pèt ki fèt yo.²¹⁶ Paregzanp, Etid preliminè pa t rive idantifye valè pwopyete ki te detwi pou chak grann fanmi. Li pa t rive nonplis byen evlase kantite manje fanmi yo bezwen pou evite ensekirite alimantè, se sa ki fè yo te enpoze viktim yo yon konpansasyon pou “chak ekta tè” ki pa rive kouvri bezwen fanmi yo genyen aktyèlman.

Li pa t estime vrè kantite rekòt ki te pèdi, espesyalman pou fanmi ki gen tè ki te konn pwodui plis pase sa lòt tè yo te konn bay an mwayèn. Li pa t rive di ki kantite resous egzak fanmi yo ta bezwen pou rejwenn mwayen yo te konn viv epi nourri tèt yo. Pandan li te « rekonèt anplis de konpansasyon yo, pèmèt fanmi ki vilnerab yo jwenn opòtinite pou rekiltive tè ankò » epi li rekonèt ofri opòtinite pou yo ka fè lajan nan agrikilti oswa lòt aktivite se yon obligasyon,²¹⁷ li pa t rive fè yon okenn evalyasyon espesifik sou fanmi yo pou konnen ki sa y ap bezwen pou atenn rezilta sa yo. Ta sanble BID ak UTE te konsantre yo globalman sou devlope de plan

²¹¹ Anèks 4, rapò rankont yo.

²¹² Lè nou te mande lis fanmi sa yo, UTE te bay yon lis 367 chèf fanmi: 366 ki te nan Etid preliminè a plis yon lòt non: gade seksyon V la, Anèks 12 ak 13 (*Liste des personnes compensées définitivement (Compensation monétaire) + Montants définitifs payés*). Pou UTE lis 367 fanmi sa yo te resevwa konpansasyon “definitif” san li pa met non lòt moun nan fanmi UTE te idantifye nan lòt dokiman li yo: gade Anèks 11 la, kote nou te konbine lis UTE yo (premye a te gen 367 non) ak lòt enfòmasyon nou te jwenn de lòt sous. Dokiman ki rele Aide Memoire a BID ak UTE te distriye apre rankont yo te fè ak reprezantan Kolektif la pale de 382 fanmi, pandan sa totalman depaman a sa ki te di nan rankont la: Anèks 5, Aide Mémoire BID ak UTE.

²¹³ *Gade* referans 79 pi wo a.

²¹⁴ Lè ESIA, Etid preliminè, RAP epi akò konpansasyon yo te finalize. Pandan nou menm nou te konprann yo t ap bay 382 fanmi konpansasyon pou sekirite alimantè, yo pa t idantifye yo nan okenn dokiman anvan menm yo te rive nan pwen sa.

²¹⁵ Si nou baze sou lefèt rapò ESMR. Nov 2013 la te kontinye ap pale de 382/383 fanmi : 2013 ESMR, ¶¶1.8, 3.59.

²¹⁶ RP, ¶V(3).

²¹⁷ Baseline, p. 2, ¶6.

konpansasyon ki pi senp epi jeneralize posib pou l ka pi fasil pou yo, olye pou yo chache bay yon konpansasyon ki jis ki ka kouvri diferan pèt viktim yo.

Finalman, pou ta rive satisfè egzijans ki vle pou devlopman plan konpansasyon chita sou enfòmasyon ki fyab, BID ta dwe fè mizajou sou enfòmasyon preliminè li genyen, paske avèk tan k ap pase, sikonstans yo ap chanje. BID ak UTE vyole egzijans sa paske li pa t rive evalye epi pran an kont kou lavi a ki te ogmante apre ane 2011, anvan li te finalize konpansasyon li te bay an 2012 ak 2013 pou pèt rekòt ak sekirite alimantè.²¹⁸ BID ak UTE pa t rive fè yon nouvo evalyasyon de resous ki nesèsè (epi bay resous sa yo) pou pèmèt viktim yo rejwenn menm nivo sosyoekonomik yo te gen anvan, nan ka kote yo pa t ap bay tè an ranplasman an epi 2 ane te pase anvan RAP a te finalize.

Li te inevitab pou plan konpansasyon yo te devlope yo pa t kapab pèmèt viktim yo rejwenn mwayen yo te konn genyen anvan pou yo viv epi bay tè yo manje paske plan sa te chita sou de enfòmasyon ki pa korèk.

iv. Pa gen konsiderasyon ki fèt sou ris ki ka genyen selon sèks moun yo (si se fanm oswa gason) epi pran mezi pou redui ris sa yo

Toujou nan sa ki gen rapò ak manm enfòmasyon sa a, BID vyole pwòp politik li nan sa ki gen pou wè ak idantifikasyon, analiz epi rediksyon ris ki genyen selon sèks moun yo epi enpak relokalizasyon an ka genyen.²¹⁹ Politik sou Relokalizasyon an egzije espesifikman pou yo di nan enfòmasyon preliminè yo ki kantite fanm ki kantite gason ki genyen nan chif y ap bay yo.²²⁰ Plan konpansasyon an dwe pran an kont tou diferans ki gen ant fanm ak gason.²²¹ BID, nan Politik operasyonèl BID sou egalite fanm ak gason nan koperasyon pou devlopman (“Gender Equality Policy”) fè de obligasyon tankou:

- Se pou yo pran an kont divèsite ki gen nan estrikti fanmi yo, an patikilye fanmi kote se fanm ki chèf yo: ¶4.11(b);
- Se pou yo pran an kont diferans ki gen ant fanm ak gason, epi diferans ki gen rapò ak jan fanm oswa gason itilize tan yo: ¶4.11(c);
- Pran an kont inegalite ki genyen ant fanm ak gason nan pouvwa ak kapasite pou pran desizyon epi se pou yo pèmèt fanm yo patisipe nan menm nivo ak gason nan pwosesis konsiltasyon piblik yo: ¶4.11(g), ¶4.6;
- Prete atansyon a fanmi ki pòv yo, ki gen orijin afriken oswa orijin endijèn: ¶4.4;
- Egzije pou gen yon analiz sou gwo pwoblèm ki ka genyen parapò a sèks moun yo pandan preparasyon operasyon yo, pou pèmèt yo idanfiye epi chache solisyon pou ris ak enpak negatif yo: ¶¶4.13(a), 4.13(b), 4.19. Kòm ris nou ka site: lè li pa pran an kont dwa fanm yo genyen pou eritye/posede tè; fè fanm yo travay san yo pa touche anyen; poze de kondisyon pou restrenn patisipasyon fanm yo; nye dwa fanm genyen

²¹⁸ Gade pi wo a nan seksyon III.A epi pi ba nan seksyon III.B.ix.

²¹⁹ RP, ¶¶V(1) e V(3) ak dokiman ki rele “Operational Policy on Gender Equality in Development(OP-270) (2010) [“Gender Equality Policy”] <http://bit.ly/2b21aqD>.

²²⁰ RP, ¶V(1).

²²¹ Anlè, ¶V(3).

pou l pran konje matènite oswa l si l ansent; epi ogmantasyon ris vyolans seksyèl: ¶4.15;

- Pran de mezi pou anpeche, evite osinon redui ris enpak negatif ki baze sou esklizyon seksyèl: ¶¶4.13(a), 4.13(b), 4.15; epi
- Etabli de mekanis pou evalye si Bank lan mete an aplikasyon Politik sa yo, pou wè tou si rapò evalyasyon pwojè pran an kont de faktè espesifik ki gen rapò ak egalite fanm ak gason: ¶5.1, Anèks1.

Dokiman de referans BID yo ki trete Relokalizasyon envolontè idantifye de ris ki gen rapò a pwoblèm egalite fanm ak gason ki patikilyèman enpòtan nan kontèks delokalizasyon:²²²

- Premyeman, li enpòtan pou yo asire yo fanm pwodiktè ak travayèz patisipe nan de pwogram konpansasyon epi/oswa reyabilitasyon ki ap pèmèt yo kouvri revni pèsònèl yo, revni ki soti nan aktivite ekonomik epi revni ki soti nan pwpyete yo posede. Fòk nou pa met nan tèt nou tout fanmi yo ta pral resevwa menm kantite lajan kach la kòm konpansasyon; epi
- Dezyèmman, plan relokalizasyon an dwe pran an kont pwennvi medam ki afekte yo e tout desizyon ki pran dwe reflekte priyorite medam sa yo, de priyorite ki pa menm parapò ak pa gason yo.

Nan ka n ap pale a tou de obsèvasyon sa yo enpòtan.

Se pa yon sekre pou pèsonn fanm gen yon wòl enpòtan yo jwe nan sektè agrikòl la nan sa ki gen pou wè a kòmèsyalizasyon pwodui yo.²²³ Yo te dwe rekonèt wòl sa nan plan konpansasyon yo. Fòk nou pa met nan tèt nou konpansasyon chèf fanmi yo (pifò se gason) fanm ki fè pati fanmi yo ta pral jwenn lajan.

A anlès de sa, akòz diferans ki genyen ant fanm ak gason nan sa ki gen pou wè a opòtinite pou jwenn travay epi diferans nan sa fanm yo vle parapò a gason ki nan zòn nan, konpansasyon medam yo dwe resevwa ki pou pèmèt yo rejwenn mwayen pou yo viv mande pou medam yo jwenn lòt kalite resous, fòmasyon epi sipò lajan.²²⁴ Se sa ki te pase menm depi lè yo te deside pa bay tè an ranplasman ankò kòm konpansasyon, sa fè medam yo oblije mennen lòt aktivite pou jwenn mwayen lajan.

Gen de rapò ki fèt sou Ayiti ki montre fanm k ap viv nan zòn andeyò yo difisil pou jwenn opòtinite pou jwenn travay fòmèl epi resous pou edikasyon.²²⁵ Si nou chita sou entèvyou nou te fè yo, nou te remake gen plis fanm se ti biznis yo mete sou pye konpare a gason yo ki pi fasil pou

²²² Involuntary Resettlement Background Paper, p. 28.

²²³ ESIA, p. 98. Gade tou nan Etid preliminè a nan, p. 15; Gender Action *Building Back by Half? Gender Issues in IFI Investments in Post-Earthquake Haiti* (2013), p. 11 <http://bit.ly/2aB1VNf> [“Gender Action *Building Back by Half?*”]; epi istwa lavi Marie Marthe Rocksaint ki dekri pi wo a.

²²⁴ *Gade dokiman sa CIA* (2012), p. 27. Tablo 9 la rapòte, selon yon etid ki te fèt nan Karakòl an 2007, pi fò gason te di se nan aktivite lapèch ak agrikilti/elvaj yo revni yo te soti (98 epi 95% moun ki te reponn kesyon yo te gason) pandan pifò fanm yo di se nan kòmès yo menm yote konn fè lajan pou yo viv (90% moun ki te reponn yo te fanm).

²²⁵ Bureau des Avocats Internationaux ak lòt tankou *Gender Issues Facing Women and Girls: Review of Haiti’s Report under the Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination against Women* (22 Janvyè 2016), p. 8 <http://bit.ly/1QJo6XC>; Gender Action *Building Back by Half*, p. 12.

jwenn travay agrikilti epi travay manyèl , sa fèt an fonksyon de nesosite oswa preferans yo.²²⁶sa montre, li t ap plis nan avantaj medam si yo ta resevwa sipò pou biznis yo kontrèman a pwopoze de fòmasyon k ap pèmèt benefisyè a jwenn yon travay manyyèl. Menm si gen kèk fanm viktim ki ap travay nan PEK la, men nou gen anpil preyokipasyon sou sa paske kondisyon travay yo pa favorab, tankou ris pou agresyon seksyèl (tizonnay)(n ap pale plis de sa nan seksyon IV la).

Epi tou, gen anpil fanm ki se chèf fanmi yo ye : selon ankèt preliminè a se 32 fanm ki konsa.²²⁷ Gen tandans pou Fanm ki nan pwovens an Ayiti gen mwens aksè a swen lasante,²²⁸yo viv nan plis enstabilite ekonomik epi difikilte pou jwenn resous nesèsè pou bay fanmi yo manje.²²⁹ Jan nou te deja di sa nan plan konpansasyon ki te fèt an 2011 la, sèlman 4 fanm (chèf fanmi) te konsidere kòm « vilnerab », epi nan dokiman ki disponib jiska jodi a idantifye klèman se sèlman yon fanm chèf fanmi ki te konsidere kòm “vilnerab” nan plan konpansasyon ki te fèt nan ane 2013 yo.²³⁰ Lòt fanm yo te resevwa konpansasyon an lajan kach sèlman epi, si nou chita sou enfòmasyon nou te ranmase jiska jodi a, fanm sa yo ki se chèf fanmi te resevwa an mwayèn \$1000 ameriken an mwens parapò a sa gason yo te resevwa kòm konpansasyon final, sa ki agrave difikilte yo te konn abitye fè fas a yo pou jwenn yon mwayen lajan epi pou pa tonbe nan ensekirite alimantè.²³¹ Pandan de entèvyou nou te reyalize ak 16 fanm chèf fanmi an Me 2016:²³²

- 2 nan 16 fanm sa yo (12.5%) di nou yo pa gen okenn aktivite ki pèmèt yo rantre lajan (kontrèman a 3 gason chèf fanmi sou 36 ki di yo pa gen okenn aktivite lajan (8%));
- Pa gen okenn fanm chèf fanmi ki rapòte yo satisfè de kondisyon lavi yo pandan gen 3 gason ki se chèf fanmi ki di yo satisfè de kondisyon lavi yo; epi
- Tout medam sa yo rapòte nou revni yo genyen yo enstab, pandan gen 3 gason ki di revni yo “yon jan estab” epi youn di revni l “stab”

Finalman, li pwobab pou mankman ki gen nan plan konpansasyon yo gen enpak diferan sou fanm yo, ladan yo jenn tifi yo- si yo te bay pwenn vi pa yo rezilta negatif sa yo te ka evite. Nan sosyete ayisyen se fanm ki gen premye responsablite pou bay fanmi an manje, nan ka sa yo se premye moun ki vilnerab a ensekirite alimantè.²³³ Yo jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon timoun yo.

Depi lè viktim yo fin pèdi sous revni yo a apre deplasman an, li trè difisil pou yo finanse edikasyon pitit yo.²³⁴ Malerezman, akòz de difikilte ekonomik sa yo, pitit fi yo se yo plis viktim de sa paske anpil nan yo pa ale lekòl ankò: viktim yo prefere voye pitit gason yo lekòl, pandan

²²⁶ Anèks 6, rezime entèvyou yo.

²²⁷ Etid preliminè pa bay yon lis ki kòrèk paske li pa rive idantifye 76 fanmi

²²⁸ *Gender Issues Facing Women and Girls*, p. 8.

²²⁹ *Gender Action Building Back by Half*, p. 12.

²³⁰ *Gade nan* section III.B.v. Enfòmasyon nou genyen sou kantite fanmi ki vilnerab pou chak kategori chèf fanmi pou ane 2013.

²³¹ *Gade* Anèks 1

²³² Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo

²³³ ActionAid (2015), p. 10; *Gender Action CIP*, p. 1.

²³⁴ Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo; gen lòt entèvyou ki te fèt ak Dieudonné epi Judith Florvil nan dat 11 Jiyè 2016 (disponib si yon moun ta mande wè yo).

tan sa timedam yo rete nan kay la pou fè travay.²³⁵ Si yo te pran an kont pwennvi medam yo, sa t ap fè yo priorize de pwogram pou asire sekirite alimantè ak edikasyon yo nan plan konpansasyon yo t ap devlope yo.

Sepandan pa t gen diskisyon serye ki te fèt sou pwoblèm egalite fanm ak gason okenn kote pandan pwosesis relokizasyon an.²³⁶ Pa t gen okenn kote ni nan RAP a osinon nan Etid preliminè yo te klèman pale sou pwoblèm ris ak enpak ki gen rapò a egalite fanm ak gason, sa ki se yon vyolasyon Politik relokizasyon epi Politik sou egalite fanm ak gason.²³⁷ Ni etid preliminè a ni RAP a pa t prete twòp atansyon a vilnerabilite medam yo ki pa t sispann ogmante, nan sa ki gen pou wè a sekirite alimantè epi mwayen pou fè lajan, ni yo pa t prete atansyon a vilnerabilite jenn tifi yo pou jwenn aksè a edikasyon.²³⁸ Lè reprezantan Kolektif te poze kesyon sou sa, BID ak UTE pa t ka bay okenn enfòmasyon sou plan espesifik yo genyen pou rezoud pwoblèm sa.²³⁹

Yo pa t pran an kont pwennvi medam yo pandan pwosesis konsiltasyon yo.²⁴⁰ Sèlman 7 fanm viktim te fè pati ALENAC (gen 10 lòt fanm men yo pa t viktim). Pi lwen, BID ak UTE pa t asire l majorite moun ki te viktim yo te gen ase enfòmasyon epi pou yo jwenn opòtinite pou patisipe nan konsiltasyon yo pou jwenn pwennvi yo nan devlopman plan konpansasyon yo.²⁴¹ Etandone obstak ki genyen nan patisipasyon ekitab fanm nan desizyon k ap pran yo an Ayiti,²⁴² BID ak UTE te dwe rasire l gen de rankont espesifik, foki gwoup, epi entèvyou ki fèt ak fanm viktim yo pou konnen pwennvi yo epi fasilite patisipasyon yo nan akò k ap gen pou siyen yo.

Akoz sa pa fèt, plan konpansasyon yo pa prevwa de mezi espesifik pou redui enpak ki lye ak sèks viktim yo, pa rive rasire l fanm yo dedomaje pou pèt yo fè osinon plan reyabilitasyon sosyo-ekonomik la te fèt odetriman fanm viktim yo epi fanmi yo.

²³⁵ *Gade dokiman ki rele Gender Action Building Back by Half*, p. 12; Equality Now and others *The Haiti Gender Shadow Report* (2010), p. 19 <http://bit.ly/2ayIn9I>. “Akoz de stereyotip ki genyen sou wòl fanm ak gason, pri lekòl prive, inegalite nan repatisyon travay fanm ak gason, fanm ak tifi ki p ap touche twò piti kòb fè l souvan difisil pou kategori sa resevwa menm kalite edikasyon parapò a gason. Inegalite sa ki genyen nan edikasyon vin pi grav apre dega tranbleman 12 janvye a te pote paske fanmi ki te konn rantrè yon kantite lajan ki te deja piti vin gen plis difikilte pou voye pitit yo lekòl...”

²³⁶ Evalyasyon BID sou enpak sosyal yo (Fev. 2012) <http://bit.ly/2aEZsfM> fè de rekòmandasyon espesifik sou kesyon egalite sèks nan sa ki gen pou wè ak travay nan PEK la, epi dokiman ki pote non CIA (2012) fè de revelasyon espesifik sou ris anviwonmantal yo, men okenn dokiman pa di ki mezi k ap pran pou rezoud pwoblèm sa a epi enpak relokizasyon an sou chak kategori (swa fanm oswa gason). Pandan ESIA li menm li fè remake wòl medam yo nan kreye revni apati travay agrikilti, analiz pa sifi sou lye koze egalite sèks la genyen ak relokizasyon an. : p. 98.

²³⁷ In vyolasyon ak RP, ¶¶V(1), V(3); Pilitik Egalite Fanm ak gason, ¶¶ 4.4, 4.11(b) ak (c), 4.13 (a) epi (b), 4.15, 4.19. malerezman sa rive souvan nan pwojè devlopman yo, ladan yo sa ki enplante an Ayiti yo aprè tranbleman a: *Gender Action Building Back by Half*, p. v, 30-31.

²³⁸ *Anlè*

²³⁹ Anèks 4, rapò rankont yo.

²⁴⁰ Ian vyolasyon ak Politik sou egalite fanm ak gason, ¶¶4.6, 4.11(g) epi obligasyon jeneral pou konsilte moun yo (*gade seksyon III.B.vii*).

²⁴¹ Pou plis detay, gade diskisyon ki te fèt sou pwoblèm konsiltasyon yo nan seksyon III.B.vii pi ba a.

²⁴² *Gade dokiman sa a: The Haiti Gender Shadow Report*, p. 9; *Gender Issues Facing Women and Girls*, pp. 3-4.

“Lè yo te ban nou konpansasyon an yo pa t mande nou anyen, yo di se sa yo genyen yo ka ban nou...yo te di nou’ Si nou pa asepte konpansasyon sa n ap pèdi tout bagay. Nou oblije pran l si nou pa vle pèdi tout bagay. Nou dwe asepte sa yo ban nou.’ Mwen te di’ mwen pa dakò’ men yo te di’ si ou pa pran konpansasyon sa w ap pèdi l nèt’’

“Mwen pa t ka achte tè. Se te yon ti kraze monnen li te ye. Lajan yo te bay la te jis ka pèmèt mwen achte kèk bagay pou timoun yo, peye dèt m te genyen epi peye pou swen lasante lajan an pa t ka fè anyen ankò. Jodi a m malad la.’’

“Si m te ka jwenn tè pou m achte ak kòb yo te bay la m t ap gentan achte l.’’

“Menm bèf nou te genyen nou te oblije vann yo paske nou pa gen kote pou n mete yo. Lajan nou te resevwa pa t sifi pou n ache lòt bèt.’’

“Jodi a se nan goumen m ye... m gen plis dèt chak jou pi plis.’’

Vigenise Bien Aime.



Kredi foto: Antoine Bouhey/ActionAid

v. Evalyasyon sou ris apovrisman moun te enkonsistan ni li pa t apwopriye

Nan Politik Relokalizasyon an li di se yon obligasyon pou BID “reyalize yon analiz detaye...pou detèmine ris apovrisman epi pran de mezi pou redui ris sa yo.”²⁴³ Lè enfòmasyon preliminè yo endike gen yon bon kantite moun ki gen pou relocalize yo fè pati yon gwoup moun

²⁴³ RP, ¶IV(3).

ki nan lavi di oswa ki pa gen gwo mwayen lajan, gen de konsiderasyon ki dwe fèt sou ris pou moun sa yo vin pi pòv aprè yo fin kite tè kote yo te ye a.²⁴⁴ nan ka kote ris pou apovrisman egziste, konpansasyon an lajan lach dwe yon opsyon, si kondisyon moun ki deplase yo, kondisyon pou fè biznis epi disponiblite sèvis de baz yo pèmèt yo restore nivo vi yo te gen anvan an si yo investi lajan sa.²⁴⁵ Denye egzijans sa a se rezilta yon esperyans sou pwodiksyon richès ki demontre bay lajan kach pa sèl opsyon apwopriye kòm mwayen konpansasyon²⁴⁶, espesyalman lè benefisyè yo deja vilnerab fas a apovrisman.

Egzijans sa yo aplikab nan ka sa a. Etid preliminè a fè remake plis pase 75% viktim yo t ap viv nan lamizè.²⁴⁷ Epi yon bon kantite nan te konte sou tè a pou jwenn manje epi fè lajan pou ou viv.²⁴⁸ Se t ap yon gwo defi pou n te rive rejwenn sa n te pèdi yo tankou manje epi lajan n te konn fè: ni tè ni manje ra nan rejyon Nò peyi Dayiti, epi depi ane 2011 kou lavi a pa sispann monte. Tè yo vin pi ra toujou akòz sistèm fonsye a vrèman enfòmèl (moun pa vrèman gen papyè fòmèl pou tè yo) : menm USAID te jwenn gwo difikilte pou l jwenn bon papyè pou tè yo (tit pwopyete). Nan de dokiman BID li menm ki te pibliye te rekonèt vilnerabilite²⁴⁹ nou fas a de chanjman k ap soti deyò.²⁵⁰

Jan nou te dekri sa pi wo a nan detay nou te bay yo, ris pou apovrisman te vin yon reyalite. Akòz nou pa resevwa yon bon sipò nan menm BID oswa UTE, nou pa t resevwa tè ranplasman ki gen menm kalite a sa nou te pèdi a men olye de sa nou tonbe nan fè lòt aktivite ki pa ka ban nou menm kantite kòb nou te konn fè anvan oswa menm kantite manje nou te konn fè.²⁵¹ Gen kèk fanmi ki pa gen revni ditou.²⁵² Lajan kach yo te bay kòm konpansasyon an te pase preske nan bezwen nou te genyen yo- se depans nou te konn fè nòmalman ak lajan nou te konn fè nan tè a lè nou vann pwodui yo- men apre lajan sa sitiyauson nou vin pi mal pase anvan.²⁵³

BID te vyole pwòp egzijans li yo paske li te dwe fè yon analiz an pwofondè sou ris pou n tonbe nan lamizè epi pran mezi pou redui ris sa yo anvan menm viktim yo te deplase. Anplis de sa, analiz sou vilnerabilite²⁵⁴ nou an ki te fin fèt (byen ta) nan ane 2011 pandan Ankèt preliminè epi yo te fè mizajou ladan an 2013, te genpil bagay li te manke. Anplis de lòt pwoblèm ankò, analiz sa pa t rive respekte egzijans ki te fè pou reyalize yon analiz detaye sou ris pou moun yo apovri, jan Politik relokalizasyon an mande sa, ¶IV(3).

²⁴⁴ *Anlè* Apovrisman ka rive nan sis fason sa yo: (i) lè moun nan pèdi kay li, pa gen aksè pou jwenn tè leta oswa dwa pou posede lòt tè prive akòz mank bon papyè tè (tit pwopyete), presyon ekonomik osinon lòt faktè; (ii) lè moun nan pèdi travay li; (iii) pèdi aksè a mwayen pwodiksyon; (iv) ensekirite alimantè, augmantasyon kantite moun k ap gen pwoblèm mantal epi ogmantasyon kantite moun k ap mourir; (v) pwoblèm amoni nan nan mitan diferan gwoup sosyal yo; epi (vi) mank aksè a edikasyon.*Anlè* nan ka n ap pale a anpil nan faktè sa yo egziste.

²⁴⁵ *Anlè*

²⁴⁶ *Gade dokiman ki rele*, Involuntary Resettlement Background Paper, pp. 21, 24, 30.

²⁴⁷ 284 fanmi sou 366 te idantifye nan moman an: Baseline, p. 2, ¶6.

²⁴⁸ *Gade* referans 47 la ki pi wo a.

²⁴⁹ Rapò ESIA, p. 96.

²⁵⁰ Dokiman ki rele CIA (2012), p. 5, ki te rekonèt ris pou pwosesis delokalizasyon peyizan te ka ogmante sou povrete ki genyen nan zòn andeyò yo “malgre yo te bay kèk konpansasyon”

²⁵¹ Anèks 6 la, rezime rezilta entèvyou yo

²⁵² *Anlè*

²⁵³ *Anlè*

²⁵⁴ Se konsa yo te dekri analiz la nan Etid preliminè a epi nan RAP a (2011). Nou itilize menm tèm yo pou nou pa depaman ak yo.

- Pandan Etid preliminè a te rekonèt gen plis pase 75% fanmi yo ki nan povret, sèlman 51 fanmi te trete kòm vilnerab an 2011 epi 35 an 2013.²⁵⁵
- Sou 51 fanmi ki te idantifye kòm vilnerab yo an 2011, ta sanble se sèlman yo ta trete kòm vilnerab an 2013.²⁵⁶ Nou pa wè, ni resevwa okenn esplikasyon sou kritè ki te itilize nan ankèt ki te fèt sou vilnerabilite a ni poukisa gen tout diferans sa nan rezilta ankèt sa yo.²⁵⁷
- Yo te dwe rekonèt diferans ki gen ant fanm ak gason an, patikilyèman, men pa sèlman yo menm, ant fanm ki chèf fanmi yo oswa gason. Malgre gwo ris ensekirite sou plan finans fanm ki chèf fanmi yo ap rankontre, sèlman 4 nan 32 fanm sa yo yo te trete kòm vilnerab an 2011,²⁵⁸ epi dokiman ki disponib jiska jodi a fè konprann se sèlman yon fanm ki chèf fanmi yo te trete kòm vilnerab an 2013.²⁵⁹
- Depi nan kòmansman yo te dwe konsidere moun ki gen plis pase 65 ane kòm kritè vilnerabilite paske a laj sa li difisil pou moun sa refè menm travay anvan yo ankò.²⁶⁰ byenke BID ak UTE te fè nou konnen kritè sa te antre nan analiz yo te fè an 2013 la, men rezilta depaman ak sa ki te di a: Etid preliminè a te idantifye 68 chèf fanmi ki te gen plis pase 65 lane an 2011(sou 351 fanmi ki te idantifye nan dat sa),²⁶¹ men an 2013 se sèlman 35/36 fanmi yo te idantifye kòm vilnerab *an total* an 2013. Nou te idantifye omwen 32 moun ki te gen plis pase 65 lane ki pa t nan lis moun ki te trete kòm vilnerab yo.²⁶²

Sitiyasyon Anne Leroy se yon egzanp klè ki pwouve alafwa defi fanmi vilnerab t ap fè fas epi move tretman yo sibi. Anne se yon fanm ki se chèf fanmi ki te posede yon ti moso tè, men ki te fèt il anpil (~ 0.5ha) sou tèren kote PEK la ye a. An 2013 li te gen 69 lane. Malgre tout endikatè vilnerabilite sa yo, Anne te resevwa kòm konpansasyon final nan yon sèl vèsman an lajan kach yon (preske \$ 3502 ameriken). Sa pa t pèmèt remete sou pye yon aktivite dirab pou l antre kòb. Menm si Anne te yon manm ALENAC, li toujou esprime ensatisfaksyon l de pwosesis konpansasyon an epi konsiltasyon an. Nan entèvyou li te fè ak nou 11 Jiyè 2016, li te di nou :

²⁵⁵ *Gade* lis moun ki te idantifye kòm vilnerab an 2011 epi 2013 nan Anèks 10.

²⁵⁶ *Anlè*

²⁵⁷ Malgre demann enfòmasyon nou te fè BID ak UTE. *Gade* nan seksyon V epi Anèks 12.

²⁵⁸ *Konparezon ak RAP* (2011), Anèks 11(idantifye kat fanm ki chèf fanmi) osinon Anèks 10 nan Plent sa, ki montre 32 nan fanmi sa yo te idantifye nan Etid preliminè a, p. 1, ¶2 epi pp. 15-16. Li posib pou gen plis fanmi ki nan kategori sa, etandone Etid sa pa t konplè.

²⁵⁹ *Gade* konparezon nou te fè ant de lis yo nan Anèks 10 la epi nan referans 171 lan ki pi wo a.

²⁶⁰ Plis pase 75 lane se kritè yo te kenbe pou trete yon moun vilnerab an 2011: *gade RAP* (2011), Anèks 10. Nou pa t resevwa okenn konfimasyon ekri sou kritè ki te kenbe an 2013.

²⁶¹ Gen 21 moun ki te gen plis pase 75 lane, se laj sa yo te kenbe kòm kritè vilnerabilite an 2011.

²⁶² Anèks 11, tablo konpansasyon. *Gade tou* Anèks 6, rezime entèvyou yo: nèf nan 58 chèf fanmi nou te poze kesyon an Me 2016 te gen plis pase 65 lane an 2013, e yo tout te resevwa lajan kach kòm konpansasyon, nan ka sa yo pa t konsidere yo kòm moun ki vilnerab.

“Jodia m pa ka fè anyen pou m fè kòb, se pitit mwen yo ki ap ede m, pou m achte dlo, nenpòt bagay m bezwen. Gen moun ki gen ti biznis, mwen pa ka gen youn paske m pa gen lajan.”

“konpansasyon an pa t bon pou nou. Anvan tè nou an te konn ban nou anpil bagay, anpil, anpil bagay. Nou t ap ka plante anpil fwi ak legim, nou t ap ka pwodui anpil pwa, mayi, ou wè sa m di w la? Bon, kounya nou pa ase lajan, lè nou ale nan mache li difisil pou n achte manje pou timoun yo, si ou vle achte lwil, epis, vyann, ou bezwen lajan ; e jodi a nou pa gen lajan. Anvan nou te konn gen tomat, pwa, lè nou te konn al nan mache nou t ap fè kòb pou n achte manje. Jodia m pa ka achte.”

“Mwen pa t gen ase lajan pou m achte tè!..sa yo te ban nou an, jodia menm dlo m paka ache! Mwen gen yon pitit gen fè aksidan Sendomeng, mwen te itilize lajan pou lopital, men apre sa m pa ret anyen ankò..yo te pwomèt nou kay, tè, biznis. Yo pa bay anyen ! yo jis ban nou yon ti kraze monnen epi yo ale. Yo pa t ban nou sa yo te pwomèt nou...alafen ti kraze monnen yo te bay la pa t ase pou moun yo viv.”

Anne Leroy.

Jeneralman, kritè vilnerabilite yo konsidere a pa pran an kont sitiyaasyon nou nan tout globalite li:

- Depandans nou parapò ak agrikilti pou n jwenn resous lajan oswa manje
- Rate manje ak tè nan rejyon Nò peyi Dayiti, yon zòn kote gen presyon ki pa sispann ogmante parapò a kantite lòt moun ki vin nan rejyon an ;
- Pwoblèm ensekirite fonsyè ki egziste depi lontan, nou gen egzanp tou anpil te ki te konfiske nan zòn nan men de peyizan pòv;
- Kondisyon sosyo-ekonomik difisil ak inegalite moun ki gen orijin afriken ki nan zòn nan ap viv;²⁶³
- Sitiyaasyon trè vilnerab yo te mete nou lè nou te pèdi tè nou ak tout pwodui ki te ladan san nou pa resevwa okenn konpansasyon epi nou te oblije tann jiska twa lane anvan nou te finalman jwenn konpansasyon.

Nan sikonstans jeneral sa yo, nou konsidere, pifò si se pa tout viktim yo, t ap kouri ris pou vin nan plis mizè. BID ak UTE pa t rive idantifye ris sa yo men li bay anpil viktim konpansasyon yo kanmenm malgre ris sa yo, sa ki se yon vyolasyon Politik Relokalizasyon an, ¶IV(3). Si te gen yon analiz detaye ki te fèt sou ris yo, BID ak UTE t ap oblije konsidere

²⁶³ BID rekonèt moun ki orijin afriken yo ap viv inegalite sou plan ekonomik, sosyal ak kiltirèl nan rejyon an: *gade <http://bit.ly/2asO7fJ>. Politik sou egaite fanm ak gason BID la egzije klèman pou Bank la prete atansyon a fanm ki gen orijin afriken: ¶4.4. Li pa fè sans pou sipoze tip inegalite sa yo pa egziste an Ayiti paske senpleman pifò ayisyen gen orijin afriken (95%). Bank mondyal fè remake se yon ti gwoup moun ki gen po klè ki posede tout pouvwa politik ak ekonomik: World Bank *Haiti - Social resilience and state fragility in Haiti: a country social analysis* (27 Avril 2006).*

kondisyon ekonomik ak sosyal nou sa ki t ap pèmèt li asire l lajan t ap investi nan yon fason pou restore nivo lavi viktim yo te gen anvan.²⁶⁴ Etandone rate tè epi ensekirite fonsyè nan rejyon Nò peyi Dayiti, konesans limite nou genyen nan finans epi presyon ekonomik imedyà pèt tè a te koze, omwen te ka gen yon sipò anplis pou sipòte de plan pou fè biznis epi investi nan yon aktivite ekonomik paske kondisyon yo pa reyini.

Akoz BID ak UTE pa rive reyalize analiz konplè sou ris pou viktim yo vin pi pòv la epi pran bon jan mezi pou redui ris sa yo fè nou konne de sitiyasyon povrete epi lòt soufrans nou te viv epi kontinye ap viv.

vi. Verifikasyon preliminè sou disponiblite tèren ranplasman

Youn nan pi gwo fay ki te genyen nan pwosesis konpansasyon se desizyon BID ak UTE pou yo pa kenbe angajman yo te pran pou bay tè an ranplasman nan akò a. Jan nou te di deja pale de sa, gen anpil aspè ki toujou rete pa klè pou viktim yo nan desizyon sa. Sepandan, ta sanble pi gwo rezon ki fè yo te abandone fòm konpansasyon sa se difikilte yo te gen pou jwenn ase tè epi ki fèt menm jan pou dedomaje viktim yo.

Nan sa ki gen pou wè ak verifikasyon preliminè li te dwe fè, BID te gen kòm egzijans pou investige pou konnen disponiblite lòt byen (ki pa la) ki ka ranplase sa moun yo te pèdi: nan analiz sou atènativ yo,²⁶⁵ nan konsilte kominote ki te gentan sou tèren an deja²⁶⁶ epi nan analize enpak ki ap gen sou kominote k ap resewa a.²⁶⁷ Enfòmasyon ki ranmase nan verifikasyon preliminè a ta dwe motive tout desizyon BID ap pran konsènan kote pwojè a ap enplante, kantite kòb l ap koute, apwobasyon epi konsepsyon yon plan konpansasyon pou viktim yo pou konnen ki resous k ap nesesè pou fè sa. Sepandan verifikasyon sa pa t fèt ase ni li pa t rive nan yon nivo ki respekte nòm yo epi li pa t fè pati desizyon BID t ap pran yo.

ESIA se sèl dokiman ki t analize enpak epi kou relokalizasyon an ki disponib anvan Konsèy la te apwouve pwojè a. men li pa t gen ladan okenn ankèt ki te fèt sou disponiblite tè ranplasman.

Yon fwa delokalizasyon yo te kòmanse epi Konsèy administrasyon BID la apwouve pwojè a, RAP a te rekonèt te gen difikilte pou jwenn tè an ranplasman e ki gen menm kalite ak tè kote pak la ye a. RAP a di:

“Investigasyon epi premye dyalòg nou te gen ak kominote a revele pa gen okenn lòt tè nan zòn nan ki gen dlo disponib ladan, ki tou pre kay moun yo epi ki fèt menm jan ak tè kote yo rete pou kounya. Jan yon peyizan te di nan yon rankont ki te fèt Fòlibète: ‘...Nou te deja gen pi bon tè ki gen nan rejyon an- pa gen lòt kote pou n ale’.”²⁶⁸

²⁶⁴ RP, ¶IV(3).

²⁶⁵ Anlè, ¶III(1).

²⁶⁶ Politik Relokalizasyon yo rekòmande pou gen bon jan konsiltasyon ki fèt ak kominote ki te gentan sou tèren an. Se vre gen de reyinyon ki te òganize men yo pa rive founi de enfòmasyon egzak depi byen bonè pou konnen si gen tè ki disponib pou opsyon tè pou tè a.

²⁶⁷ RP, ¶V(5).

²⁶⁸ RAP (2011), p. 9.

“Mwen pa t gen ase lajan pou m achte lòt tè! Se te yon tè nou te eritye....lè yo te vini yo mande nou ‘Kisa nou vle?’ nou te di, ‘se tè nou vle!’ lè nou te di sa yo ta pral ban nou tè yon lòt kote, nou pa t asepte! paske tè sa se nan men lòt moun yo ta pral pran l pou ban nou. Lè yo pa jwenn tè, yo di ‘se lajan n ap bay’...yo te fè nou siyen. Yo te di nou, ‘Siyen! paske nou dwe siyen’...nou pa t dakò! men lè yo te di, ‘Nou pral peye’ se lè sa nou asepte epi nou siyen”

Louis Tirène.



Kredi foto: Antoine Bouhey/ActionAid

Sepandan, RAP a fè konnen gen yon tè nan Fonblan (Terye wouj) UTE te idantifye kòm altènativ, pou 365 fanmi ki te mande fòm konpansasyon sa a.²⁶⁹RAP a pa t rekonèt gen lòt kominote ki te gentan ap aviv epi kiltive tè a non plis li pa chache konnen si nou t ap ka akomode nou ak fanmi sa yo. Anlaiz sa pa respekte egzijans Politik relokalizasyon an fè pou verifye si gen resous pou ranplase byen viktim yo pèdi yo.²⁷⁰

Anpis de sa, nou pa t gen enfòmasyon klè si te gen envestigasyon *konplè* ki te fèt pou konnen si gen opòtinite pou jwenn lòt tè ranplasman – nan zòn Terye wouj oswa lòt kote. Jan n te deja pale de sa, nou konprann li posib pou viktim yo te deplase ale Terye wouj, sepandan BID ak UTE te rejte opsyon sa akòz lajan sèten kondisyon moun ki deja ap kiltive tè a te poze.²⁷¹ Yon

²⁶⁹ Anlè Sa ta mande pou: gen de envestisman konsiderab pou amenaje tè a, sekirize li, epi pèmèt plis moun jwenn aksè a de enfrastrikti, irigasyon epi sipèvizyon teknik pou restore anviwonman pwodkasyon ki kapab satisfè tout moun.”

²⁷⁰ RP, ¶III(1), V(2) and V(5).

²⁷¹ Gade seksyon III.A.i, espesyalman pp. 18.

fwa yo te abandone tèren Terye Wouj la, nou pa t okouran de okenn bon investigasyon ki te fèt sou lòt tèren.

Aprè sa, nou te ret ap tann tè pandan preske twa lane, sa ki pa t janm rive. Aprè sa nou vin resevwa yon konpansasyon san valè depi lè yo deside pou yo pa bay tè a ankò an 2013. As a result, we waited almost three years for replacement land that never eventuated.

vii. Mank konsiltasyon epi patisipasyon reyèl viktim yo

Anplis verifikasyon preliminè a ki pa fèt, ka a vin agrave akòz mank konsiltasyon. Alafwa Politik relokalizasyon ak Politik sou respè anviwonman BID yo egzije pou gen de konsiltasyon serye ki fèt ak moun ki afekte yo epi pèmèt yo patisipe, depi nan kòmansaman epi pandan tout pwosesis konpansasyon ak planifikasyon pwojè a.

Premyèman, nan sa ki konsène pwosesis relokalizasyon an, Politik Relokalizasyon egzije:

- Pou gen konsiltasyon epi patisipasyon kominote a nan nan lè sa nesesè selon jan kiltirèlman epi sosyalman sa konn fèt, avèk yon echantyon reprezantatif moun ki gen pou deplase yo epi moun nan kominote k ap akeyi yo a. Konsiltasyon yo dwe kòmanse depi faz konsepsyon an epi pou l kontinye pandan faz egzekisyon epi evalyasyon plan an. Gwoup ki pi vilnerab yo dwe idantifye epi enterè yo dwe byen reprezane: ¶V(2).
- Nan kad ankèt ESIA a, dwe gen yon premye plan relokalizasyon ki dwe prepare. Nan plan sa dwe gen bon jan konsiltasyon ki fèt ak popilasyon afekte a e plan sa dwe disponib nan faz sa a, anvan menm misyon analiz la vin fèt. ESIA/plan relokalizasyon preliminè (RAP) a dwe montre gen bon jan konsiltasyon ki te fèt ak popilasyon afekte yo: ¶V(6).

An plis de sa, Gid ak Prensip sou Relokalizasyon envolonè a fè remake “plan pwojè yo, règleman, pwosedi konpansasyon epi tout dokiman legal yo... dwe disponib nan yon fòm ki aksesib a popilasyon afekte a, si nesesè nan lang matènèl yo, epi se pou yo itilize radio oswa TV pou rive atenn sila yo ki pa gen gwo nivo oswa pa resevwa edikasyon fòmèl ditou.”²⁷²

Dezyèmman, nan sa ki konsène dokiman pwojè yo an jeneral, Politik sou pwoteksyon anviwonman egzije:

- Pou gen nan lè sa nesesè bon jan konsiltasyon epi enfòmasyon pandan ankèt ESIA ap fèt: ¶4.19.
- Operasyon ki klase nan Kategori “A” epi “B”, toud, egzije pou gen konsiltasyon ak moun ki afekte yo epi konsidere pwennvi yo nan kad pwosesis evalyasyon sou plan anviwonmantal la. Operasyon ki nan Kategori “A” espesifikman egzije pou gen omwen 2 dyalog pandan preparasyon pwojè a: youn panda faz lansman pwosesis ankèt sou plan anviwonmantal la oswa verifikasyon preliminè epi lòt la pandan revizyon rapò ankèt yo: ¶4.20.²⁷³

²⁷² Dokiman ki pote non: Involuntary Resettlement in IDB Projects: Principles and Guidelines, p. 21.

²⁷³ *Gade tou dokiman ki rele Implementation Guidelines for the Safeguards Policy*, pp. 34-35 <http://bit.ly/2b07Vwx>: yon dezyèm konsiltasyon pandan revizyon ankèt sou enpak yo ap pèmèt yo pataje enfòmasyon epi resevwa komantè

- Pou pèmèt dyalòg la fèt, se pou viktim yo jwenn bon jan enfòmasyon, nan yon fason yo ka konprann epi nan lang yo pou pèmèt yo fòme opinyon yo epi kapab fè kòmantè sou jan yo prevwa rès operasyon yo ap fèt: ¶4.20.
- Pandan egzekisyon yo, viktim yo dwe resevwa enfòmasyon sou mezi ki pran pou redui ris anviwonmantal ak sosyal ki ka afekte yo, jan plan jesyon anviwonmantal ak sosyal la mande sa [Environmental and Social Management Plan (“ESMP”)]: ¶4.20.
- Pou BID revize ESIA ak ESMP a anvan li apwouve pwojè pou l asire l yo konfòm ak nòm li yo, epi dwe pran an kont kalite dokiman ki soumèt yo pandan pwosesis apwobasyon yo: ¶4.19.

Anplis, nan Politik Bank lan sou askè a enfòmasyon- epi nan Politik relokalizasyon ak pwoteksyon li yo- In addition, the Bank’s Access to Information Policy– together with the Resettlement and Safeguards Policies –yo prevwa pou tout enfòmasyon ki konsène ankèt sou enpak anviwonmantal ak sosyal tout pwojè leta enplike ladan yo pibliye: piblikasyon sa yo ap nesèsè pou pèmèt kominote a angaje l nan pwosesis enplantasyon ak evalyasyon pwojè a. Egzanp, se pou rapò ESIA reyalize ansanm ak ESMP epi pou yo pibliye anvan misyon analiz Bank lan kòmanse travay.²⁷⁴ Lòt analiz anviwonmantal ki enpòtan ki fèt dwe disponib pou piblik la.

Yon lòt fwa ankò, pi gwo vyolasyon egzijans sa yo fèt akòz delokalizasyon an fèt anvan menm konsiltasyon yo kòmanse. Sepandan, menm konsiltasyon ki te rive fèt byen ta pandan RAP ak ESIA t ap reyalize pa t respekte egzijans BID yo.

Espesyalman nan sa ki konsènen devlopman plan relokalizasyon an (RAP):

- Reta ki te genyen nan lansman konsiltasyon yo ki te kòmanse yon ti bout tan anvan Konsèy la te apwouve pwojè a. Apade rankont ki te genyen an Janvyè 2011, vrè premye rankont ki te reyalize ak gwoup viktim nan kominote a pou ba yo enfòmasyon sou pwosesis relokalizasyon an ta sanble fèt nan dat 25 Jen 2011:²⁷⁵ se ozanviwon dat sa ESIA a te finalize,²⁷⁶ epi yon mwa anvan Konsèy administrasyon BID te apwouve pwojè a.
- Apati mitan mwa Jen 2011, premye konsiltasyon yo te kòmanse ak ALENAC. Sepandan, ALENAC pa t gen lejitime pou reprezante viktim yo, konte sou asosyasyon sa a se pa t yon chwa ki sosyalman e kiltirèlman apwopriye. Jan nou te deja diskite sa, pa t gen eleksyon ki te fèt pou chwazi manm ALENAC yo, osinon sa pa t men prevwa nan konsiltasyon ki te fè ak majorite viktim yo. Sèlman 22 nan manm ALENAC yo- preske plis pase mwatye nan yo- te klèman idantifye yo kòm

epi pote korekesyon nan ankèt la epi nan Plan jesyon anviwonmantal ak sosyal ki koreponn a ris sa yo (Environmental and Social Management Plan (“ESMP”).

²⁷⁴ Safeguards Policy, ¶4.19.

²⁷⁵ *Premye Rankont avèk otorite lokal yo (Janvyè epi Me) gade nan RAP (2011) Anèks 2, pp. 128-129.*

²⁷⁶ Jan nou te fè remake sa pi wo a, Plan relokalizasyon preliminè te dwe antre nan ESIA a: RP, ¶V(6).

viktim delokalizasyon an.²⁷⁷ Ni BID ni UTE pa t fè okenn tantativ pou verifye si majorite viktim yo konsidere ALENAC kòm reprezantan lejitim yo.²⁷⁸

- Ni RAP a ni akò konpansasyon ki te jwenn an 2011 yo pa t ekri an Kreyòl, lang pifò viktim yo pale.
- Pa t gen sesyans enfòmasyon ki te òganize kòmsadwa pou pèmèt yon bon kantite nan viktim yo okouran de plan relokalizasyon an (RAP) epi fè kòmante sou li,²⁷⁹ etandone nivo alfabetizasyon viktim yo.²⁸⁰Byenke nan moman konsiltasyon yo, yo te bay esplikasyon tou kout sou RAP a, men ni konsiltan BID yo, ni pa UTE yo pa t pran tan pou esplike an detay sou konpleksite ki ka genyen nan aplikasyon plan sa a chak viktim.
- Anvan mwa Mas 2012, ta sanble ni RAP a ni Ankèt preliminè a pa t disponib sou sit entènèt BID.²⁸¹Te gen mizajou ki fèt nan RAP a lè yo rann yo kont kay yo te pwomèt 10 fanmi ki te pi vilnerab yo pa t ap gentan fèt,²⁸² menm dokiman sa toujou pa disponib sou sit entènèt BID la.
- Malgre plizyè demann nou te fè pou n jwenn lis konplè moun ki te resevwa konpansasyon yo, nou te resevwa sèlman yon lis enkonplè ki gen 367 chèf fanmi.²⁸³Lis sa, menm jan ak lòt dokiman BID ak UTE te pwodui pa t gen enfòmasyon kle tankou laj viktim yo, sèks yo, kantite moun ki gen nan fanmi a, kalite epi kantite tè yo te genyen an, sa ki anpeche nou analize si kritè pou kalifye moun ki gen dwa a konpansasyon epi ki defini vilnerabilite yo te respekte. Enfòmasyon sa yo kapital etandone nou jwenn anpil rezon pou n afime gen anpil erè ki glise nan Etid preliminè a, nan RAP a epi nan akò konpansasyon yo.

²⁷⁷ *Gade nan* Anèks 7, konparezon ant lis viktim ALENAC ak lis Etid preliminè an Jen 2016. *Gade nan* seksyon III.A pi wo a.

²⁷⁸ *Gade nan* Anèks 4, rapò rankont yo.

²⁷⁹ Tankou atravè rankont an gwoup, fòkis gwoup, epi rankont endividyèl epi de rankont espesifik pou pèmèt yo konsilte fanm yo epi pèmèt yo patisipe.

²⁸⁰ Etid preliminè te remake 33.3% nan 366 chè fanmi (ki te idantifye apre) ki te delokalize yo pa t konn ni li ni ekri, pandan 49% nan yo te resevwa yon edikasyon primè oswa pi ba pase sa: Baseline, p. 18.

²⁸¹ Dokiman sa te pibliye sou sit entènèt BID nan dat 26 Mas 2012.

²⁸² ESMR 2015, ¶4.34: “UTE te prepare yon lòt plan relokalizasyon pou 10 moun ki te rete yo, plan sa pral kòmanse aplike nan semenn k ap vini yo.”

²⁸³ An Janvyè 2016, nou te resevwa yon lis 367 fanmi viktim (yo te idantifye 366 nan Ankèt preliminè a plis Eliane Cerjuste, yo te ajoute nan lis la sou demann ALENAC e ki ta sanble pa t nan lis la an 201), olye de 442 fanmi nou kwè ki te deplase. Nan lis sa yo, yo fè konprann tout vèsman konpansasyon yo te fèt, san yo pa di kiyès ki te resevwa yo epi pou kisa yo te bay kòb sa yo: UTE *Liste des personnes compensées définitivement (compensation monétaire) + montants définitifs payés*, ki atache nan Anèks 13. *Gade tou* nan seksyon V epi Anèks 12. and Annex 12. Pou UTE se yon lis “definitif” malgre gen lòt moun ki te idantifye e ki te resevwa konpansasyon jan sa di lis nan dokiman UTE te founi yo.

“Lè yo te vin pran tè nou an, yo te di yo t ap ban nou lòt tè. Se aprè yo vin di yo p ap ka bay tè ankò men y ap bay lajan pito...yo pa t mande nou kisa nou bezwen...jodi a li pi difisil pou n achte nenpòt sa n ta bezwen. Nou pa ka travay. Nou pa menm ka soti al achte manje. Nou pa gen anyen pou n plante e nou gen timoun. Tout bagay nan mache chè.”

Philomène Jean.



Kredi foto: Antoine Bouhey/ActionAid Haiti

Jeneralman se mank konsiltasyon ak mank piblikasyon enfòmasyon sou pwojè epi enpak li yo ki fè vin gen tout vyolasyon espesifik sa yo ki fèt:²⁸⁴

- Jan nou te pale sou sa, te gen yon sèl rankont ki te fèt ak kominote a, anvan yo te finalize ESIA ak ESMP a,²⁸⁵ olye de 2 rankont jan Politik pwoteksyon an egzije sa. Byenke gen lòt rankont ki fèt nan mwa Septanm, rankont sa yo te fèt apre Konsèy Bank lan fin apwouvre pwojè epi aprè ESIA ak ESMP a te fin fèt.²⁸⁶
- Viktim yo pa t janm gen aksè a dokiman pwojè ki pi enpòtan yo nan yon fòm yo ka konprann epi nan lang pa yo. Apa de akò konpansasyon 2013 la ki te disponib an Kreyòl, pa t gen okenn lòt dokiman pwojè ki te an Kreyòl. Rankont an gwoup ki te fèt an Septanm epi Desanm 2011 yo pa t fèt nan objektif pou esplike epi resevwa komantè viktim yo sou pwoblèm anviwonmantal ak sosyal yo nan yon fason tout moun te ka patisipe kòm sadwa. Pa t gen de rankont espesik nonplis ki te òganize pou konne pwennvi fanm yo ki yo menm ak viv konsekans ris anviwonmantal ak sosyal sa yo plis pase gason yo.

²⁸⁴ *Gade pi lwen seksyon IV.B ki pi ba a.*

²⁸⁵ ESIA, Anèks 2. Fè referans a lòt rankont ki te fèt ak otorite lokal yo.

²⁸⁶ RAP (2011), Anèks 2, p. 129; Lis prensipal Konsiltan yo, <http://bit.ly/2aVUskN> ki site nan HA-L1076 Project Profile <http://bit.ly/2aTraFg>.

- ESIA a li menm li te enkonplè e ta sanble gen lòt etid ki ta dwe evantyèlman fèt pou konplete l,²⁸⁷ sa ki te vin fè gen mizajou ki fèt nan ESMP.²⁸⁸ Sepandan, nou pa t okouran gen okenn konsiltasyon ki te fèt sou rezilta ki te soti nan lòt etid sa yo epi nan ESMP yo.²⁸⁹
- BID pa t asire l tout nòm li yo respekte nan siskonstans kote nan menm dokiman pwojè yo, yo fè remake pa t gen ase konsiltasyon ki te fèt, sa ki se yon vyolasyon Politik pwoteksyon BID li menm, ¶¶4.19 and 4.20.

Parapò a mank enfòmasyon kle nou pa t genyen sou pwojè a, epi akòz nou manke opòtinite pou patisipe nan aktivman nan mete kanpe Plan relokalizasyon an RAP an, nou te konsidere yo pa “trete nou egal ego”, jan Politik relokalizasyon an egzije sa.²⁹⁰ Nan moman yo te prezante nou plan konpansasyon yo, nou pa t gen twòp opsyon, asepte sa ki te ofri a se sèl opsyon nou te genyen. Jan nou pral diskite sa pi ba a, pa gen okenn mekanis kote nou ka pote plent osinon poze kesyon sou pwosesis relokalizasyon an epi sou dwa nou gen pou yo dedomaje nou. Nou santi yo te mete nou deyò nan yon pwosesis ki te gen gwo enpak sou lavi nou.

viii. Reta

Depi pwosesis delokalizasyon an kòmanse, viktim yo soufri akòz de reta ki pa t nesèsè pou resevwa konpansasyon an. Jiska kounya gen viktim ki toujou ap tann, 6 lane apre yo fin pran tè yo. Konpansasyon sa ki pa t bay a tan an te gen gwo enpak sou sou timoun nou yo, paske se nan goumen fanmi yo ye pou achte manje, peye lopital epi lekòl depi lè yo fin deplase kite tè a.²⁹¹

Politik Relokalizasyon BID la egzije pou konpansasyon yo bay nan yon delè rezonab.²⁹² Menm an Janvyè 2011, apre delokalizasyon yo fin fèt, pèsonn pa t ko resevwa konpansasyon final jiska fen ane 2013. Akòz BID ak UTE pa t fè verifikasyon preliminè pou konnen si gen tèren ki disponib pou ranplase tèren yo pran yo, sa te responsab an pati reta ki te genyen nan bay konpansasyon yo. Pandan nou menm tou prè pou n ret tann yo ban nou tè sa, BID ak UTE pa t fè anyen pou antisipe sou reta sa (akòz yo pa t fè de bon verifikasyon) pou asire l li jwenn de aranjman pou jere tranzisyon sa. Konpansasyon pwovizwa li te bay yo- lajan pou pèt rekòt ak sekirite alimantè- pa t pèmèt nou koninye kòm sadwa. Li te jis ede nou ak de bezwen imedyà nou te genyen, li pa t pèmèt nou kontinye pran swen tèt oswa retabli sous revni nou te genyen anvan.

²⁸⁷ Gade referans 390 pi ba a.

²⁸⁸ Ladan yo dokiman ki pote non: Environmental, Social and Health and Safety Management Plans (2012), p. 18 <http://bit.ly/2b6GcXO> [“2012 ESMP”]; ak plan jesyon dlo ki sèvi deja (Desanm. 2014).

²⁸⁹ Byenke CIA (2012) la pale de fòkis gwoup ki te fèt kote manm kominote afekte yo patisipe, nou pa okouran de okenn lòt gwo rankont, ki te fèt pou pale de rezilta ki nan rapò sa a ni okenn lòt chanjman ki te fèt nan apre nan ESMP a : gade nan lis konsiltan prensipal BID yo ki nan referans 286; CIA (2012), p. 9. Moun ki te fè mizajou nan rapò CIA [Update (2015)] te konsilte reprezantan pwojè yo epi yon gwoup ki reprezante otorite minisipal yo, men yo pa t konsilte direktèman manm kominote ki afekte a: CIA Update (2015), pp. 6-7.

²⁹⁰ RP, ¶II.

²⁹¹ Anlè

²⁹² Anlè, ¶¶V(2) and V(3).

Anplis de sa, dis (10) nan fanmi ki pi vilnerab ki te chwazi kay kòm opsyon konpansasyon pa t resevwa l an Me 2016, e petèt y ap tann jiska kounya.²⁹³ Moun ki te chwazi pansyon yo ap viv menm sitiyaasyon an an.²⁹⁴ Nan entèvyou nou te fè ak 58 viktim, kat ladan yo rapòte nou yo pa resevwa tout konpansasyon ki te enskri nan akò yo te siyen an, epi gen 2 ki di yo pa resevwa anyen ditou.²⁹⁵

Vyolasyon sa ap kontinye, paske nou pako resevwa yon konpansasyon ki sifi pou remete nou sou de pye nou sosyalman ak ekonomik, jan nou esplike sa pi ba a.

ix. Konpansasyon ki pa apwopriye

Tout fay ki genyen nan verifikasyon preliminè a epi konsiltasyon yo te kontribye a dènye tò sa yo te fè nou: konpansasyon an pa rive kouvri valè tè nou te pèdi a epi li pa rive nonplis remete nou sou de pye sosyo-ekonomikman.

Politik relokalizasyon egzije klèman pou gen yon konpansasyon ki “jis e apwopriye” epi k ap kouvri tout kouri tout pèt nou te fè yo epi k ap pèmèt nou rejwenn yon nivo lavi ki pou pou omwen menm jan ak fason nou te konn viv anvan yo te deplase nou an.²⁹⁶ Kontrèman a sa ki di la, majorite viktim yo fè nou konnen sitiyaasyon sosyo-ekonomik yo vin pi grav pase anvan, paske yo nan anpil ensekirite alimantè ak finasyè.²⁹⁷

Se yon rezilta trajik, men ki pa siprann pèsonn, etandone BID fayi nan verifikasyon li te dwe fè yo. Jan nou ka wè sa nan esplikasyon ki bay pi wo yo:

- Deplase kite tè a anvan menm yo aplike nòm pwoteksyon yo fè nou tonbe nan yon sitiyaasyon vilnerab parapò a ris pou n vin pi pòv epi akòz nou pa t gen menm pouvwa ak lòt aktè yo nan pwosesis negosyasyon konpansasyon yo;
- Kantite lajan yo te ban nou an 2011 pou pèt rekòt epi pou sekirite alimantè pa t ase pou satisfè bezwen nou yo, e erè sa yo te kontinye pandan tout pwosesis konpansasyon an;²⁹⁸

²⁹³ 2015 ESMR, ¶4.34.

²⁹⁴ HA-L1101 ESS, ¶3.15; 2015 ESMR, ¶4.34.

²⁹⁵ Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo.

²⁹⁶ RP, ¶III(2).

²⁹⁷ *Gade nan seksyon III.A.ii, espesyalman pp. 23-24 ki fè rezime entèvyou detaye nou te fè ak 58 chèf fanmi viktim yo an Me 2016; gade tou nan Anèks 6, rezime rezilta entèvyou yo.*

²⁹⁸ Pou te detèmine lajan pou sekirite alimantè a, yo te divize montan total la (ki se yon montan yo decide san yo pa konsilte pèsonn) ak kantite total fanmi ki kalifye pou resevwa konpansasyon epi kantite moun ki gen nan chak fanmi (preske \$80 pou chak moun): Tableo 1; Anèks 4, rapò rankont; ESMR2013, ¶3.58 (“ Vèsman chak ane a te...\$80 pou chak moun nan fanmi an pou pwodui yo te konn konsome nan tè a yo pèdi). Chif sa pa kamarad kanti kòb nou bezwen aktyèlman, an 2011 pou yon moun manje kòrèkteman: preske \$270 chak moun: Tablo 1; CNSA *Bulletin #1: Le Panier Alimentaire en Haïti* (Jen 2012), p. 1 <http://bit.ly/2b8M9VY>. Poy yon bon kantite fanmi kòb yo te bay pou pèt rekòt pa t reprezante sa yo te konn fè nan tè a akòz desizyon ki te pran pou estime an mwayèn ki kantite kòb chak ekta ka rapòte pou tout tè yo pandan an reyalye gen varyasyon nan kantite kòb sa an fonksyon de tip pwodui ki te nan tè a, kantite rekòt chak ane, epi si tè a te irige: Tablo 1. Menm Ankèet preliminè te admèt gen 48 ekta tè ki te bay an mwayèn 3 fwa (\$3,118) kantite kòb ki te prevwa nan konpansasyon an (\$1,450): Baseline, p. 39.

- Plan konpansasyon an pa t rive pran an kont kou lavi a ki pa t sispann monte nan Karakòl;²⁹⁹
- Lefèt BID ak UTE pa t pran tan pou l fè verifikasyon sou disponiblite lòt tè ranplasman³⁰⁰ vin fè yo twouve yo nan yon sitiyasyon kote yo pa an mezi pou bay tè a jan plan relokizasyon an te egzije sa a, sa ki lage nou de bra balanse nou oblije asepte kraze monnen yo te bay kòm konpansasyon an;
- Nou te resevwa nan kèk ka yon ti sipò e nan lòt ka nou pa resevwa ditou, sa ki ka pèmèt nou fè tranzisyon a yon nouvo sous revni;³⁰¹ epi
- Plan konpansasyon sa a pa pran an kont gwo ris pi fò viktim yo, si se pa tout, t ap kouri pou yo apovri plis toujou. Nan sikonstans n ap pale, bay lajan kach kòm sèl mwayen konpansasyon, pa t apwopriye ni sifizan.³⁰²

²⁹⁹ *Gade* Tablo 2 epi lòt diskisyon ki te genyen parapò a kou lavi a. An 2011- lè yo te fèk kalkile montan lajan pou konpansasyon pou pèt rekòt ak sekirite alimantè a – BID pa t ko fè okenn ankèt sou enpak sosyal yo, ni okenn pwojeksyon detaye sou ogmantasyon popilasyon an epi ris ki pral genyen lè gen plis moun k ap bezwen manje, travay, kay epi tè, li pa t pran sa an konsiderasyon lè sa a. Menm lè ogmantasyon nou pale la yo te vin yon reyalyte, BID ak UTE, san okenn esplikasyon, pa t pran an kont kou lavi a ki te ogmante epi ogmantasyon kantite moun ki pèdi revni yo, pandan tan yo t ap bay konpansasyon pou pèt rekòt epi pou sekirite alimantè an 2012 epi 2013: *Id*; Anèks 4, rapò rankont yo. Nou remake kalkil konpansasyon an te fèt pou senk ane pèt rekòt, pandan yo pran an kont yon ogmantasyon toupiti “to enflasyon”: *Anlè* Jan nou te diskite sa anvan, fòmil ki te itilize a pa t pèmèt yo detèminè kantite kòb ki te nesèsè pou achte lòt tèren ranplasman, ni li pa t rive pran an kont konplètman ogmantasyon kou lavi a nan Nòdès peyi Dayiti espesyalman, ni li pa pran an kont ogmantasyon kantite revni nou t ap genyen nan tè a.

³⁰⁰ *Gade* seksyon III.B.vi pi wo a.

³⁰¹ Si nou chita sou lis benefisyè BID ak UTE te bay fòmasyon (*gade* referans 159 ak Anèks 13), se sèlman sèt nan chèf fanmi ki te afekte ki te idantifye nan Ankèt preliminè (sa vle mwens pase 2% viktim yo) te suiv fòmasyon pwofesyonèl. Sou 58 chèf fanmi viktim nou te poze kesyon, pa gen pèsonn ki te suiv fòmasyon e se yon sèl moun ki te li gen yon manm nan fanmi l ki te benefisye yon fòmasyon: Annex 6, rezime rezilta entèvyou yo. Sa fèt malgre Etid preliminè a rekonèt “se yon nesèsite anplis de konpansasyon an pou pèmèt fanmi ki vilnerab yo rejwenn mwayen rekòmanse plante oswa fè yon lòt aktivite pou fè lajan”: *Baseline*, p. 2, ¶6 (Malgre konsiderasyon sa yo, pa gen okenn pwopozisyon ki fèt nan Etid preliminè a pou bay viktim yon revni tranzisyonèl, yo sèlman rekòmande pou gen \$76000 ki disponib pou sa. Si nou konsidere 366 fanmi ki te idantifye pandan etid sa, chak fanmi ap gen pou resevwa \$207.)

³⁰² Dokiman referans sou Politik sou relokizasyon envolontè rekonèt « bay lajan kach kòm sèl mwayen konpansasyon pa t apwopriye » (Involuntary Resettlement Background Paper, p. 21. *Gade tou dokiman ki rele Involuntary Resettlement Principles and Guidelines*, pp. 22, 25) epi esplike pi lwen:

“Nan plizyè ka nou konsidere, opsyon bay lajan kach kòm konpansasyon an bay pwoblèm. Delokalizasyon an afekte kèk kategori nan popilasyon anpil, patikilyèman sa ki pi pòv yo, nan yon fason kote soufrans lan vo plis pase kantite kòb tè yo pèdi a koute. Relokalizasyon an ka depose moun yo de revni prensipal yo te genyen epi, nan kèk sikonstans menase lapè sosyal yo ak idantite kiltirèl yo.... Nan esperyans BID ak Bank mondyal fè nan zafè relokize moun pwouve bay lajan kach kòm konpansasyon raman se yon bon estrateji. Prensipal rezon an se paske: (a) konpansasyon an lajan kach souvan pas sifi pou ranplase kantite byen moun yo te posede ak opòtinite yo te genyen. An plis de sa, presyon ki te sou do yo pou rezoud de bezwen imedya, tankou manje, kay pwovizwa pou yo rete, swen sante osinon peye dèt, sa yo konn rann moun yo pa gentan menm investè kòb la swa nan fè kay oswa mete yon aktivite ekonomik sou pye epi tout kòb la fin depanse. Sa ka rive patikilyèman pou gwoup moun revni yo fèb, sa ki ka fè yo tonbe nan povrete pèmanan. Yo dwe anvizaje pou ede moun ki delokalize yo jwenn lòt kay kòm altènativ, tè oswa travay. Sa enpòtan anpil sitou lè yo te depann de tè a pou jwenn mwayen pou yo viv.”

Involuntary Resettlement Background Paper, p. 30.

“Fanmi m vin pi mal kounya. Ka nou vin pi mal jodia. Pri tout bagay monte men wotè, tout bagay pi chè kounya. ... yo pa t chita avèk nou, yo pa t chita avèk nou pou yo konnen kisa nou bezwen.”

“Mwen pa t gen ase, ase lajan, sa yo te bay la pa t ase ditou”

“kit nou te vle kit nou pa t vle, yo te di fòk nou siyen e moun ki pa siyen p ap jwenn lajan ditou. Yo pa t menm ban nou tan pou nou li dokiman an.”

Dieudonné Florvil, se yon viktim ki lwe tè pou l kiltive pou kounya, men li di nou tè sa a pi piti epi li pa gen menm kalite ak tè li te gen nan Karakòl-Chabè. Pami lòt pwodui li te konn kiltive manyòk nan tè Karakòl-Chabè a, men pou kounya li paka kiltive manyòk sou tè sa li lwe a paske li gen ase dlo. Ak lajan li te resevwa kòm konpansasyon an li te vle achte tè pou ranplase sa li pèdi a men kòb la pa t ase.

Judith Florvil, ki se madanm Dieudonné, di nou lè li al achte fwi, legim, epi chabon pou l fè manje, li pa ka peye yo paske tout bagay vin pi chè pase lè yo te gen tè a. li esplike nou lavi a vin pi difisi paske *“ nou pa ka pwodui menm kantite manje a ankò, pa gen manyòk, e menm bannann pa gen anpil ankò...menm bèf ki mwen chè a e ki pi piti a nou pa ka achte.”* Li di nou tou li gen anpil difikilte pou l voye timoun li yo lekòl *“paske nou souvan pa peye a lè”*

Devlope yon plan konpansasyon ki dirab t ap mande pou gen plis konsiltasyon epi evalyasyon bezwen espesifik yo. Nou te bezwen epi nou toujou bezwen yon pwosesis:

- Ki pran an kont sanblite ki gen nan kesyon egallite fanm ak gason, etandone diferans ki genyen ant fanm ak gason konsènan opòtinite pou jwenn travay epi tou pran an kont ensekirite finansyèl fanm ayisyen yo ap fè fas;
- Respekte tout pèt ak bezwen diferan fanmi yo genyen pou rekanpe sou de pye yo;
- Respekte ris espesifik ki genyen pou anpil fanmi apovri – se pa sèlman 35 fanmi yo te konsidere kòm vilnerab yo an 2013- epi ede yo jwenn lòt tè an ranplasman, kay oswa pèmèt yo mete yon ti biznis sou pye ki ka rantrè lajan, pandan se yo menm k ap di kisa yo prefere; epi
- Ede kominote a mete kanpe yon mekanis pou pèmèt yo ekonomize lajan, konsan yo ka envesti kòb epi l nan yon fason ki dirab.

Nou esplike an detay tout jan nou ta renmen pwosesis la ye nan seksyon C, pi ba a.

x. Yo pa rive byen investige, sipèvizè ni evalye enpak relokalizasyon yo

BID pa t rive investige ni evalye pwosesis relokalizasyon an nan moman sa nesèsè. Si li te fè sa anpil nan pwoblèm nou te site pi wo yo t ap gentan idantifye epi solisyon t ap jwenn pou yo pi bonè.

Politik Relokalizasyon an egzije pou nan RAP a gen sipèvizyon ak evalyasyon ki fèt.³⁰³ Aktivite sipèvizyon yo dwe mete anfas sou kondisyon sosyal ak ekonomik moun ki pral delokalize yo epi kominote k ap resevwa yo pral gen pou viv apre delokalizasyon an, padan y ap itilize de endikatè sou kalite ak kantite. Evalyasyon final la dwe fèt nan yon dat yo panse tout plan yo te genyen sou nivo lavi yo te prevwa ofri yo aplike tout bon.³⁰⁴

RAP a te prevwa pou gen yon evalyasyon nan mitan wout ki fèt apre 15 mwa epi evalyasyon final la nan 30 mwa.³⁰⁵ Nou konprann pou BID ak UTE delè n ap pale a kòmanse apati dat konpansasyon final la te bay la(Sept.2013), olye de dat premye aplikasyon plan relokalizasyon an (RAP) (Sept.2011).³⁰⁶ Nou kwè apwòch sa pa korèk : selon rezonman yo fè, yo panse si senpleman pa bay konpansasyon final la yo t ap ka evite nèt egzijans pou te fè suivi ak evalyasyon an. Apwòch kontredi Politik BID sou relokalizasyon envolonètè (Involuntary Resettlement Principles and Guidelines), ki fè konprann suivi k ap fèt pandan aplikasyon RAP a kouvri *enpak* plan relokalizasyon an sou moun yo, epi kouvri tou pwogrè fizik pwojè a.³⁰⁷ anplis de sa, menm si apwòch la te korèk, evalyasyon yo pa t fèt nan dat yo te dwe fèt. Pa t gen okenn evalyasyon (ni nan mitan wout ni final) ki te fèt jika dat nou plent sa, sa fè 40 mwa depi Septanm 2013. Pandan te gen bon kolaborasyon ant BID ak UTE/SONAPI pandan peryòd sa, yo pa t konsilte ALENAC, Kolektif la osinon viktim yo, epi nou pa t remake okenn avantaj yo t ka genyen nan swadizan angajman UTE/SONAPI.

Antouka, kolaborasyon sa pa ka ranplase evalyasyon sosyo-ekonomik detaye ki ta dwe fèt sou *enpak* relokalizasyon an, jan Politik Relokalizasyon an egzije sa, ¶V(7).

BID te sipoze egzije pou te gen de plan entèkansyon detaye e efikas pou rezoud pwoblèm nòm ki pa respekte nan Politik Relokalizasyon an, anvan Konsèy la apwouve nenpòt prè ki ta pral bay aprè pou investi nan PEK la. Politik pwoteksyon yo egzije klèman pou BID finanse sèlman travay ki kòmanse deja si ajans k ap prete kòb la demontre li respekte tout sa Politik la egzije. Si nan kad evalyasyon preliminè BID fè, li ta remake nòm sa yo pa respekte, yo dwe prezante yon plan entèkansyon bay Bank lan anvan Konsèy la apwouve operasyon an.³⁰⁸ Akoz gen anpil fanmi ki ta sanble *jiska prezan* ap tann konpansasyon yo³⁰⁹ fè nou poze anpl kesyon pou konnen si nenpòt plan entèkansyon ki ta mete an plas konsènan pwojè sa ap respekte entèrè viktim yo, epi tou kapasite BID pou rasire l tout sa k ap gen pou reyalize ap respekte nòm yo.³¹⁰

Finalman nou remake pa gen aktyèlman okenn mekanis endepandan na kad pwojè pou nou ka di sa ki fè nou mal oswa pote plent pandan pwosesis relokalizasyon an. Politik Relokalizasyon an klèman egzije pou gen yon “mekanis rezoud dispit ki ka gen pou tè, konpansasyon epi nenpòt lòt aspè” nan plan relokalizasyon an (RAP).³¹¹ Byenke RAP te rekòmande sa, pandan aplikasyon RAP a, dwe gen yon estrikti endepandan epi respektab (tankou

³⁰³ RP, ¶¶V(6) and V(7).

³⁰⁴ *Anlè*, ¶V(7).

³⁰⁵ RAP (2011), p. 49.

³⁰⁶ *Gade lèt UTE* nan dat 26 Jiyè 2016, ki atache nan Anèks 12.

³⁰⁷ Involuntary Resettlement Principles and Guidelines, p. 28.

³⁰⁸ Safeguards Policy, ¶4.29.

³⁰⁹ *Gade nan seksyon III.B.viii* pi wo a.

³¹⁰ *Gade tou* ansanm preyoqipasyon BID yo li menm nan sou pwoblèm konsènan respè nòm yo epi sou dirabilite nan seksyon II ki pi wo a.

³¹¹ RP, V(6).

Ombudsman) yo dwe mete kanpe pou rasire l moun yo byen trete pandan tout faz yo,³¹² nou pa t okouran de yon mekanis konsa ki te mete kanpe nan ka sa.

Pa gen okenn eskiz pou vyolasyon sa yo, etandone kantite epi gwosè erè ki te fèt tout sa yo kontribye a tout soufrans nou kontinye ap viv jodi a.

C. Kisa Kolektif la vle nan pwosesis sa

Malgre soufrans nou viv jiska jodi a, nou rete kwè li posib pou nou jwenn tout konpansasyon yo dwe nou, si BID respekte tout obligasyon l yo, atravè yon dyalòb konstriktif ant nou menm, repaantan nou, BID ak UTE. Nan kad nenpòt dyalòg ki ta gen pou fèt, nou swete diskite sou solisyon sa yo Kolektif la konsewa nan tèt kole avèk preske 210 moun ki viktim.³¹³

i. Konpansasyon finansyè ki jis

Nou mande pou tout konpansasyon finansyè k ap bay re-evalye pou l pran an kont vrè kou lavi a, li dwe baze patikilyèman sou:

- De aspè espesifik (irigasyon, tip pwodui) nan tè viktim yo;
- Kou reyèl rekòt nou pèdi yo, baze sou pri pwodui agrikòl ki gen sou mache a;
- Kantite kòb ki ka nourri yon moun nan rejyon an (pri panye alimantè);
- Pri yo vann tè nan rejyon an;
- Ogmantasyon ki gen nan kou lavi a;
- Bezwen espesifik chak fanmi;
- Ansanm enpak sosyal ak anviwonmantal PEK LA; epi
- Reta ki te genyen pou viktim yo jwenn konpansasyon ki jis.

ii. Yon mekanis verifikasyon konpansasyon epi pou pote plent

Nou mande tou kreyasyon yon mekanis endepandan pou verifye si chak viktim resevwa konpansasyon yo dwe yo e mekanis sa ap gen pou misyon pou resevwa epi jwenn solisyon a plent viktim ki kwè yo pa resevwa konpansasyon. Mekanis sa dwe resevwa epi reponn a plent ki depoze yo yon fason ki transparan nan respè bon pratik tip mekanis plent sa yo. RAP a te rekòmande pou gen yon mekanis konsa, men sa pa t janm fèt.

³¹² RAP (2011), pp. 47-48.

³¹³ Nou te diskite sou demann sa yo pandan: rankont komite kowòdinasyon Kolektif la an Mas, Avril epi Me; Rankont jeneral Kolektif yo (150-200 moun an mwayèn ki asiste); konsiltasyon ak oganizasyon de baz yo; entèvyou endividyèl yo; epi pandan yon deba piblik nou te fè ak 210 viktim. Pandan deba jeneral la, nou te tonbe dakò pou opsyon bay lajan kòm konpansasyon ak mekanis plent pou moun ki pa t resevwa tout konpansasyon yo fè pati demann yo. Epi nou te itilize sistèm vòt ki pote non “Ohio-caucus” ki te pèmèt nou regwoupe moun selon opsyon yo prefer: i) Tè oswa kay pou lwe, ii) plan devlopman lokal ak kolektif, iii) edikasyon pou timoun yo, epi iv) travay nan pak endistriyèl la. Apre nou te mande gwoup sa yo pou chwazi ton 2èm opsyon nan twa opsyon ki te rete yo. Sa te montre preske menm kanite moun te sipòte chwa premye opsyon an, pandan gen senk moun ki te enterese a travay nan pak endistriyèl la kòm dezyèm opsyon (pa gen okenn moun ki gen yon opsyon li privilejye). Alòs, nou te mete demann sa nan lis demann yo.

Jan nou te fè remake sa pi wo a, anpil nan chèf fanmi viktim nou te fè entèvyou ak yo di yo pa t resevwa tout lajan ki te prevwa nan akò konpansasyon yo te siyen an. Anplis, etandone chif sou kantite fanmi afekte yo rekonèt nan dokiman pwojè yo chanje souvan (soti nan 351 pou rive nan 442), li posib pou lòf fanmi ki te vin idantifye aprè yo pa fè pati de moun ki ta dwe resevwa konpansasyon yo, kòm Etid preliminè te byen idantifye yo. Malgre nou te mande enfòmasyon sa yo, UTE ak BID pa t rive bay yon lis konpansasyon konplè e detaye yo te bay 442 fanmi yo. San lis sa a, li enposib pou konnen si chak fanmi, nan dat n ap pale, te resevwa konpansasyon ki te prevwa nan akò a.

Antanke pi gwo Kolektif viktim aktif, yo te dwe konsilte nou e ban nou opòtinite pou n patisipe nan mete kanpe mekanis plent sa a, e tout viktim yo dwe okouran de kreyasyon l epi konnen kijan pou yo pote plent. Pwosesis sa dwe konplete-men li pa dwe ranplase- demann rekonsiderasyon plan konpansasyon nou te fè pi wo a.

iii. Pase men nan lis kritè vilnerabilite yo epi lis moun ki vilnerab yo

Kritè vilnerabilite BID ak UTE te aplike an 2011 epi 2013 te alafwa two limite anplis yo te mal aplike yo, sa ki fè se yon kantite fanmi toupiti yo te konsidere kòm moun ki vilnerab pou tonbe nan plis mizè epi pou moun sa yo benefisyè de mezi k ap pran pou redui ris sa yo. Nou konsidere pi fò viktim yo si se pa tout vilnerab pou tonbe plis mizè, etandone:(i) kondisyon sosyo-ekonomik viktim yo; (ii) kantite (to povrete) moun ki nan povrete yo wo anpil epi ki depann de tè a pou jwenn mwayen pou yo viv epi kantite moun ki nan ensekirite alimantè nan popilasyon ayisyen an; epi (iii) presyon ki gen pou jwenn tè epi ogmantasyon kou lavi a anplis de Karakòl.

Nan ka sa nou mande pou gen yon pase men san kache na kritè vilnerabilite yo epi aplikasyon kritè sa yo sou viktim yo.

iv. Konpansasyon (ki pa lajan) ki jis pou pèmèt nou rejoye mwayen pou nou viv

Yon konpansasyon ki jis dwe chita sou yon chwa sensè pami opsyon ki prezante yo pou rebay viktim yo mwayen pou viv. Konpansasyon finansyè pa t ka pou kont li pèmèt sa reyalize.

Nan ka sa nou mande pou gen yon nouvo faz konpansasyon epi reyabilitasyon, nan faz sa viktim yo ap gen pou chwazi ant aksè a tè atravè yon sistèm, aksè a kay ki ka lwe regilyèman pou osinon yon konpansasyon finansyè apwopriye ki pran an kont pri reyèl tè ranplasman an. Nouvo plan konpansasyon ak reyabilitasyon sa dwe mete kanpe nan kad yon plan devlopman kolektif e endividyèl, ki gen ladan:

- **Sipè endividyèl pou chak fanmi:** *Tout* viktim yo dwe resevwa sipè endividyèl a travè yon plan ki vize ranfòse epi akonpaye aktivite ekonomik chak fanmi ap fè. Sipè sa dwe enplike idantifye de opòtinite epi de faktè ki ka pèmèt li rantre lajan, pandan l ap resevwa bon jan fòmasyon teknik ak fòmasyon sou jesyon biznis nan men òganizasyon epi ensitasyon ki kalifye pou sa. Se nan tè kole ak de òganizasyon kominotè (ladan yo òganizasyon plantè ak pechè) ak de ensitasyon lokal (Fond d'Assistance Economique et Sociale and the Conseils d'Administration de Section Communale)

- **Sipò pou òganizasyon lokal enpòtan yo:** pou pèmèt gen koyerans ant pwojè endividyèl yo epi bon jan sipò nan men òganizasyon lokal yo, ranfòse òganizasyon kominotè viktim yo manm ladan yo dwe fè pati plan konpansasyon an e k ap sipòte pwojè viktim yo.
- **Sipòte kreyasyon yon estrikti kolektif pou jere kòb ki prevwa pou konpansyon an:** dwe gen yon estrikti ki kreye pou jere lajan konpansasyon yo, a travè yon mekanis pou ekonomize ak bay kredi ki kapab pandan lontan sipòte aktivite viktim yo (ladan ap gen evalyasyon finansyè, akonpayman, fòmasyon epi planifikasyon).
- **Pran an kont dwa medam yo epi bezwen espesifik yo genyen:** yo dwe pran an kont dwa medam yo ansanm ak bezwen fanm viktim akk fanmi yo genyen atravè yon plan anbisye e detaye. An plis, fanm viktim yo ansanm ak tout manm fanmi yo dwe patisipe nan konsepsyon plan sa, se pa t sa ki te fèt nan premye plan entèvansyon an.

v. Sipòte pwojè edikasyon fanmi viktim yo

Finalman, akòz reta ki genyen pou mete an plas yon plan konpansasyon epi reyabilitasyon ki jis, nou panse li nesèsè pou gen sipò ki bay pou timoun ki nan fanmi ki afekte yo nan pwojè edikasyon yo genyen. Akòz revni fanmi yo diminye anpil aprè yo fin pèdi tè a, epi anpil tan ki pase pou mete kanpe yon nouvo plan konpansasyon, te anpeche anpil fanmi finanse edikasyon pitit yo. Pou pèmèt gen yon bon nivo lavi ki dirab nan pou fanmi yo epi nan kominote k ap viv tou pre pak PEK la, sa mande pou ogmante nivo edikasyon timoun yo. Nan ka sa, nou mande sipò espesifik pou pwojè edikasyon timoun yo pou amelyore edikasyon yo atravè de fòmasyon espesifik oswa pou jwenn aksè a yon nivo edikasyon ki pi wo.

“Avèk sa yo te ban nou an, nou pa ka achte tè. Menm ansyen kay mwenan, mwen pa t ka fin konstwi l ak lajan yo te ban m nan. Mwen pa t ka fini l paske mwen pa gen lajan pou sa... Anvan mwen te konn plante anpil bagay pou manje. Mayi, pwa, patat, pistach, manyòk. Mwen te gen yon ekta tè. Mwen pa ka fè lajan jodia... Sitiyasyon nou pi mal pase anvan... yo te jis ban nou sa yo te vle bay, yo pa t mande nou opinyon nou, kisa nou te bezwen... Yo te di nou dwe siyen, si nou pa siyen no p ap resevwa konpansasyon final la. Se pou sa nou te siyen.”

Ilna St Jean.



Kredi foto: Antoine Bouhey/ActionAid Haiti

IV. Preyokipasyon global nou sou plan anviwonmantal ak sosyal

Nan dokiman pwojè BID yo epi nan lòt rapò lòt òganizasyon, yo te idantifye tout yon seri ris anviwonmantal ak sosyal ki ka genyen epi de enpak negatif konstriksyon epi fonksyonman PEK la epi enfrastrikti nan lantouraj pak la, ladan yo santral elektrik la ka genyen sou kominote a. BID li menm deklare “enpak anviwonmantal ak sosyal epi enpak negatif endirèk PEK la nan yon tan ki long ap afekte non sèlman tè ki anviwonman pak la men li ap etann li nan tout rejyon Nòdès peyi Dayiti.”³¹⁴ Jan n esplike sa a pi ba a, nou pa t resevwa ase enfòmasyon sou ris ak enpak sa yo osinon sou jan y ap jere yo, nan yon fòm ki apwopriye oswa nan lang nou, sa ki se yon vyolasyon Politik anviwonmantal ak pwoteksyon (OP-703) BID yo.

A. Lòt reyalyte ki te gen ankò nan moman an

Selon nou menm, ris ak enpak PEK la epi enfrastrikti ki nan lantouraj pak la genyen se:

³¹⁴ ESMR 2015, ¶4.4.

i. Enpak negatif sou Rivyè Twoudinò

BID te rekonèt ris polisyon ki genyen pou Rivyè Twoudinò akòz dechè likid ak solid, ladan yo dlo sal, k ap soti nan PEK la alafwa pandan konstriksyon,³¹⁵ epi fonksyonman l.³¹⁶ epi tou ki soti nan santral elektrik la.³¹⁷ An 2011, travayè ki t ap fe netwayaj pou konstriksyon pak la pa t kite perimèt 20 mètr bwaze yo te dwe kite parapò a Rivyè Twoudinò, sa ki ogmante ris pou polye rivyè.³¹⁸ gen de preyokipasyon tou sou ogmantasyon ris pou degradasyon anviwonman,³¹⁹ inondasyon,³²⁰ epi pou kantite dlo PEK la konsome ki ka epuize rivyè pandan peryòd sechrès.³²¹ Medam k ap fè lesiv nan dlo rivyè tankou Rivyè Twoudinò yo espesyalman vilnerab parapò a maladi moun ka pran nan dlo si dlo yo ta kontamine.³²² Bèt yon non plis pa epanye.

Nou rann nou kont genyen nan enpak negatif sa yo ki komansè vizib. Yo te prevwa mete an plas yon izin pèmanan pou trete dlo sal ki fin sèvi yo (“WWTP”) an 2012, men te gen yon reta preske 2 ane anvan sa te rive fèt. Pandan reta sa, te gen yon izin (“WWTP”) tanporè ki te konstwi, men li pa t fonksyone byen epi li depase kapasite operasyonèl li, sa ki fè yo te jete tout dechè ki pa t trete yo nan anviwonman an.³²³ Erè sa yo te pouse Kons administrasyon BID la fè yon esepasyon an 2013 a sa ki prevwa nan atik B.11 nan Politik garanti ak pwokeksyon anviwonman li a, jiskaske izin tretman pèmanan an kòmanse fonksyone epi nòm sou rejè dechè yo aplike.³²⁴ menm si izin tretman sa ap fonksyone kounya, epi PEK la sèlman jete dlo sal ki trete nan rivyè Twoudinò a, nivo bakteri epi koulè dlo a toujou pa respekte nòm BID yo.³²⁵ Se jis nan mwa Dawout 2016 tout nòm BID yo te rive respekte.³²⁶

Gen “anpil dechè nan dlo a, dlo ki soti nan pak, menm sant li w pa ka pran, li gen vye sant, sitou lè van soufle sou li. Gen yon fi ki te pran gratèl aprè li fin benyen nan rivyè a.”

Louis Tirène.

³¹⁵ Environmental and Social Management Plan (5 Dawout 2011), pp. 26-27 <http://bit.ly/2aMe4Yv> [“2011 ESMP”].

³¹⁶ CIA Update (2015), p. 127; Environmental and Social Management Report (Novanm 2014), pp. 27-28 <http://bit.ly/2aEpEUe> [“2014 ESMR”].

³¹⁷ Santral elektrik la se yon ris pou polisyon Rivyè Twoudinò a: sa ka redui kalite dlo si gaz ki soti nan santral la tonbe nan anviwonman an osinon si yo pa byen jere epi izole lòt pwodui toksik ki soti nan pak la: USAID EA 2011 p. 49.

³¹⁸ USAID *Environmental Assessment of the USAID/Haiti North Park Power Project* (Jen 2011), p. 48 [“Power Plant ESIA”] <http://bit.ly/2b6USIm>. Zone bwaze sa a ap pèmèt yo pwoteje tèren ki tou pre pak la epi zòn sa ap ede konsève kalite dlo rivyè a epi manje pou bèt ki nan rivyè a.

³¹⁹ 2011 ESMP, p. 25-26.

³²⁰ *Anlè*, p. 26. Akòz PEK la te konstwi nan yon zòn inondab, PEK la epi zòn ki twouve yo pa anba l yo ka indonde nenpòt kilè si galèt yo mele ak dechè solid ki soti nan PEK la ta anvayi zòn sa yo: CIA Update (2015), p. 127.

³²¹ CIA Update (2015), p. 141.

³²² CIA (2012) p. 3.

³²³ HA-L1091 ESS, ¶¶1.3, 3.12-3.13.

³²⁴ *Anlè Gade tou nan ESMR2013*, ¶¶1.9, 3.43-3.45; 2015 ESMR, ¶4.15. Nou panse Konsèy administrasyon BID la te apwouve esepasyon an nan moman HA-L1081 te apwouve (16 Desanm 2013): 2015 ESMR, ¶1.8.

³²⁵ ESMR 2015, ¶1.8. Izin nan te kòmanse fonksyone jou ki te 24 Jiyè 2014, men se apati de 23 Septanm 2015 yo te kòmanse jete dechè yo nan anviwonman an.

³²⁶ *Anlè*, ¶1.8, referans 1.

“ Se pa tout lè w ale nan rivyè w ap ka wè si rivyè a kontamine. Yo chwazi de moman espesifik pou jete dechè nan rivyè a. Yon jou w ka vini epi w wè rivyè parèt klè epi w tounen nan demen dlo a gen move sant epi li tou vèt.”

Renan Carries.

ii. Enpak negatif sou Lanmè Karakòl (Bè a)

BID te rekonèt ris pou gen de enpak negatif sou Bè Karakòl la epi sou bèt k ap viv nan lanmè a, akòz de ajan ki ka polye, ajan chimik epi dlo ki cho anpil ki tonbe nan Bè a.³²⁷ Sa kreye yon ris pou sa kominote a posede kòm resous, ladan yo mangwòn yo, basen sèl yo, epi pwason. Nan Bè Karakòl. Nan Bè Karakòl gen anpil espès ki menase ki ap viv ladan, tankou tòti³²⁸ epi yon resif koralyen vilnerab ki ka afekte ak ogmantasyon metal epi konpoze òganik ki nan dlo ki soti nan PEK la.³²⁹

Ogmantasyon popilasyon tou prè PEK la ka gen enpak sou Bè a tou.³³⁰ Ogmantasyon aktivite lapèch ka “ redui nan kantite pwason ki disponib nan bè a epi afekte zòn kote la pèch konn fèt plis osinon afekte efò k ap fèt pou popilasyon an rekanpe sou de pye l.”³³¹ Kantite mangwòn ka diminye li menm tou akòz gen anpil bwa ki ap koupe nan zòn nan.³³² Jan popilasyon an ap ogmante la, nan pwojeksyon ki te fèt la, yo pa t prevwa l ap anpil konsa, PEK la li menm te finalman pwojte pou l amplwaye preske 37 000 moun,³³³ an Jiyè 2016 te gen 9,266 moun.³³⁴ Sa n sot di la yo mele ak desizyon konpayi a pou l pa bay priyorite a kominote nan travay l ap bay yo, pwojeksyon sa yo montre ris pou popilasyon an ogmante a toujou la.³³⁵

Byenke pwojè PN3B te gen kòm objektif pwoteje resous lanmè ki vilnerab yo, epi ogmante byodivèsite nan Bè Karakòl la, jiska ane 2015, pa t gen okenn politik oswa mezi ki te pran pou pwoteje zòn nan.³³⁶ BID te bay asirans gen de mezi ki ap pran pou pwoteje zòn lanmè a, y ap teste mezi sa yo pandan pak la ap fonksyone nan 5 a 10 ane k ap vini yo.”³³⁷

³²⁷ ESMP 2011, p. 27; CIA Update (2015), pp. 127-128; 2015 ESMR ¶¶1.3, 4.49; HA-1091 ESS, ¶4.4; HA-L1101 ESS, ¶3.9; ESMR2014, ¶¶4.39-4.41.

³²⁸ ESMR 2015 ¶2.8; Nature Conservancy *Baseline Ecological Inventory for Three Bays National Park, Haiti* (Oktob 2016), <http://bit.ly/2ilFibq>.

³²⁹ CIA Update (2015), p. 127-128; *Ecological Inventory for Three Bays National Park*, pp. 86 epi 115.

³³⁰ Anvan PEK la, te gen preyokipasyon parapò a twòp aktivite lapèch ki fèt epi esplwatasyon mangwòn yo nan Bè Karakòl: CIA Update (2015), p. 137. Ogmantasyon popilasyon k ap viv tou pre PEK la ka agrave preyokipasyon sa yo.

³³¹ CIA Update (2015), p. 138.

³³² *Anlè*

³³³ *Gade dokiman* “fich teknik” BID: The IDB and Haiti’s Caracol Industrial Park” (6 Jiyè 2012) <http://bit.ly/2aALWku>.

³³⁴ SONAPI, *Q2 2016 Update - Parc Industriel de Caracol* (20 Jiyè 2016), p. 6, <http://bit.ly/2allhSI>.

³³⁵ ESMR 2015, ¶¶4.25, 4.41, 4.5. Plan pou bay travay a kominote a te ede redui ogmantasyon popilasyon an nan bay moun ki ap viv tou pre pak la travay epi plan sa ofri plis opòtinite travay a moun ki nan kominote a. S&H Global te kanpe aplikasyon politik sa paske li kwè l ap de jou an jou pi difisil pou kontwole ogmantasyon sa.

³³⁶ CIA Update (2015), p. 58. Gen ris pou aktivite lapèch epi koupe bwa ap kontinye ilegalman, malgre efò k ap fèt pou konsève yo: *Anlè*, p. 139.

³³⁷ ESMR 2015 ¶1.3.

iii. Kantite dlo ki disponib anba tè redui epi dlo a polye

BID te rekonèt konstriksyon epi fonksyonman PEK la ka redui kantite dlo, ki disponib nan tè nan zòn nan, alafwa akòz kantite PEK la konsome epi akòz polisyon li pwovoke.³³⁸ Manm kominote a fè nou konnen gen mwens dlo ki disponib anba tè a depi PEK la kòmanse fonksyone epi yon gen preyokipasyon paske pak la konsome twòp dlo etandone rejyon Nò peyi Dayiti se yon zòn ki konn gen anpil sechrès.³³⁹ Pwòp mwayen apwovizyonman dlo PEK li menm, ladan yo pui prensipal li a (ki konekte a sous dlo prensipal ki gen pou rejyon an³⁴⁰), li menm ap sibi polisyon epi kontaminasyon bakteri.³⁴¹

An 2015, BID rapòte PEK la t ap fonksyone san pa gen bon jan sipèvizyon ki fèt epi bon jesyon dlo a, san pa gen yon sistèm apwovizyonman dlo potab epi pa t gen sipèvizyon apwopriye sou jan estraksyon dlo a fèt,³⁴² sa ki ogmante ris pou kantite dlo ki gen nan tè ki nan lantouraj kominote a paske PEK la kontinye ap fonksyone epi kontinye agrandi.

iv. PEK la epi Santral elektrik la polye lè a ak pousyè

Aktivite endistriyel nan PEK la degaje pousyè e petèt de ajan chimik epi vapè l ap degaje.³⁴³ Ogmantasyon popilasyon tou pre PEK la ka koze itilizasyon plis gaz, pousyè epi lòt bagay ki ka polye lè a, sa ki enpak negatif sou sante moun yo.³⁴⁴ De manm nan kominote a di nou ak kantite moun k ap monte desann nan machin sou de wout ki pa asfalte tou pre PEK la ogmante kantite pousyè k ap degaje nan zòn nan.³⁴⁵

Nan Santral elektrik la ki fè pati enfastrikti ki nan lantouraj PEK la, yo itilize gaz ki lou ak dizèl. Malgre santral a ranplase lòt sous polisyon tankou ti delko ki pa gen menm efikasite a,

³³⁸ ESMP 2011, p. 26; CIA Update (2015), pp. 127, 139; 2014 ESMR ¶¶4.13, 4.39 and 4.42; HA-L1101 ESS, ¶¶4.1, 4.4, 4.16; ESIA, p. 67. Nap dlo Massacre la ki travèse fwontyè de peyi yo [“ The Massacre Transboundary Aquifer”(“MTA”), yon nap dlo ki enpòtan anpil pou kominote ki nan rejyon Nò peyi Dayiti, ki pase anba PEK la.. Malgre nou te kwè PEK la t ap gen yon bon sistèm apwovizyonman dlo pou sipòte aktivite anyen okipan pak la, pa t gen okenn enfòmasyon (done) disponib sou kapasite MTA a pou kontinye bay dlo pak la bezwen pou l fonksyone. HA-T1179 la pou, kalite dlo a epi jan koze dlo ap jere nan rejyon Nò peyi Dayiti: HA-L1101 ESS¶¶2.7-2.8, 4.16-4.17.

³³⁹ ActionAid (2015), p. 13: “rezidan yo te plenyen pou twòp dlo ki te kapte pou itilize na pak pandan peryòd sechrès nou te konnen an 2014.” Nan yon entèvyou, Ilna St Jean te rapòte nou gen yon pi ki tou pre a ki te seche epi selon li menm gen mwens dlo nan Rivyè Twoudinò a, sa ki gen enpak negatif sou pwason yo (entèvyou sa te fèt 11 Jiyè 2016 e li disonib pou moun konsilte).

³⁴⁰ Gade nan nòt 338.

³⁴¹ “move jesyon epi tretman dlo sal ki soti nan kay yo, se yon sous pwobab kontaminasyon ki te idantifye” (ESMR 2015, ¶4.8 epi referans 14), ki sinyale swa dezenfesyon oswa kontaminasyon ... a travè twou ki fèt nan tiyo” (ESMR 2014, p. 22). Anplis, stasyon ponpye PEK la te konstwi nan lantouraj pi prensipal la, sa ki vyole nòm entènasyonal yo epi ogmante ris polisyon pou sistèm apwovizyonman dlo PEK la: ESMR, 2014 ¶4.14.

³⁴² ESMR 2015, ¶4.10.

³⁴³ CIA Update (2015), p. 127.

³⁴⁴ *Anlè*, pp. 5, 127, 147-149.

³⁴⁵ Entèvyou ak Dieudonné Florvil, Ilna St Jean and Anne Leroy te fèt 11 Jiyè 2016 (disponib si yon moun vle konsilte yot).

nan kèk sans,³⁴⁶ santral kanmenm degaje de vapè ki ka bay kansè,³⁴⁷ k ap degaje nan lè a e ki ka afekte sante moun.³⁴⁸

v. *Sòl la epi tè yo polye akoz sa k ap soti nan PEK la epi santral elektrik la*

BID te rekonèt posiblite pou tè ki nan lantouraj PEK la kontamine pandan konstriksyon l epi fonksyonman l,³⁴⁹ tankou lè kantite dechè yo pa sispann monte epi move jesyon dechè sa yo nan PEK la epi nan lantouraj li.³⁵⁰ Te gen yon enfrastrikti pwovizwa ki te kreye pou jere dechè solid pandan konstriksyon yon dechaj pèmanan.³⁵¹ Sepandan, enfrastrikti pwovizwa sa te kòmanse deteryore epi dechè yo te kòmanse ap anpile nan lantouraj PEK la.³⁵² Yo te prevwa estrikti pwovizwa sa a t ap plen an 2016.³⁵³ Te gen plan pou redui ris polisyon epi kontaminasyon sòl la, sa t ap fèt ak etablisman sant jesyon dechè solid entegre,³⁵⁴ men sa te yon jan parèt flou pou nou paske nou pa konn si sa ap sifi epi si sa ap fèt a tan pou anpeche pil dechè k ap monte youn sou lòt epi anpeche polisyon.

Pil dechè k ap monte youn sou lòt bay gwo pwoblèm deyò PEK la, petèt se akoz an pati ogmantasyon popilasyon zòn apre pwojè sa fin fèt la.³⁵⁵ Nan ane 2030 yo, si sa rive jan yo prevwa sa pou popilasyon depatman Nòdès la double oswa triple, kantite dechè ki pwodui yo ap soti nan 1 tòn pou rive 1.4 tòn chak ane.³⁵⁶

Anplis de dechè solid yo, PEK la pwodui de dechè danjre Ayiti pa gen enfrastrikti pou trete yo oswa debarase l de yo.³⁵⁷ Dokiman pwojè yo endike gen yon izin ki ta dwe konstwi nan PEK la a la fen ane 2016,³⁵⁸ men nou pa konnen nan ki etap izin sa ye e nou krenn pou pa gen yon bon jesyon dechè sa yo.

USAID te fè remake lòt ris pou sòl la epi polisyon nan tè a parapò a dechè ki soti nan santral elektrik.³⁵⁹

³⁴⁶ CIA Update (2015), p. 127.

³⁴⁷ *Anlè*, pp. 147-148.

³⁴⁸ Power Plant ESIA, p. 85. USAID fè remake “yo te dwe itilize lòt sous enèji kòm altènativ lè yo nan lòt faz agrandisman santral la” pou redui nan preyokipasyon anviwonmantal yo: Power Plant ESIA, p. 85.

³⁴⁹ ESMP 2011, pp. 25-26; CIA Update (2015), p. 127.

³⁵⁰ ESMR 2014, ¶¶4.25-4.26; ESMR 2015, ¶4.17.

³⁵¹ *Anlè*

³⁵² *Id*; entèvyou ak Louis Tirèneand Ilna St Jean te fèt 11 Jiyè 2016 (disponib pou konsiltasyon).

³⁵³ CIA Update (2015), p. 61.

³⁵⁴ *Anlè*

³⁵⁵ *Anlè*, pp. 150-151; ESMR 2015, ¶2.18.

³⁵⁶ CIA Update (2015), p. 150; CIA (2012), p. 28-29.

³⁵⁷ 2015 ESMR, ¶4.18.

³⁵⁸ *Anlè*

³⁵⁹ Power Plant ESIA, p. 47-48. Move jesyon dechè toksik ak gaz ka redui kouvèti vejetal nan lantouraj santral la: 2011 USAID EA p. 48. Siman osinon gravye ki abandone tou pre santral la ka chanje estrikti sòl la epi pote tè a ale nan rivyè: Power Plant ESIA, p. 47.

vi. Move kondisyon travay nan PEK la

BID te rekonèt ris pou gen vyolasyon dwa travayè yo nan PEK la³⁶⁰ e li te remake Sae-A pa respekte kòd travay yo epi bon pratik yo, ladan yo yon konpansasyon ki jis, peye lè siplemantè yo, asirans sante ak sekirite, mank swen pou timoun epi konje matènite pou medam yo.³⁶¹ Women are disproportionately impacted by these violations, as the CIP is currently employing three times more women than men.³⁶²

Yo rapòte nou salè ki bay nan PEK la piti anpil e li pa pèmèt travayè yo satisfè premye bezwen yo.³⁶³ Koutiryèz ki ap travay nan PEK la fè nou konnen gen “ anpil presyon vèbal y ap sibi” nan bouch sipèvizè yo pou mande yo bay gwo kantite travay,³⁶⁴ epi gen yon fanm ansent ki rapòte gen yon sipèvizè ki te menm rive frape l fizikman.³⁶⁵ Agresyon seksyèl (tizonnay) se youn nan ris pou medam k ap travay nan faktori ki fè rad an Ayiti,³⁶⁶ e dapre sa ki di, gen moun nan PEK la ki sibi tip agresyon sa yo.³⁶⁷ Anplis de sa, fason transpò pou ale epi soti nan PEK la pa byen òganize, gen anpil goumen pou rive monte epi anndan moun yo pil sou pil epi chofè yo souvan ap kondi a tout boulin.³⁶⁸ Move òganizasyon sistèm transpò a mete medam yo nan yon sitiyasyon kote sekirite yo menase.³⁶⁹

Pandan òganizasyon ki rele “Better Work Haiti³⁷⁰ (“BWH”) ak Gouvènman ayisyen te kòmanse fè de efò pou pèmèt PEK la amelyore tèt li nan respekte lwa travay yo, dizyèm rapò ankèt BWH te fè a fè konnen yo remake gen anpil ka kote salè minimòm nan pa respekte, asirans sante pou travayè yo, èd premye swen nan ka aksidan, epi jesyon materyo chimik e danjre, epi mete sou pye yon ekip ijans pare pou aji pa respekte.³⁷¹ Byenke BWH te fòme plis pas 150 sipèvizè sou respè lwa travay yo,³⁷² anplwaye yo toujou ap evolye nan de kondisyon travay difisil jiskaske gen yon suivi ki fèt epi pou lwa sa yo aplike san manke yon yota.

³⁶⁰ HA-L1101 ESS, ¶4.9.

³⁶¹ EMSR 2013 p. 15-16, 27; HA-L1101 ESS ¶3.18; HA-L1091 ESS, ¶3.16; 2015 ESMR, ¶4.32. *Gade tou dokiman sa: Worker Rights Consortium Stealing from the Poor: Wage Theft in the Haitian Apparel Industry* (15 Oktob 2013), pp. 6-7, 34 <http://bit.ly/2aTEkAo>.

³⁶² ESMR 2015, ¶4.32.

³⁶³ *Stealing from the Poor*, p. 32.

³⁶⁴ Gender Action CIP, pp. 14, 16.

³⁶⁵ *Anlè*, p. 16.

³⁶⁶ Social Impact Assessment (2012), p. 13; Gender Action CIP, p. 3.

³⁶⁷ Entèvyou nou te fè ak Kominote a (nou pa bay tout detay yo kounya pou evite idantifikasyon/reprezay). Nou pa t fè investigasyon sou rapò sa yo.

³⁶⁸ ESMR 2015 ¶4.26; HA-L1101 ESS, ¶4.31.

³⁶⁹ *Anlè*

³⁷⁰ Better Work Haiti se yon patenarya ant Sosyete finansyèl entènasyonal ak Òganizasyon entènasyonal travay. Òganizasyon sa fè evalyasyon, bay konsèy epi fè fòmasyon pou de konpayi, ladan yo S&H Global.

³⁷¹ ESMR 2015 ¶4.22. Pandan misyon analiz la an 2015, BID te dekouvri pa gen estenktè nan plizyè batiman epi pa stokaj dlo ki rezève pou si ta gen dife”: *Anlè*, ¶4.20.

³⁷² *Anlè*, ¶4.31.

Ilna St Jean gen de (2) manm fanmi l ki ap travay nan PEK la, e li enkyè parapò a kondisyon travay yo: “... *yo travay anpil! Menm si yo vle al pipi yo pa kapab ale nan twalèt. Gen moun ki pa santi yo byen men se lè yo tonbe yo kite yo ale lakay yo ... Mwen gen yon kouzen m ki gen dwèt li ki koupe [li montre twa dwèt ki koupe yo]. Jiska jodi a yo pa ba l okenn kòb ... anpil nan travayè yo malad nan je, nan kè ... souvan yo frape travayè yo. Yo konn pouse yo, frape yo...*”

Gen manm kominote ki pale de preyokipasyon yo genyen parapò a agresyon seksyèl fanm yo ap sibi nan PEK la, pami anpil lòt pwoblèm: “... *Chak jou nou tande moun ap pale de sa, pafwa yo revoke medam yo pou sa*”

vii. Lòt enpak sosyal ogmantasyon popilasyon an genyen

Jan n te deja endike sa, ogmantasyon ki gen kounya ak sa ki gen pou fèt alavni akoz enplantasyon PEK la epi lòt enfrastrikti yo ajoute sou ris ki te deja genyen. Nan lane 2018 yo prevwa gen 18000 moun ki pral travay nan PEK la,³⁷³ epi popilasyon nan zòn Limonad, Karakòl, Twoudinò epi Fòlibetè ka douvle oswa tripe nan ane 2030.³⁷⁴ Ap gen plis moun kounya pou nourri e pou bay sèvis, sa yo ki te deja pa byen òganize oswa twò piti, tankou kantite moun ki pral bezwen dlo potab, swen sante, tretman dlo sal, jesyon dechè solid, sekirite epi kay moun ka peye.³⁷⁵ Si ogmantasyon popilasyon sa a pa byen jere, pral gen krim, kreyasyon bidonvil If this increase in population is not properly managed, we could experience an increase in crime,³⁷⁶ kriz sante piblik,³⁷⁷ epi mezantant nan mitan komonite nou yo.³⁷⁸ Fanm nan kominote yo patikilyèman pi vilnerab a ogmantasyon nenpòt kategori vyolans.³⁷⁹

³⁷³ Anlè, ¶1.4.

³⁷⁴ CIA Update (2015), pp. 150-151. Sèlman 2% travayè te te soti lòt kote ki te vini pou travay konstriksyon yo (Anlè, p. 46), kòm PEK la ap agrandi ka gen lòt travayè ki soti lòt kote ka vin travay nan faktori yo.

³⁷⁵ Anlè, pp. 1, 135; 2015 ESMR ¶¶4.4, 4.41, 4.45; 2014 ESMR, ¶¶4.42, 4.45; HA-L1101 ESS ¶4.9.

³⁷⁶ ESIA, pp. 102-103; Social Impact Assessment (2012), p. 6. Apati mwa Me 2013, te kòmanse gen bidonvil nan lantouraj PEK la: Mitigating the Social Impacts of the Caracol Industrial Park (HA-T1181): Terms of Reference, ¶1.6 <http://bit.ly/2bkTyCS>.

³⁷⁷ Gen ris pou gen pwopagasyon maladi tankou Maladi moun ka pran nan fè bagay, SIDA, kolera, epi maladi moun ka pran nan dlo tankou tifoyid ak epatit: HA-L1076 Environmental and Social Strategy, ¶5.16 [HA-L1076 ESS] ki disponib nan Anèks 3nan HA-L1076 Project Profile; HA-L1101 ESS, ¶4.18). kantite dechè ka ogmante akoz gen plis moun ki vin rete nan zòn nan, sa ki kreye kondisyon pou pwopagasyon maladi atravè rat, sourit, zwazo, oswa ensèk: 2011 ESMP, p. 48.

³⁷⁸ ESMR 2015, ¶¶4.25, 4.41; ESMR 2014, ¶4.42. Nou remake kèk ka kote gen pale anpil, moun ki manifeste paske yo pa gen ase enèji, nan kèk kominote tankou Fòlibète ak Wanament ki vle jwenn nan kouran ki soti nan pak la. Nan yon manifestasyon trajik gen 4 moun ki ta sanble te mouri ladan yo gen timoun epi yon gason ki gen 16 lane: *gade dokiman* Kim Ives la “Nationwide Uprising Gains Strength in Haiti” (Global Research, 3 Desanm 2014) <http://bit.ly/1wecLrH>.

³⁷⁹ ESMR 2015, ¶4.25; ESMP 2011, p. 49; CIA Update (2015), p. 42. Malerezman pwostitisyon, trafik seksyèl, esplwatasyon pwostitisyon ak esplwatasyon pwostitisyon timoun se de pratik ki kouran an Ayiti, pa gen lwa sou pwostitisyon ni lapolis pa bay moun sa yo pwoteksyon: Bureau des Avocats Internationaux and others *Violence against Women, Trafficking, Prostitution, and Exploitation by UN Peacekeepers* (22 Janvyè 2016), <http://bit.ly/1R402Oy>.

Menm si PEK la bay kèk moun travay epi ranfòse enfrastrikti kèk kominote,³⁸⁰ polilasyon nan de vil tankou Limonad, Terye wouj ak Twoudinò fè konnen kantite resous ki disponib e ki te deja piti pa ase kounya pou tout moun ki genyen na vil sa yo.³⁸¹ Vin gen ogmantasyon kantite fatra epi krim nan Terye wouj.³⁸² Jan nou te deja di sa, kou lavi a ogmante globalman nan rejyon an.³⁸³ Yo rapòte nou tou, kalite wout ki gen nan zòn nan ka sipòte kantite epi gwo machin ki ap pase sou yo, sa ki fè gen anpil pousyè epi ogmante nan kantite aksidan ki fèt.³⁸⁴ Resous yo ap vin piti paske PEK la kontinye atire plis moun nan kominote nou yo. BID epi lòt aktè nan pwojè a te dwe rasire yo sèvis piblik yo disponib anvan menm nouvo moun vini nan kominote yo.

B. BID pa t enfòme nou sou ris anviwonmantal ak sosyal yo epi sou fason l ap jere yo

Nou pa t jwenn okenn espikasyon sou ris ak enpak anviwonmantal epi sosyal nou sot pale de yo a ni yo pa t fè sa pou lòt kominote k ap viv nan zòn ki afekte yo. nou pa t resevwa ase enfòmasyon, ni nan yon fòm apwopriye oswa nan lang nou, pou nou ka konprann: kisa ris ak enpak sa yo ye; ki konsekans y ap gen sou nou jodi a epi nan tan k ap vini yo; epi kijan yo rive jere yo. Nan ka sa, nou kwè se yon echèk pou BID paske li te dwe rasire l gen bon jan konsiltasyon ak kominote a pou pale yo de ris ak enpak yo epi di kijan l ap jere yo.

Jan nou te deja di sa, Politik BID sou pwoteksyon anviwonman mande pou gen de konsiltasyon regilye ki fèt ak kominote a pou bay yo enfòmasyon pandan pwosesis evalyasyon anviwonman an.³⁸⁵ Operasyon ki nan Kategori “A” yo mand pou gen konsiltasyon omwen 2 fwa pandan pwojè a monte, pandan faz ankèt sou anviwonman an oswa verifikasyon preliminè, epi pandan revizyon rapò ankèt yo. Rapò ESIA dwe prepare an menm tan ak ESMP a epi pibliye anvan misyon analiz BID la vini. Pou fasilite konsiltasyon yo, kominote ki afekte yo dwe jwenn enfòmasyon nan lang yo, nan yon fòm yo ka konprann konsa yo ka fè kòmantè epi bay opinyon sou jan yo ta renmen entèvansyon yo fèt. Pandan faz egzekisyon yo, yo dwe kontinye resevwa enfòmasyon sou mezi ki ap pran pou redui ris anviwonmantal ak sosyal pwojè a pote nan vi yo.³⁸⁶

Jan n te deja disa nan seksyon III.B.vii a, jeneralman pa t gen bon jan konsiltasyon ki te fèt ak kominote, sou ris anviwonmantal ak enpak sosyal pwojè a, sa ki se yon vyolasyon Politik Pwoteksyon (Safeguards Policy), ¶¶4.19 ak 4.20:

- Pa t gen bon jan konsiltasyon sou kontni oswa rezilta ki te nan ESIA a, osinon sou pwopozisyon (ESMP) ki te fèt yo, anvan tou de dokiman sa yo te finalize e anvan Konsèy administrasyon BID la apwouve pwojè a. Sèl rankont ki mansyone nan ESIA a te fèt 27 Janvyè 2011, sepandan sa te konsène enpak relokalizasyon an.³⁸⁷ Te gen lòt rankont ki te fè sou enpak relokalizasyon an an Jen 2011, men dapre sa nou

³⁸⁰ CIA Update (2015), pp. 75-78.

³⁸¹ *Anlè*, pp. 76-78.

³⁸² *Anlè*, p. 77.

³⁸³ *Gade* Tablo 2 a epi lòt diskisyon ki te genyen apre yo; epi seksyon III.B.ix.

³⁸⁴ Entèvyou ak Dieudonné Florvil, Ilna St Jean ak Louis Tirène te fèt 11 Jiyè 2016 (disponib).

³⁸⁵ Safeguards Policy, ¶¶4.19 ak 4.20.

³⁸⁶ *Anlè*, ¶4.20.

³⁸⁷ *Gade* rezilta ki soti nan rankont sa ki rezime nan ESIA, Anèks 2, pp. 8-9. Gen lòt rankont ki te fèt ak otorite lokal ak nasyonal yo ak biznismann yo, men nou pa konsidere sa yo kòm konsiltasyon ak kominote a.

konnen yo pa t diskite sou enpak anviwonmantal ak sosyal global yo.³⁸⁸ Sèl rankont ki mansyone nan dokiman BID yo ki gen rapò espesifik ak ESIA epi ESMP a te fè 15 Septanm 2011,³⁸⁹ aprè rankont ki te fèt jis anvan sa ak otorite lokal ak nasyonal yo.

- Menm BID te admèt rapò ESIA li menm li te enkonplè, e evantyèlman yo te oblije fè lòt ankèt ankò,³⁹⁰ sa ki te fè yo te oblije fè mizajou nan ESMP a.³⁹¹ Sepandan, nou pa okouran de okenn lòt rankont ki te fèt sou rezilta etid sa yo ni sou devlopman yon nouvo plan jesyon.³⁹²
- A okenn moman dokiman prensipal oswa enfòmasyon sou pwojè (nan yon fòm apwopriye epi lang viktim yo) te disponib pou viktim yo konsilte. Pa t gen okenn dokiman ki konsène pwojè a ki te an Kreyòl, sauf akò konpansasyon nou te siyen an 2013 yo. Yo pa t fè enfòmasyon sou ESIA a sikile nan yon fòm apwopriye etandone ba nivo alfabetizasyon viktim yo konsa yo te ka kòmante yo.³⁹³ Gwo rankont ki te fèt ak kominote yo te fèt ant mwa Septanm e Desanm 2011 pa t fasilite *bon jan* angajman kominote afekte a.
- Nou pa okouran de okenn rankont ki te fèt pou fasilite medam yo bay opinyon yo, yon kategori ki ap viv yon fason ki diferan enpak ris anviwonmantal ak sosyal yo.

Finalman, nou santi yo pa t konsilte nou nan fason yo te dwe fè sa paske pi lwen te gen lòt prè te apwouve epi sikonstans yo te chanje, sa ki te yon vyolasyon egzijans konsiltasyon yo paske yo te dwe aplike nan ka lòt prè ki te vin bay aprè yo. Paregzanp te gen mizajou ki te fèt nan Ankèt sou Enpak global yo an 2015. Moun ki te fè rapò sa yo te konsilte reprezantan pwojè yo ak yon “gwoup ki te reprezante otorite minisipal yo”, men yo pa t konsilte manm kominote afekte yo direktman.³⁹⁴ Etandone pwojè a souvan pa respekte egzijans BID fè sou sou enpak anviwonmantal ak sosyal yo, de vyolasyon BID li menm te admèt,³⁹⁵ te dwe gen bon jan dialòg ki fèt ak kominote afekte a sou ankèt anviwonmantal yo, plan epi rapò ki fèt sou jesyon anviwonmantal ak sosyal yo, epi plan entèvansyon ki te prevwa pou rezoud pwoblèm ki te gen rapò a respè nòm pwoteksyon yo,³⁹⁶ ki te devlope pou lòt prè ki te gen pou bay yo.

Byenke se ajans k ap prete kòb la ki responsab pou fè ESIA ak ESMP a, li dwe soumèt dokiman sa yo bay pou li revize yo anvan li apwouve pwojè a. BID dwe rasire l nòm li yo respekte epi li dwe pran an kont kalite dokiman ki soumèt yo nan pwosesis apwobasyon pwojè a.³⁹⁷ Nan ka sa, BID pa t rasire l nòm sa yo respekte, nan sikonstans kote pa t gen mank bon jan konsiltasyon, sa ki se yon vyolasyon Politik pwoteksyon li a. (Safeguards Policy), ¶¶4.19 ak 4.20.

³⁸⁸ RAP (2011), Anèks 2, p. 129.

³⁸⁹ Lis prensipal Konsiltan BID yo. *Gade* referans 286 piwo a. Gen lòt rankont ki te fèt nan mwa Desanm 2011.

³⁹⁰ Ladan yo Ankèt sou Enpak sosyal yo (Fevriye 2012), etid sou jesyon dechè solid e danjre yo (Mar. 2012), Etid sou enpak global yo [Cumulative Impact Studies (Dawout 2012), the rapid ecological baseline (Oktob 2013), rapò ki rele Temporary Sewage Treatment System Environmental Assessment (Janvyè 2014); pami lòt etid.

³⁹¹ Ladan yo rapò ESMP 2012 la epi plan jesyon dlo sal yo [waste water management plan (Desanm 2014)].

³⁹² Pandan rapò CIA (2012) fè konnen gen fokis gwoup ki te òganize kote ta gen de manm nan kominote ki afekte yo ki ta patisipe, nou pa okouran de okenn gwo rankont ki te fèt sou rezilta ki nan rapò sa ni sou chanjman ki fèt aprè nan ESMP a: gade nan lis prensipal konsiltan BID yo ki nan referans 286; CIA (2012), p. 9.

³⁹³ Pou plis detay, gade nan seksyon III.B.vii.

³⁹⁴ CIA Update (2015), pp. 6-7.

³⁹⁵ *Gade* nan seksyon II.

³⁹⁶ Safeguards Policy, ¶4.29.

³⁹⁷ *Anlè*, ¶4.19.

Aprè erè BID yo, yo pa t ban nou bon jan opòtinite pou nou konnen enpak PEK la gen kounya a epi enpak potansyèl sou kominote a, osinon pou nou pwopoze solisyon pou jesyon ris ak enpak yo.

C. Kisa kolektif la ki fèt nan pwosesis la

Accordingly, Kolektif la mande yon nouvo, bon jan pwosesis konsiltasyon, kote y ap esplike ris ak enpak anviwonmantal ak sosyal yo epi fasilite kominote afekte yo pou yo bay dizon yo sou fason yo dwe jere yo. Yo dwe konsevwa pwosesis sa pou asire yo kominote a byen konprann pwoblèm konplike sa yo, nan òganize de rankont espesifik ak de gwoup ki pa gen anpil moun pou fasilite konsiltasyon epi patisipasyon de gwoup enpòtan nan kominote nou yo, ladan yo medam yo ak pechè yo, eksetera.

V. Tantativ nou te fè pou rezoud pwoblèm sa yo te echwe

Nou menm ak patnè nou yo³⁹⁸ te eseye angaje nou bò kote BID ak UTE pou rezoud pwoblèm sa yo. Nou te espere pote kolaborasyon nou nan evalyasyon sityasyon sosyo-ekonomik nou epi nan yon lòt tan re-evalye epi rekonsevwa plan konpansasyon yo. Byenke nan yon premye tan reyaksyon BID ak UTE te parèt pozitif men depi lè sa se yon pakèt reta n ap konstate, angajman ki pa kenbe, epi nan kèk ka, yo refize angaje yo.³⁹⁹

Kolektif la te fòme an Avril 2014. Men depi anvan epi apre dat sa,⁴⁰⁰ òganizasyon patnè nou yo te konn kominike ak UTE nan non kominote nou yo (nan tèk kole ak manm Kolektif la kounya) sou tout yon seri de pwoblèm ki konsène delokalizasyon an epi pwosesis relokalizasyon an.

Kolektif la te kòmanse pran kontak dirèk ak Direktè UTE a, Mikael de Landsheer epi Direktè BID an Ayiti, Gilles Damais, nan yon lèt ki pote dat 3 Avril 2016(li te ale 15 Avril 2016) kote 225 viktim ki delokalize te siyen. Nan premye lèt sa nou te mande enfòmasyon detaye sou pwosesis relokalizasyon an ak konpansasyon an yo,⁴⁰¹ epi nou te pwopoze pou gen yon rankont ki pou te fèt 29 Avril. San repons, Direktè Action Aid Haiti (AAH), Yolette Etienne te tante jwenn direktè BID ak UTE ant 22-29 April atravè yon seri tèks mesaj ak imèl. BID ak UTE te finalman reponn lèt la nan dat 28 April e yo te dakò pou rankontre nou jou ki te 5 ME 2016.

Pou kòmanse, rakont yo te sable ap byen dewoule.⁴⁰² Menmsi BID ak UTE pa t ka bay repons detaye a sa nou te mande nan rankont lan, yo te pran angajman pou yo plis detay nan dat 13 Me 2016. Pi lwen, BID te di te li ta pral fè yon evalyasyon sityasyon sosyo-ekonomik nou epi fè konklizyon li nan fen ane a. BID te di ki ap gen lòt konsiltasyon ak Kolektif la pandan

³⁹⁸ Gade Anèks 1.

³⁹⁹ Gen yon kalandriye detaye de ansanm lèt ki atache nan Anèks 12.

⁴⁰⁰ Ant 2013 e 2015.

⁴⁰¹ Nan lèt nou an nou te mande enfòmasyon sou jan konpansasyon an te kalkile, kantite fanmi afekte ki genye, sou opsyon “tè pou tè a”, epi sou fason yo te chwazi lidè natirèl yo pou reprezante fanmi ki viktim yo.

⁴⁰² Gade nan Anèks 4, nan kont randi rankont yo; epi nan Anèks 5, nan yon Aide Memoire BID ak UTE te fè pase aprè rankont lan. Menm si sa pa parèt nan Anèks 5 lan, BID te konfime pandan rankont ki te fèt an Me a plan konpansasyon an te fèt nan mache prese epi li te di te gen pwoblèm nan pwosesis seleksyon lidè natirèl yo, epi okenn konsiderasyon pa t fèt sou pwoblèm sèks epi reta nan franchi kèk etap.

evalyasyon an epi yon nouvo faz konpansasyon ak reyabilitasyon ka lanse tou depan de rezilta evalyasyon an.⁴⁰³

Sepandan BID ak UTE pa t rive respekte pwòp angajman yo te pran. Yo te pwomèt nou y ap bay enfòmasyon nan dat 13 Me, men delè sa te pase yo pa t di nou anyen. Direktè AAH, te voye plizyè imèl ankò epi mesaj tèks bay direktè UTE ak BID pou l mande yo respekte angajman yo te pran pou bay de repons detaye a kesyon nou yo. Se jis twa semenn apre delè a, epi 8 semenn aprè premye lèt nou te voye a, UTE te ekri Kolektif la ansanm ak kèk dokiman pou kore repons yo bay yo. Sepandan gen anpil bagay ki pa kòrèk nan repons yo,⁴⁰⁴ e se te de repons enkonplè: yo pa bay detay sou jan yo pral konsidere bezwen espesifik medam yo; yo pa t bay yon lis ki gen non tout fanmi viktim yo epi ki kantite kòb ki te bay kòm konpansasyon,⁴⁰⁵ pa t gen esplikasyon ki te bay sou rezon lis viktim yo te chanje; okenn detay sou jann yo te chwazi lidè natirèl yo; epi preske okenn detay sou rezon yo te deside pa itilize opsyon “tè pou tè a”.

Depi lè nou fin resevwa move repons sa, nou te kontakte BID ak UTE plizyè fwa, men an ven. 29 Jen 2016, nou te voye yon lèt bay BID ak UTE pou n esplike yo preyokipasyon espesifik nou te genyen, nan lèt sa nou mande plis enfòmasyon sou evalyasyon sosyo-ekonomik ki te pwopoze pou fèt la e nou te pwopoze yon rankont pou 8 Jiyè. Yon lèt fwa ankò, nou pa resevwa repons jiskaske Direktè AAH voye lèt tèks mesaj ak imèl pou fè suivi bò kote direksyon BID ak UTE. Nan dat 6 Jiyè, UTE ak BID te di yo p ap ka vin nan rankont lan, paske yo ap kontinye fè evalyasyon an. BID ak UTE pa t ban nou okazyon pou n rankontre avèk yo jiskaske yo finalize konklisyon evalyasyon an.

Toudenyeman, nou te ekri yon lèt bay UTE ak BID nan dat 10 Jiyè 2016 pou fè suivi (lèt la te ale 13 Jiyè). Nan lèt sa yo, nou te esprime preyokipasyon nou sou mank konsiltasyon ak patisipasyon viktim yo nan pwosesis evalyasyon an. Nou te preyokipe paske BID ak UTE riske repete menm erè ki te fèt nan pwosesis verifikasyon yo epi konsiltasyon yo. An patikilye n ap site:

- Lè pa gen angajman ki pran pou gen bon jan konsiltasyon ak kominote a epi pèmèt yo patisipe nan konsepsyon epi reyalizasyon evalyasyon yo, evalyasyon an gen ris pou li pran an kont vrè sitiyasyon moun ki delokalize yo; epi
- Akoz pa gen yon delè ki pwopoze, sa ka fè gen plis tan ki pase anvan pwosesis konpansasyon ak reyabilitasyon yo kòmanse pou retabli mwayen pou moun ki delokalize yo rejwenn revni yo te gen anvan.

Poutèt sa, nou te mande anvan evalyasyon an kòmanse pou BID ak UTE:

- Rankontre avèk nou pou diskite sou evalyasyon ki te pwopoze pou fèt la;

⁴⁰³ *Gade* Anèks 4, rapò rankont yo.

⁴⁰⁴ Paregzanm, nan repons yo bay la yo di yo te konsidere tout fanm ki chè fanmi yo kòm vilnerab, yon deklarasyon ki pa kòrèk: *Gade nan* seksyon III.B.iv pi wo a.

⁴⁰⁵ Nan Dokiman sipò yo te sèlman gen yon lis pasyè 367 fanmi viktim epi lis tout pèman ki te fèt yo, san yo pa di kiyès ki te resevwa kòb sa yo e pou kisa: Anèks13, UTE *Liste des personnes compensées définitivement (compensation monétaire) + montants définitifs payés.*

- Depi an avans, se pou li te ban nou yon kopi tèm referans evalyasyon yo epi se pou yo pran angajman pou yo di nou y ap pran kòmantè nou fè sou tèm referans sa yo an konsiderasyon;
- Angaje yo pou enplike Kolektif la pandan pwosesis evalyasyon an, sa vle di pèmèt kominote a patisipe nan revizyon epi kòmante nenpòt vesyon rekòmandasyon ki fèt, pandan ap gen yon kalandriye angajman ki klè; epi
- Gen angajman ki pran pou rasire yo evalyasyon an pran an ankòt ankèt Kolektif la fè sou sitwayen yo (entèvyou an pwonfondè, epi lòt rechèch ankò).

Nou te resevwa yon reponsa nan men UTE nan dat 26 Jiyè 2016. Malgre nan respons la UTE te rasire nou ap gen patisipasyon nou nan pwosesis evalyasyon an, men li pa t bay detay sou delè konsiltasyon ak viktim yo oswa Kolektif la ap fèt; nan lèt sa nou pa t resevwa repons a prensipal preyokipasyon nou te esprime yo oswa demann nou te fè yo; li te senpleman di y ap panche sou tout preyokipasyon nou yo “nan yon fòm oubyen yon lòt”. Anplis de sa, nan lèt sa, UTE pou l moke l de nou, fè konprann se pa viktim yo ki te siyen lèt la men se de òganizasyon nan sosyete sivil la, sa ki montre se pwoblèm yo vle kreye.”⁴⁰⁶

Byenke nan dat 2 septanm, nou te re manifeste volonte nou pou nou travay nan yon atmosfè konstruktif ak BID epi UTE, etandone sou ton UTE te pale nan lèt li te voye ban nou 26 Jiyè, nou pa fin gen konfyans y ap pran an kont preyokipasyon nou yo fwa sa. Nou pa gen okenn prèv evalyasyon ki te pwomèt la kòmansè fèt.

Sepandan, nou rete optimis ka gen yon dyalòg konstruktif ant Kolektif la, reprezantan l yo, BID ak UTE.⁴⁰⁷ Etandone move esperyans nou genyen ak UTE epi BID nan sa ki konsènan konsiltasyon ak viktim yo sou de desizyon ki afekte lavi yo, nou mande sipò MICI pou l lanse faz konsiltasyon an pou pèmèt kad kote de angajman estriktire kapab pran. San yon kolaborasyon MICI pou etabli kad sa pou dyalòg sa, nou krenn pou BID ak UTE pa kontinye rejte epi inyore preyokipasyon nou ak sas nou panse. Si dyalòg la pa posib, osinon pa rive rezoud pwoblèm yo, nou mande pou plent rive nan faz Verifikasyon Konfòmite a nòm yo.

Silvoulè pa ezite kontakte nou epi reprezantan nou yo pou nenpòt kesyon nou ta genyen parapò a plent sa, w ap jwenn kontak nou ki mansyone nan Anèks 1 an. Nou espere jwenn repons ou konsènan pwoblèm sa ki gen anpil enpòtans pou nou.

Mesi,

⁴⁰⁶ Se te Kolektif la ki te siyen lèt 10 Jiyè a, Kolektif la reprezante preske 225 viktim epi fanmi viktim. UTE te deja pran angajman bò kote òganizasyon patnè nou yo e li okouran de bon kolaborasyon yo genyen avèk nou.

⁴⁰⁷ Nou espere Sae-A, prensipal konpayi (envestisè potansyèl nan pak la) k ap esplwate PEK la patisipe nan dyalòg la tou.

Pou
Kolektif Pèyizan Viktim tè chabè

Donatè: Pèvi Jocelyn

Prospero ZORY
secreteur

Pou: APV
Menard Wilson
secreteur

Pou
Tèt Kole Teyizan Ayisyen
Founey Charles

Pou
Action Pour la Reconstitution et la Defense de l'Envi-
ronnement (AREWÈS)

Coord. Milos
Coord. Milos

